



Kode Mapel : 748GD000

MODUL GURU PEMBELAJAR BAHASA SUNDA SMA/SMK KELOMPOK KOMPETENSI D

PEDAGOGIK:

Kurikulum 2013 dina Pangajaran Basa Sunda

PROFESIONAL:

Wanda Teks, Kaparigelan Basa, jeung Dongeng

Penulis

1. Dr. Hj. Ai Sofiyanti, M.Pd.; 081322038181; ai.sofiyanti@yahoo.co.id
2. Darpan, M.Pd.; 081214591759; darpan0405@gmail.com

Penelaah

Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum.;

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yyanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Copyright @ 2016

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan
Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Guru dan Tenaga
Kependidikan

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan
komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan



KATA SAMBUTAN

Peran Guru Profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian pemerintah pusat maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui program Guru Pembelajar merupakan upaya peningkatan kompetensi untuk semua guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui uji kompetensi guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Hasil UKG menunjukkan peta kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG melalui program Guru Pembelajar. Tujuannya untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Guru Pembelajar dilaksanakan melalui pola tatap muka, daring (online), dan campuran (blended) tatap muka dengan online.

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK), dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul untuk program Guru Pembelajar tatap muka dan Guru Pembelajar daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Guru Pembelajar memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan program Guru Pembelajar ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya

Jakarta, Februari 2016

Direktur Jenderal
Guru dan Tenaga Kependidikan



Sumarna Surapranata, Ph.D
NIP. 195908011985032001



KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Guru Pembelajar jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Guru Pembelajar Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Kurikulum Guru Pembelajar Bahasa Sunda ini dirancang berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Guru Pembelajar Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.



Bandung, Februari 2016

Kepala,

Drs. Sam Yhon, M.M.

NIP. 195812061980031003





DAPTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR	v
DAPTAR EUSI	vii
DAPTAR GAMBAR	x
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan.....	2
C. Peta Kompeténsi.....	4
D. Cara Ngagunakeun Modul	6
KOMPETENSI PEDAGOGIK :	7
KURIKULUM 2013 DINA PANGAJARAN BASA SUNDA	7
KAGIATAN DIAJAR 1 RASIONAL MEKARKEUN KURIKULUM 2013	9
A. Tujuan.....	9
B. Indikator Pencapaian Kompeténsi.....	9
C. Pedaran Matéri.....	9
D. Kagiatan Pangajaran	17
E. Latihan/Kasus/Pancén	17
F. Tingkesan	17
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	18
KAGIATAN DIAJAR 2 SKL, KI, KD, JEUNG IPK BASA SUNDA	19
A. Tujuan.....	19
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	19
C. Pedaran Matéri.....	19
D. Kagiatan Pangajaran	26
E. Latihan/Kasus/Pancén	27
F. Tingkesan	27
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	28
KAGIATAN DIAJAR 3 NYUSUN RPP BASA SUNDA	29
A. Tujuan.....	29
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	29
C. Pedaran Matéri.....	29
D. Kagiatan Pangajaran	49

E. Latihan/Pancén	49
F. Tingkesan	49
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	50
KEGIATAN DIAJAR 4	53
PRAKTÉK NGAJAR BASA SUNDA NU LUYU JEUNG STANDAR KAAMANAN	53
A. Tujuan.....	53
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	53
C. Pedaran Matéri.....	53
1 59	
D. Kagiatan Diajar.....	62
E. Latihan/Pancén	63
F. Tingkesan	63
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	64
KOMPETENSI PROFESIONAL :	65
WANDA TEKS, KAPARIGELAN BASA, JEUNG DONGENG.....	65
KAGIATAN DIAJAR 5 TEKS ANÉKDOT BASA SUNDA.....	67
A. Tujuan.....	67
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	67
C. Pedaran Matéri.....	67
D. Kagiatan Diajar.....	75
E. Latihan/Pancén	75
F. Tingkesan	76
G. Uji Balik jeung Unduring Laku	76
KAGIATAN DIAJAR 6	79
TÉKS PROSÉDUR KOMPLÉKS.....	79
A. Tujuan.....	79
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	79
C. Pedaran Matéri.....	79
D. Kagiatan Diajar.....	86
E. Latihan/Pancén	86
F. Tingkesan	87
G. Uji Balik jeung Unduring Laku	88
KAGIATAN DIAJAR 7 KAPARIGELAN BASA SUNDA	89

A. Tujuan	89
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	89
C. Pedaran Bahan.....	89
D. Kagiatan Diajar.....	109
E. Latihan/tugas.....	109
F. Tingkesan	110
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	111
KAGIATAN DIAJAR 8 WANGUN JEUNG UNSUR INTRINSIK DONGÉNG	113
A. Tujuan.....	113
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	113
C. Pedaran Matéri.....	113
D. Kagiatan Diajar.....	121
E. Latihan/Pancén	122
F. Tingkesan	123
G. Uji Balik jeung Unduring Laku	124
KONCI JAWABAN	125
ÉVALUASI	134
PANUTUP	142
DAFTAR PUSTAKA.....	143
GLOSARIUM.....	145

DAPTAR GAMBAR

Gambar 1. 1 Peta Kompetensi	4
Gambar 1. 2 Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013	11
Gambar 1. 3 Élemén Parobahan Kurikulum 2013	13
Gambar 2. 1 Rumusan Kompetensi Inti.....	22
Gambar 2. 2 Kompetensi Dasar	23
Gambar 3. 1 Rencana Pelaksanaan Pembelajaran.....	32
Gambar 4. 1 Saran Prakték Pangajaran sacara Umum.....	61
Gambar 5. 1 Struktur Téks Anékdot	72
Gambar 5. 2 Rupa-rupa Kecap Rajékan.....	73
Gambar 6. 1 Struktur Téks Prosédur Kompléks	85
Gambar 6. 2 Tujuan jeung Léngkah-léngkah.....	87
Gambar 8. 1 Ciri-ciri Carita Dongéng	115



DAPTAR TABÉL

Tabel 2. 1 Kompetensi Lulusan SD/MI/SDLB/Pakét A.....	20
Tabel 2. 2 Kompetensi Lulusan SMP/MTs/SMPLB/Paket B	21
Tabel 2. 3 Kompetensi Lulusan SMA/MA/SMK/MAK/SMALB/Pakét C.....	21
Tabel 2. 4 Kata Kerja Operasional Ranah Kognitif	25
Tabel 2. 5 Kata Kerja Operasional Ranah Afektif	26
Tabel 2. 6 Kata Kerja Operasional Ranah Psikomotorik	26
Tabel 5. 1 Struktur Abstraksi, Oriéntasi, Krisis, Réaksi, Koda.....	72



BUBUKA

A. Kasang Tukang

Profési guru jeung tenaga kependidikan sawadina diajénan sarta dimekarkeun salaku profési anu mibanda martabat sakumaha amanat Undang-Undang Nomor 14 Tahun 2015 ngeunaan Guru jeung Dosen. Sabab, guru jeung tenaga kependidikan téh tanaga profésional anu mibanda fungsi, peran, sarta kalungguhananu kacida pentingna dina ngahontal visi pendidikan 2025, nyaéta “*Menciptakan Insan Indonesia Cerdas dan Kompetitif*”.

Program Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda dilaksanakeun ku PPPPTK TK PLB. Program Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda mikabutuh modul pikeun salah sahiji sumber diajar pamilon diklat. Modul basa Sunda winangun bahan ajar dirancang sangkan pamilon diklat mampuh diajar sacara mandiri.

Modul *Program Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda Kelompok Kompetensi*

D téh ngawengku 8 matéri pokok, wincikanana:

Matéri 1 : Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013

Matéri 2 : SKL, KI, KD, IPK Basa Sunda

Matéri 3 : Nyusun RPP Basa Sunda

Matéri 4 : Prakték Ngajar Basa Sunda nu Luyu jeung Standar Kaamanan

Matéri 5 : Téks Anékdote

Matéri 6 : Teks Prosedur Kompléks

Matéri 7 : Kaparigelan Basa Sunda

Matéri 8 : Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng

B. Tujuan

Tujuan anu baris dihorizontal dina ieu matéri *Modul Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda Kelompok Kompetensi D*, diébréhkeun dina Kompetensi Inti (KI) jeung Standar Kompetensi Guru (SKG), jeung Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK).

Kompeténsi Inti (KI)

3. Mengembangkan kurikulum yang terkait dengan mata pelajaran yang diampu.
4. Menyelenggarakan pembelajaran yang mendidik.
20. Menguasai materi, struktur, konsep, dan pola pikir keilmuan yang mendukung mata pelajaran yang diampu.


Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 3.1 Memahami prinsip-prinsip pengembangan kurikulum.
- 3.2 Menentukan tujuan pembelajaran yang diampu
- 3.3 Mengembangkan indikator dan instrumen penilaian.
- 4.1 Memahami prinsip prinsip perancangan pembelajaran yang mendidik.
- 4.2 Mengembangkan komponen-komponen rancangan pembelajaran.
- 4.3 Menyusun rancangan pembelajaran yang lengkap, baik untuk kegiatan di dalam kelas, laboratorium, maupun lapangan.
- 4.4 Melaksanakan pembelajaran yang mendidik di kelas, di laboratorium, dan di lapangan dengan memperhatikan standar keamanan yang dipersyaratkan.
- 20.4 Memiliki keterampilan berbahasa Sunda (menyimak, berbicara, membaca, dan menulis).
- 20.5 Memahami teori dan genre sastra Sunda.
- 20.7 Mampu mengapresiasi karya sastra Sunda secara reseptif dan produktif

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

- 3.1.1 Menjelaskan prinsip pengembangan kurikulum.
- 3.2.1 Merumuskan tujuan pembelajaran bahasa Sunda berdasarkan KD.
- 3.6.1 Membuat indikator sesuai KD dalam pembelajaran bahasa Sunda.
- 4.1.1 Mengidentifikasi prinsip-prinsip penyusunan.
- 4.2.1 Mengidentifikasi komponen-komponen RPP pembelajaran bahasa Sunda.RPP pembelajaran bahasa Sunda.
- 4.3.1 Menentukan urutan kegiatan inti dalam pembelajaran bahasa Sunda dengan lengkap.
- 4.4.1 Menentukan pelaksanaan pembelajaran bahasa Sunda yang memperhatikan standar keamanan.
- 20.4.1 Memiliki keterampilan berbahasa Sunda (menyimak, berbicara, membaca, dan menulis).
- 20.4.13 Menemukan struktur dan kaidah teks anekdot.
- 20.4.14 Menemukan struktur dan kaidah teks prosedural kompleks.
- 20.6.1 Mengidentifikasi bentuk dan jenis dongeng.
- 20.6.2 Menemukan unsur-unsur intrinsik dongeng.
- 20.7.10 Memeragakan teknik mendongeng yang baik.

C. Peta Kompetensi



Gambar 1. 1 Peta Kompetensi

Ambahan Matéri

Ieu di handap ambahan bahan Program Diklat Guru Pembelajaran Basa Sunda Kelompok Kompetensi D

Matéri Pédagogik

Materi 1: Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013, ngawengku: (1) Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013; (2) *Penyempurnaan* pola pikir Kurikulum 2013, (3) *Penguatan* tata kelola Kurikulum 2013, (4) *Penguatan* matéri dina Kurikulum 2013, (5) Karakteristik Kurikulum 2013, (6) Élemén Parobahan Kurikulum 2013, jeung (7) Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal Basa Daérah Sunda

Materi 2: SKL, KI, KD, IPK Basa Sunda, ngawengku: (1) Standar Kompetensi Lulusan (SKL), (2) Kompetensi Inti (KI), (3) Kompetensi Dasar (KD), jeung (4) Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

Matéri 3: Nyusun RPP Basa Sunda, ngawengku: (1) Hakékat RPP, (2) Prinsip-prinsip mekarkeun RPP, (3) Komponén RPP, (4) Léngkah-léngkah nyusun RPP, (5) Conto RPP mata pelajaran basa Sunda

Matéri 4: Prakték Ngajar Basa Sunda nu Luyu jeung Standar Kaamanan, ngawengku, (1) Sarana Prasarana Prakték Pangajaran anu Luyu jeung Standar Kaamanan, (2) Ngaidéntifikasi Prinsip-prinsip Prakték Ngajar, (3) Ngajéntrékeun Tahapan Prakték Ngajar, jeung (4) Prakték Ngajar Basa Sunda.

Matéri Profésional

Matéri 5: Téks Anékdot, ngawengku: (1) Wangenan Téks Anékdot, (2) Ciri Téks Anékdot, (3) Struktur Téks Anékdot, (4) Unsur Kabasaan dina Téks Anékdot, jeung (5) Ngalarapkeun Konsép Téks Anékdot pikeun Bahan Pangajaran.

Matéri 6: Struktur jeung Kaédah Téks Prosédur Kompléks, ngawengku:
(1) Wangenan Téks Prosédur Kompléks, (2) Ciri Téks Prosédur Kompléks, (3) Struktur Téks Prosédur Kompléks, (4) Unsur Kabasaan dina Téks Prosédur Kompléks, jeung (5) Ngalarapkeun Konsép Téks Téks Prosédur Kompléks pikeun Bahan Pangajaran.

Materi 7: Kaparigelan Basa, ngawengku: (1) Opat Aspé Kaparigelan Basa, (2) Tahap diajar Kaparigelan Basa, (3) Kaparigelan Ngaregepkeun, (4) Kaparigelan Maca, (5) Kaparigelan Nulis, jeung (6) Kaparigelan Nyarita

Matéri 8: Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng, ngawengku: (1) Ciri-ciri Wangun Carita Dongéng, (2) Papasingan Dongéng, (3) Unsur Intrinsik Carita Dongéng, jeung (4) Conto Cara Ngalarapkeun Konsép Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng pikeun Bahan Pangajaran di Sakola.

D. Cara Ngagunakeun Modul

Aya sawatara hal nu perlu dititénan dina ngulik ieu modul. *Kahiji*, Sadérék kudu yakin yén ieu modul téh aya mangpaatna keur Sadérék. *Kadua*, Sadérék kudu narékahan sangkan meunang informasi tina modul nu dibaca. *Katilu*, Sadérék kudu niténan jeung migawé tiap latihan nu dipidangkeun dina tiap ahir jejer pedaran. Titénan jeung lampahkeun sakur bagian kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catétan husus tina unggal bahan nu dipidangkeun. Ulah poho pigawé sakur latihan jeung évaluasi dina tiap bagian modul.

Dina maca, nengétan, jeung ngulik bahan-bahan nu aya dina ieu modul Sadérék dipiharep pikeun maca jeung ngulik sacara sistematis tur taliti. Lamun manggihan bangbaluh dina nyangkem bahan jeung ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna atawa nanya ka fasilitator

KOMPETENSI PEDAGOGIK :

**KURIKULUM 2013 DINA PANGAJARAN
BASA SUNDA**

KAGIATAN DIAJAR 1

RASIONAL MEKARKEUN KURIKULUM 2013

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 1 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus maca matéri, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun rasional pengembangan Kurikulum 2013 kalawan bener.
2. Sanggeus maca matéri, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun penyempurnaan pola pikir Kurikulum 2013 kalawan jelas.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampuh ngaidéntifikasi karakteristik Kurikulum 2013 sacara jelas.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampuh ngaidéntifikasi élemén parobahan Kurikulum 2013 kalawan jelas.
5. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun Kurikulum 2013 mata pelajaran muatan lokal basa daérah Sunda kalawan jéntré.

B. Indikator Pencapaian Kompetensi

Indikator pencapaian kompetensi kagiatan diajar 1 ngawengku ieu di handap.

1. Ngajéntrékeun rasional mekarkeun Kurikulum 2013.
2. Ngajéntrékeun penyempurnaan pola pikir Kurikulum 2013..
3. Ngaidéntifikasi karakteristik Kurikulum 2013.
4. Ngaidéntifikasi élemén parobahan Kurikulum 2013.
5. Ngajéntrékeun Kurikulum 2013 mata pelajaran muatan lokal basa daérah Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013

Undang-Undang Nomer 20 taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nétélakeun yén kurikulum nyaéta rarancang jeung aturan ngeunaan tujuan, eusi, sarta bahan pangajaran sarta cara anu digunakeun pikeun padoman lumangsungna kagiatan pangajaran keur ngahontal tujuan pendidikan anu tangtu.


Dumasar kana wangenan di luhur, aya dua diménsi kurikulum. *Kahiji* nyaéta rarancang jeung aturan ngeunaan tujuan, eusi, jeung bahan pangajaran. *Kadua*, cara anu digunakeun pikeun kagiatan pangajaran.

Kurikulum 2013 mimiti dilarapkeun taun ajaran 2013/2014 pikeun nedunan dua diménsi di luhur. Kurikulum 2013 dimekarkeun dumasar kana ayana pangabutuh internal jeung éksternal. Ieu dua faktor téh baris dipedar di handap.

a. Pangabutuh Internal

Pangabutuh internal raket patalina jeung kaayaan kondisi pendidikan utamana patali jeung pamederih atikan anu museur kana dalapan Standar Nasional Pendidikan nu ngawengku: Standar Isi, Standar Prosés, Standar Kompetensi Lulusan, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pengelolaan, Standar Pembiayaan, sarta Standar Penilaian Pendidikan. Pangabutuh internal raket patalina jeung mekarna jumlah penduduk Indonésia hususna tina tumuwuhna penduduk umur produktif.

Danget ayeuna jumlah penduduk Indonésia umur produktif (15-64 taun) leuwih loba batan umur anu teu produktif (0-14 taun jeung kolot umur 65 ka luhur). Jumlah umur produktif bakal nepi kana puncakna dina taun 2020-2035, nu angkana nepi ka 70%. Ku kituna, masalah gedé anu disanghareupan téh nyaéta kumaha carana narékahan sangkan sumberdaya manusa umur produktif anu loba téh bisa ditransformasikeun nepi ka jadi sumber daya manusa anu mibanda kompetensi jeung kaparigelan ngaliwatan atikan, sarta henteu ngabeungbeuratan nagara.



Gambar 1. 2 Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013

b. Pangabutuh Éksternal

Pangabutuhéksternal raket patalina jeung arus globalisasi sarta rupa-rupa isu ngeunaan masalah lingkungan hidup, kamajuan téhnologi jeung informasi, nguliatna industri kréatif jeung budaya, sarta mekarna atikan di tingkat internasional. Arus globalisasi baris ngagésér pola hirup masarakat tina agraris jeung perniagaan tradisional kana masarakat industri jeung perdagangan modérn saperti *World Trade Organiéation (WTO)*, *Association of Southeast Asian Nations (ASEAN) Community*, *Asia-Pacific Economic Cooperation (APEC)*, jeung *ASEAN Free Trade Area (AFTA)*.

Pangabutuh éksternal raket patalina jeung ngagésérna ékonomi dunya, pangaruh tina héabna teknosains jeung mutu, invéstasi, sarta trasformasi dina widang atikan. Indonesia ilubiung dina studi *International Trends in International Mathematics and Science Study (TIMSS)* jeung *Program for International Student Assessment (PISA)* ti taun 1999. Préstasisiswa Indonésia dina sababaraha kali laporan anu dikaluarkeun TIMSS jeung PISA teu pati alus. Ieu hal dibalukarkeun lantaran lobana matéri uji dina TIMSS jeung PISA teu aya dina kurikulum Indonésia.

2. Penyampurnaan Pola Pikir Kurikulum 2013

Kurikulum 2013 dimekarkeun dumasar kana *penyampurnaan* pola pikir ieu di handap.

- a. *Penguatan* pola diajar-ngajar nu museur ka siswa. Siswa kudu miboga kabébasan pikeun milih matéri jeung gaya diajar (*learning style*) sangkan miboga kompeténsi anu sarua.
- b. *Penguatan* pola diajar-ngajar interaktif, boh antara siswa jeung siswa, siswa jeung guru, siswa jeung média, boh siswa jeung sumber lingkungan.
- c. *Penguatan* pola diajar-ngajar sacara *jejaring* (siswa nyuprih élmu ti saha waé jeung di mana waé ngaliwatan internét).
- d. *Penguatan* diajar-ngajar aktif néangan (diajar-ngajar siswa aktif anu diwewegan ku pamarekan saintifik).
- e. *Penguatan* pola diajar mandiri jeung kelompok dumasar kana *team work*.
- f. *Penguatan* diajar-ngajar berbasis multimédia.
- g. *Penguatan* pola diajar-ngajar dumasar klasikal-masal bari tetep niténan mekarna poténsi siswa.
- h. *Penguatan* pola diajar-ngajar ilmu pangaweruh jamak (*multidisciplines*)
- i. *Penguatan* pola diajar-ngajar kritis.

3. Karakteristik Kurikulum 2013


Kurikulum 2013 dirancang dumasar kana karakteristik ieu di handap.

- a. Mekarkeun saimbangna antara sikep spiritual jeung sosial, pangaweruh, jeung kaparigelan, sarta ngalarapkeunana di sakola jeung di masarakat.
- b. Mérénahkeun sakola minangka bagian tina masarakat, sangkan siswa mampuh ngalarapkeun materi di sakola dina kahirupan masarakat.
- c. Mérélolongkrang anu laluasa pikeun mekarkeun rupa-rupa sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan.
- d. Mekarkeun kompeténsi anu diébréhkeun dina wangun Kompetensi Inti (KI) kelas tur diwincik deui kana Kompetensi Dasar (KD).
- e. Mekarkeun Kompetensi Inti (KI) kelas jadi unsur pengorganisasian (*organicing elements*) KD.

- f. Mekarkeun KD dumasar kana prinsip kumulatif, silih wewegan (*reinforced*), jeung ngabeungharan (*enriched*) antarmata pelajaran.

4. Élemén Parobahan Kurikulum 2013

Standar Nasional Pendidikan ngawengku: Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, Standar Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pembiayaan, Standar Penilaian Pendidikan (UU No. 32 Tahun 2013 ngeunaan Sisdiknas). Dina raraga mekarkeun Kurikulum 2013, tina dalapan Standar Nasional Pendidikan sakumaha anu kaunggel dina UU Sisdiknas, opat standar anu robah nyaéta: Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Standar Isi (SI), Standar Proses, jeung Standar Penilaian. Ilikan gambarna.



Gambar 1. 3 Élemén Parobahan Kurikulum 2013

a. SKL Kurikulum 2013

SKL téh nyaéta kritéria kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan. SKL digunakeun pikeun acuan utama Standar Isi (SI), Standar Proses, Standar Penilaian Pendidikan, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pengelolaan, jeung Standar Pembiayaan. SKL téh kritéria kualifikasi kamampuh siswa anu dipiharep, tur bisa dihontal sabada ngaréngsékeun.

b. Standar Isi Kurikulum 2013

Standar Isi ngawengku Kljeung KD. Si nyaéta kritéria ngeunaan ambahan matéri jeung tingkat kompetensi pikeun ngahontal kompetensi lulusan dina jenjang jeung jenis pendidikan anu tangtu. Si ngawengku KI jeung KD.

c. Standar Prosés Kurikulum 2013

Standar Proses patali jeung prosés diajar-ngajar. Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik atawa pamarekan berbasis prosés kaélmuan. Pamarekan saintifik bisa ngagunakeun sababaraha stratégi saperti pangajaran kontekstual. Modél pangajaran téh hiji wangun pangajaran anu miboga ngaran, ciri, sintak, aturan, jeung budaya, saperti: *discovery learning*, *project-based learning*, *problem-based learning*, *inquiry learning*. Kurikulum 2013 ngagunakeun modus pangajaran langsung (*direct instructional*) jeung teu langsung (*indirect instructional*).

d. Standar Penilaian Kurikulum 2013

Standar Penilaian méré sarat ngagunakeun penilaian autentik (*authentic assesment*). Sacara paradigmatik, penilaian autentik merlukeun pangajaran autentik (*authentic instruction*) jeung diajar autentik (*authentic learning*).

SKL K-13 téh nyaéta kritéria kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan. Standar Isi K-13 ngawengku Kljeung KD, nyaéta kritéria ngeunaan ambahan matéri jeung tingkat kompetensi pikeun ngahontal kompetensi lulusan. Standar Prosés K-13, patali jeung prosés diajar ngajar. ngagunakeun pamarekan saintifik jeung *discovery learning*, *project-based learning*, *problem-based learning*, *inquiry learning*, ngagunakeun modus pangajaran langsung (*direct instructional*) jeung teu langsung (*indirect instructional*). Standar Penilaian K-13 méré sarat ngagunakeun penilaian autentik (*authentic assesment*)

5. Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal Basa Daérah Sunda

Mata pelajaran Muatan Lokal Basa jeung Sastra Daérah téh nyaéta mata pelajaran pikeun mekarkeun kompetensi anu diluyukeun jeung ciri mandiri, poténsi, jeung kaunggulan daérah. Subtansi muatan lokal ditangtukeun ku satuan pendidikan ngaliwatan pamaréntah daérah, dina ieu hal Provinsi Jawa Barat ngaliwatan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.

Kawenangan pamaréntah daérah pikeun mekarkeun basa daérah diwewegan ku UU nomer 24 taun 2009 ngeunaan *Bendera, Bahasa, dan Lambang Negara serta Lagu Kebangsaan*. Pasal 42 ayat (1) jeung ayat (2) éta UU nétélakeun:

- a. *Pemerintah daerah wajib mengembangkan, membina, dan melindungi bahasa dan sastra daerah agar tetap memenuhi kedudukan dan fungsinya dalam kehidupan bermasyarakat sesuai dengan perkembangan agar tetap menjadi bagian dari kekayaan budaya Indonesia.*
- b. *Pengembangan, pembinaan, dan perlindungan sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dilakukan secara bertahap, sistematis, dan berkelanjutan oleh pemerintah daerah di bawah koordinasi lembaga kebahasaan.*

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat ngaluarkeun Surat Keputusan No. 423/2372.Set-Disdik tanggal 26 Maret 2013 ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Daerah pada Jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA).

Sajalan jeung kaluarna Kurikulum 2013 aya tilu rupa kurikulum, nyaéta Kurikulum Tingkat nasional, Kurikulum Tingkat Daérah, jeung Kurikulum Tingkat Sakola. Kurikulum Tingkat Nasional disusun jeung dilarapkeun sacara nasional. Kurikulum Daérah disusun jeung dilarapkeun di daérah dumasar kana Kurikulum Tingkat Nasional luyu jeung kawijakan daérah

masing-masing. Kurikulum Tingkat Sakola disusun jeung dilarapkeun di unggal-unggal jenjang sakola.

Dina raraga nedunan Kurikulum Tingkat Daérah, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat netepkeun KI jeung KD mata pelajaran bahasa jeung sastra daérah. Salian ti diluyukeun jeung dumasar kana Kurikulum Tingkat Nasional 2013, KI jeung KD mata pelajaran basa jeung sastra daérah dumasar kana Surat Édaran Kepala Dinas Provinsi Jawa Barat nomor 423/2372/Set-Disdik tanggal 26 Maret 2013 ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Daerah pada Jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA.

Di sagigireun éta, KI jeung KD mata pelajaran basa jeung sastra daérah dumasar kana Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daérah, anu netepkeun basa daérah kudu diajarkan dijenjang pendidikan dasar jeung menengah di Jawa Barat. Ieu kawijakan luyu jeung jiwa UU No. 22/1999 ngeunaan Pemerintah Daérah jeung UU No. 20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional, anu sumberna tina UUD 1945 anu raket patalina jeung Pendidikan dan Kebudayaan.

Hal ieu ogé luyu jeung Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomer 19 Taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab III Pasal 7 Ayat 3—8. Eusina nétélakeun yén SD/MI/SDLB, SMP/MTs./ SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK dibérépangajaran muatan lokal anu relevan jeung rékomendasi UNESCO taun 1999 ngeunaan "*pemeliharaan bahasa-bahasa ibu di dunia*". Di Jawa Barat basa Sunda, basa Cirebon, jeung basa Melayu Betawimibanda kalungguhan salaku basa daérah. Basa daérah Sunda mangrupa basa indung pikeun masarakat Jawa Barat. Lian ti éta basa daérah Sunda jadi basa panganteur kagiatan diajar ngajar di kelas awal SD/MI.

Dina pangajaran basa daérah Sunda diwanohkeun kaarifan lokal minangka landasan étnopédagogis. Basa daérah Sunda jadi salah sahiji kabeungharan dina kebhineka-tunggalikaan basa jeung budaya Nusantara, turbaris jadi landasan pikeun pendidikan karakter jeung moral bangsa.

D. Kegiatan Pengajaran

Paripolah atawa kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013*
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator upama aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 1.

E. Latihan/Kasus/Pancén

1. Tuliskeun rasional mekarkeun Kurikulum 2013 ditilik tina faktor internal!
2. Jéntrékeun penyempurnaan pola pikir Kurikulum 2013!
3. Tuliskeun penguatan tata kelola kurikulum 2013!
4. Jéntrékeun penguatan materi dina Kurikulum 2013!
5. Tuliskeun opat élemén parobahan Kurikulum 2013!

F. Tingkesan

Kurikulum 2013 dimekarkeun dumasar kana ayana Pangabutuh internal jeung éksternal. Kurikulum 2013 dimekarkeun dumasar kana *penyempurnaan* pola pikir *penguatan* : (1) pola diajar-ngajarnu museur ka siswa. Siswa kudu miboga kabébasan pikeun milih matéri jeung gaya diajar (*learning style*) sangkan mibanda kompetensi anu sarua, (2) pola diajar-ngajar interaktif, boh antara siswa jeung siswa, siswa jeung guru, siswa jeung média, atawa siswa jeung sumber lingkungan, (3) pola diajar-ngajar sacara jejaring (siswa nyuprih élmu ti saha waé jeungdi mana waé ngaliwatan internét, (4) diajar-ngajar aktif néangan (diajar-ngajar siswa aktif anu diwewegan ku pamarekan saintifik), (5) pola diajar mandiri jeung kelompok dumasar kana *tim work*, (6) diajar-ngajar berbasis multimédia, (7) pola diajar-ngajar dumasar klasikal-masal anu tetep niténan mekarna poténsi siswa.

Penguatan matéri dina Kurikulum 2013 dipilampah ku cara ngurangan jumlah matéri anu teu luyu, sarta ngajeroan jeung ngalegaan matéri anu luyu pikeun siswa. Karakteristik Kurikulum 2013 di antarana baé: (1) mekarkeun saimbangna antara sikep spiritual jeung sosial, pangaweruh, jeung kaparigelan, sarta ngalarapkeunana dina rupa-rupa situasi di sakola jeung di masarakat, (2) méréngkeun sakola minangka bagian tina masarakat anu méré pangalaman diajar sangkan siswa mampuh ngalarapkeun materi pangajaran anu dicuprih di sakola dina kahirupan masarakat.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu bener, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh Sadérék nyangkem materi ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

- 90 - 100% = alus pisan
- 80 - 89% = alus
- 70 - 79 = cukup
- 69 = kurang

Lamun kamampuh Sadérék ngahontal 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 2. Tapi, lamun kamampuh Sadérék kurang ti 80%, pék malikan ngaderes deui matéri dina Kagiatan Diajar 1, pangpangna matéri nu tacan kacangke.

KAGIATAN DIAJAR 2

SKL, KI, KD, JEUNG IPK BASA SUNDA

A. Tujuan

Ieu di handap tujuan kagiatan diajar 2.

1. Sanggeus maca modul pamilon diklat mampu ngajéntrékeun wangenan SKL kalawan bener.
2. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi ambahan SKL kalawan taliti.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi KI kalawan taliti.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu méré conto KD basa Sunda kalawan bener.
5. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun wangenan IPK kalawan jelas.
6. Sanggeus latihan, pamilon diklat mampu méré conto IPK basa Sunda kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Ieu di handap indikator kahontalna Kompeténsi kagiatan diajar 2.

1. Ngajéntrékeun wangenan SKL.
2. Ngaidéntifikasi ambahan SKL.
3. Ngaidéntifikasi KI.
4. Méré conto KD basa Sunda.
5. Ngajéntrékeun wangenan IPK.
6. Méré conto IPK basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Standar Kompeténsi Lulusan (SKL)

a. Wangenan jeung Tujuan SKL

Numutkeun Permendikbud no 54 taun 2013, SKL Kurikulum 2013 nyaéta kritéria ngeunaan kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigela. SKL digunakeun

pikeun acuan utama Standar Isi (SI), Standar Proses, Standar Penilaian Pendidikan, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pengelolaan, dan Standar Pembiayaan. SKL téh kritéria kualifikasi kamampuh siswa anu dipiharep tur bisa dihontal sanggeus ngaréngsékeun dina jangka waktu diajar di satuan pendidikan dina jenjang pendidikan dasar jeung pendidikan menengah.

SKL mangrupa salah sahiji tina dalapan Standar Nasional Pendidikan. Ieu téh luyu jeung Pasal 35 Ayat (1) Undang-Undang Nomer 20 taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional.

Numutkeun Permendikbud No. 54 taun 2013, tujuan SKL téh pikeun digunakeun keur acuan utama mekarkeun: Standar Isi, Standar Proses, Standar Penilaian, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana jeung Prasarana, Standar Pengelolaan, sarta Standar Pembiayaan.

b. Kompetensi Lulusan Satuan Pendidikan SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, jeung SMK/MAK

Standar Kompetensi Lulusan (SKL) pikeun jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, jeung SMK/MAK aya dina Permendikbud Nomer 54 taun 2013 ngeunaan Standar Kompetensi Lulusan Pendidikan Dasar jeung Menengah. Leuwih écésna bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabel 2. 1 Kompetensi Lulusan SD/MI/SDLB/Pakét A

Dimensi	Kompeténsi Lulusan
Sikap	Memiliki perilaku yang mencerminkan sikap orang beriman, berakhlak mulia, percaya diri, dan bertanggung jawab dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam di sekitar rumah, sekolah, dan tempat bermain.
Pengétahuan	Memiliki pengétahuan faktual dan konseptual dalam ilmu pengétahuan, teknologi, seni, dan budaya dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian di lingkungan rumah,

	sekolah, dan tempat bermain.
Keterampilan	Memiliki kemampuan pikir dan tindak yang efektif dan kreatif dalam ranah abstrak dan konkret sesuai dengan yang ditugaskan kepadanya.

Tabel 2. 2 Kompetensi Lulusan SMP/MTs/SMPLB/Paket B

SMP/MTs/SMPLB/Paket B	
Dimensi	Kualifikasi Kemampuan
<i>Sikap</i>	<i>Memiliki perilaku yang mencerminkan sikap orang beriman, berahlak mulia, berilmu, percaya diri, dan bertanggung jawab dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan social dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.</i>
<i>Pengétahuan</i>	<i>Memiliki pengétahuan factual, konseptual, dan procedural dalam ilmu pengétahuan, teknologi, seni, dan budaya dengan wawasan kemanumuran, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian yang tampak mata.</i>
<i>Kerampilan</i>	<i>Memiliki kemampuan piker dan tindak yang efektif dan kreatif dalam ranah abstrak dan konkret sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain sejenis.</i>

Tabel 2. 3 Kompetensi Lulusan SMA/MA/SMK/MAK/SMALB/Pakét C

SMA/MA/SMK/MAK/SMALB/Paket C	
Dimensi	Kualifikasi Kemampuan
<i>Sikap</i>	<i>Memiliki periklaku yang mencerminkan sikap orang beriman, berahlak mulia, berilmu, percaya diri, dan bertanggung jawab dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan social dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia.</i>
<i>Pengétahuan</i>	<i>Memiliki pengétahuan factual, konseptual, procedural, dan métakognitif dalam ilmu pengétahuan, teknologi, seni, dan budaya dengan wawasan kemanumuran, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab serta dampak fenomena dan kejadian.</i>
<i>Keterampilan</i>	<i>Memiliki kemampuan pikir dan tindak yang efektif dan kreatif dalam ranah abstrak dan konkret sebagai pengembangan diri</i>

	<i>yang dipelajari di sekolah secara mandiri.</i>
--	---

2. Kompetensi Inti (KI)

Kompeténsi Inti (KI) téh tingkat kamampuh pikeun ngudag SKL anu kudu dipimilik ku siswa SD/MI, SMP/MTs., SMA/MA, jeung SMK/MAK dina hiji tingkat atikan. KI dirancang pikeun unggal kelas. Ngaliwatan KI, sinkronisasi horizontal rupa-rupa KD antarmata pelajaran dina kelas anu sarua bisa dijaga. Salian ti éta, sinkronisasi vertikal KD dina mata pelajaran anu sarua dina kelas anu beda ogébisa dijaga.

Rumusan Kompetensi Inti ngagunakeun notasi ieu di handap.

- a. Kompetensi Inti (KI-1) pikeun Kompetensi Inti sikep spiritual.
- b. Kompetensi inti (KI-2) pikeun Kompetensi inti sikep sosial.
- c. Kompetensi Inti (KI-3) pikeun Kompetensi Inti pengetahuan.
- d. Kompetensi Inti (KI-4) pikeun Kompetensi Inti keterampilan.

Gambar 2.1 Rumusan Kompetensi Inti

Kompeténsi Inti mata pelajaran basa jeung sastra Sunda sarua jeung mata pelajaran anu séjénna mangrupa kualifikasi kamampuh minimal siswa anu ngagambarkeun kakawasaan pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep positif kana basa jeung sastra daerah Sunda.

Kompeténsi Inti jadi dadasar pikeun siswa nyangkem jeung ngaréspon situasi lokal, régional, jeung nasional. Sacara subtansial aya opat kompetensi anu sajalan jeung ngawujudkeun kualitas insan anu unggul, nyaéta: (1) sikep kaagamaan (*beriman dan bertakwa kepada Tuhan Yang Maha Esa*) keur ngawujudkeun manusa nupengkuh agamana (*spiritual quotient*), (2) sikap kamasarakatan (*berakhlak mulia*) pikeun ngawujudkeun manusa nu jembar budayana (*emotionalquotient*), (3) Nyangkem pangaweruh, téknologi, jeung seni (*berilmu dan cakap*) keur ngawujudkeun manusa nu luhung élmunu (*intellectualquotient*), sarta (4)

mibanda kaparigelan (*kreatif dan mandiri*) pikeun ngawujudkeun manusa nu rancagé gawéna (*actional quotient*).

Tinimbangan di luhur téh mawa konsékwensi kana pungsi mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, salaku: (1) sarana ngabina sosial budaya régional Jawa Barat, (2) sarana ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina raraga ngamumulé jeung mekarkeun budaya, (3) sarana ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep pikeun ngahontal jeung mekarkeun iemu pangaweruh, téknologi, jeung seni, (4) sarana ngabakukeun jeung nyebarkeun digunakeunana basa Sunda pikeun rupa-rupa kaperluan, (5) sarana mekarkeun nalar, sarta (6) sarana maham rupa-rupa budaya daérah (Sunda).

3. Kompetensi Dasar (KD)

Kompeténsi Dasar (KD) dirumuskeun pikeun ngahontal Kompetensi Inti (KI). Rumusan KD dimekarkeun ku cara niténan karakteristik jeung kamampuh siswa. KD ngawengku opat kelompok luyu jeung kelompok KI, saperti ieu di handap.

- a. Kelompok 1: kelompok KD sikap spiritual dina raraga ngadadarkeun KI-1.
- b. Kelompok 2: kelompok KD sikap sosil dina raraga ngadadarkeun KI-2.
- c. Kelompok 3: kelompok KD pangaweruh dina raraga ngadadarkeun KI-3.
- d. Kelompok 4: kelompok KD kaparigelan dina raraga ngadadarkeun KI-4

Gambar 2.2 Kompetensi Dasar

Déskripsi anu lengkep ngeunaan KI KD mata pelajaran basa Sunda di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, jeung SMK/MAK aya dina Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomer 69 taun 2013 ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan sastra Daerah pada jenjang Satuan

Pendidikan Dasar dan Menengah, saperti ieu di handap. Nomor KI jeung KD diluyukeun jeung nomor KI jeung KD dina Permendikbud No. 57 Tahun 2014 tentang Kurikulum 2013 Sekolah Dasar/Madrasah Ibtidaiyah, Permendikbud No. 58 Tahun 2014 tentang Kurikulum 2013 Sekolah Menengah Pertama/ Madrasah Tsanawiyah, Permendikbud No. 59 Tahun 2014 tentang Kurikulum 2013 Sekolah Menengah Atas/Madrasah Aliyah, jeung Permendikbud No. 60 Tahun 2014 tentang Kurikulum 2013 Sekolah Menengah Kejuruan/Madrasah Aliyah Kejuruan.

4. Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

a. Wangenan IPK

Numutkeun Permendikbud no. 103 taun 2014 ngeunaan Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah, Indikator Kahontalna Kompetensi (IPK) nyaéta: a) paripolah anu bisa diukur jeung/atawa diobservasi pikeun kompetensi dasar (KD) dina Kompetensi Inti (KI)-3 jeung KI-4; jeung b) paripolah anu bisa diobservasi pikeun nedunan KD dina KI-1 jeung KI-2, anu jadi acuan panilaian mata pelajaran.

Dina mekarkeun indikator perlu niténan jeung nimbang-nimbang hal ieu di handap.

- 1) Pameredih kompetensi anu bisa ditingal tina kecap pagawéan anu digunakeun dina KD.
- 2) Karakteristik mata pelajaran, siswa, jeung sakola.
- 3) Poténsi jeung pangabutuh siswa, masarakat, jeung lingkungan daérah.

Dina mekarkeun pangajaran jeung penilaian, aya dua rumusan indikator:

- 1) Indikator Pencapaian Kompetensi anu biasa aya dina RPP.
- 2) Indikator penilaian anu digunakeun dina nyusun kisi-kisi jeung nulis soal anu biasa disebut indikator soal.

Ngarumuskeun indikator dina Kurikulum 2013, indikator pikeun KD anu diturunkeun tina KI-1 jeung KI-2 dirumuskeun dina wangun paripolah umum (generik) anu eusina ngeunaan ajén jeung sikep anu galagatna bisa ditengétan mangrupa dampak pengiring (nuturant effect) sarta mangrupa pangajaran teu langsung (*indirect learning*) tina KD KI-3 jeung KI-4. Indikator pikeun KD anu diturunkeun tina KI-3 jeung KI-4 dirumuskeun dina wangun paripolah anu spésifik tur bisa ditengétan jeung diukur, sarta mangrupa pangajaran langsung (*direct learning*).

a. Mékanisme Mekarkeun Indikator

Mekarkeun indikator kudu ngaakomodasi kompetensi anu aya dina KD. Indikator dirumuskeun dina wangun kalimah anu ngagunakeun kata kerja operasional (KKO). Rumusan indikator sakurang-kurangna ngawengku dua hal, nyaéta: tingkat kompetensi jeung matéri anu jadi media pencapaian kompetensi. Dina pangajaran kiwari, geus diwanohkeun Taksonomi Bloomnu direvisi. Conto KKO anu bisa dipake dina nuliskeun indikator aya dina tabel ieu di handap.

Tabel 2. 4 Kata Kerja Operasional Ranah Kognitif

Mengingat	Memahami	Menerapkan	Menganalisis	Mengevaluasi	Mengkreasi
<i>mengenal mengingat kembali membaca menyebutkan mengurutkan menjelaskan mengidentifikasi menamai menempatkan mengulangi menuliskan</i>	<i>menafsirkan meringkas mengklasifikasi membandingkan menjelaskan menjabarkan menghubungkan mengeneralisasi</i>	<i>Melaksanakan Menggunakan menjalankan melakukan mempraktikan memilih menyusun memulai menyelesaikan mendeteksi mentabulasi menghitung</i>	<i>menguraikan membandingkan mengorganisir menyusun ulang mengubah struktur mengkerangka menyusun outline mengintegrasikan membedakan menyamakan</i>	<i>memutuskan memilih mengkritik menilai menguji membenarkan menyalahkan mérékomendasikan</i>	<i>merancang membangun mérencanaan memproduksi menemukan membaharui menyempurnakan memperkuat memperindah menggubah mengkonstruksi</i>

Tabel 2. 5 Kata Kerja Operasional Ranah Afektif

Menerima	Méréspon	Menghargai	Mengorganisasi kan	Karakterisasi Berdasarkan Nilai-nilai
<i>mengikuti menganut mematuhi meminati</i>	<i>mengompromikan menyenangi menyambut mendukung menyetujui menampilkan melaporkan memilih mengatakan memilah</i>	<i>mengasumsikan meyakini meyakinkan memperjelas memprakarsai mengimani menekankan menyumbang</i>	<i>mengubah menata mengklasifikasikan menggabungkan mempertahankan membangun membentuk pendapat memadukan mengelola menegosiasi</i>	<i>membiasakan mengubah perilaku berakhlak mulia mempengaruhi mengkualifikasi melayani membuktikan memecahkan</i>

Tabel 2. 6 Kata Kerja Operasional Ranah Psikomotorik

Meniru	Manipulasi	Presisi	Artikulasi	Naturalisasi
<i>Menyalin Mengikuti Méréplikasi Mengulangi Mematuhi</i>	<i>Kembali membuat Membangun Melakukan, Melaksanakan, Menerapkan</i>	<i>Menunjukkan Melengkapi Menunjukkan, Menyempurnakan Mengkalibrasi Mengendalikan</i>	<i>Membangun Mengatasi Menggabungkan Koordinat, Mengintegrasikan Beradaptasi Mengembangkan Merumuskan, Memodifikasi</i>	<i>Mendesain Menentukan Mengelola Menciptakan</i>

D. Kegiatan Pangajaran

Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *SKL, KI, KD, jeung IPK Basa Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.

6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 2.

E. Latihan/Kasus/Pancén

Jieun conto Indikator Pencapaian Kompetensi tina KD ieu di handap!

1. Mensyukuri anugrah Tuhan Yang Maha Esa akan keberadaan basa Sunda dan menggunakan sesuai kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana komunikasi melalui wawancara, cerita pantun, artikel, memandu acara, terjemahan, dan drama.
2. Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, peduli, santun dan proaktif dalam menggunakan bahasa Sunda untuk mengapresiasi wawacan dan cerita pantun.
3. Mengidentifikasi dan menganalisis teks wawacan berdasarkan kaidah budaya secara lisan dan tulisan.
4. Menanggapi dan mengonversi teks wawacan sesuai dengan kaidah budaya.

F. Tingkesan

Numutkeun Permendikbud nomer 54 taun 2013, SKL Kurikulum 2013 nyaéta kritéria ngeunaan kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan. SKL digunakeun pikeun acuan utama Standar Isi (SI), Standar Proses, Standar Penilaian Pendidikan, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pengelolaan, dan Standar Pembiayaan. SKL téh kritéria kualifikasi kamampuh siswa anu dipiharep tur bisa dihontal sanggeus ngaréngsékeun jangka waktu diajarna di satuan pendidikan dina jenjang Pendidikan Dasar jeung Pendidikan Menengah.

Numutkeun Permendikbud No. 54 taun 2013, tujuan SKL nyaéta digunakeun pikeun acuan utama mekarkeun standar isi, standar proses, standar penilaian pendidikan, standar pendidik dan tenaga kependidikan, standar sarana jeung prasarana, standar pengelolaan, jeung standar pembiayaan. Kompetensi Inti (KI) mangrupa tingkat kamampuh pikeun ngudag SKL anu kudu dipibanda ku siswa SD/MI, SMP/MTs. SMA/MA, jeung SMK/MAK dina

hiji tingkat atikan. KI dirancang pikeun unggal kelas. Ngaliwatan KI, sinkronisasi horizontal rupa-rupa KD antarmata pelajaran dina kelas anu sarua bisa dijaga.

Kompeténsi Dasar (KD) dirumuskeun pikeun ngahontal Kompetensi Inti (KI). Rumusan KD dimekarkeun ku cara niténan karakteristik jeung kamampuh siswa. KD ngawengku opat kelompok luyu jeung kelompok KI.

Kompeténsi Dasar (KD) dirumuskeun pikeun ngahontal Kompetensi Inti (KI). Rumusan KD dimekarkeun ku cara niténan karakteristik jeung kamampuh siswa. KD ngawengku opat kelompok luyu jeung kelompok KI.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu bener, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun kamampuh Sadérék ngahontal 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kegiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahapan pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék malikan ngaderes deui matéri dina Kegiatan Diajar 2, pangpangna matéri nu tacan dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 3

NYUSUN RPP BASA SUNDA

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 3 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun hakékat RPP kalawan tétéla.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi prinsip-prinsip mekarkeun RPP kalawan taliti.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi komponén RPP kalawan taliti.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi léngkah-léngkah nyusun RPP kalawan tétéla.
5. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu nyieun conto RPP mata pelajaran basa Sunda kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi kagiatan diajar 3 ngawengku ieu di handap.

1. Ngajéntrékeun hakékat RPP.
2. Ngaidéntifikasi prinsip-prinsip mekarkeun RPP.
3. Ngaidéntifikasi komponén RPP.
4. Ngaidéntifikasi léngkah-léngkah nyusun RPP.
5. Nyieun conto RPP mata pelajaran basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)

Numutkeun Permendikbud no. 103 taun 2014 ngeunaan *Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah*, RPP nyaétararancang pangajaran anu dimekarkeun sarta museur kana silabus. RPP téh rarancang pangajaran anu dimekarkeun sacara wincik

museur kana silabus, buku téks, jeung buku tuturus guru. RPP ngawengku: a) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran jeung kelas/seméster; b) alokasi waktu; c) KI, KD, Indikator Pencapaian Kompetensi; d) matéri pangajaran; e) kagiatan pangajaran; f) *penilaian*; jeung g) média/alat, bahan, sarta sumber diajar.

Dumasar Pedoman Pembelajaran Tematik Terpadu Lampiran III Permen nomor 57 Tahun 2014 (2014: 241) RPP téh rarancang kagiatan pangajaran *tatap muka* pikeun hiji lawungan (sapoé). RPP dimekarkeun tina silabus tur niténan buku siswa jeung buku tuturus guru anu geus diadiakeun ku Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan.

Unggap-unggal guru wajib nyusun RPP bari lengkep tur sistematis sangkan pangajaran lumangsung sacara interaktif, inspiratif, gumbira, *menantang*, éfesién, ngamotivasi siswa pikeun aktif, sarta méré tempat anu cukup pikeun prakarsa, kréativitas, sarta mandiri luyu jeung bakat, minat, kaayaan fisik sarta psikologis siswa. RPP disusun dumasar KD atawa subtéma anu dilaksanakeun dina hiji lawungan atawa leuwih.

2. Prinsip-Prinsip Mekarkeun RPP

Prinsip-prinsip nyusun RPP dumasar Lampiran Permendikbud Nomor 103 Tahun 2014: 7-8 nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Unggal RPP sacara gembleng ngawengku KD sikep spiritual (KD tina KI-1), sosial (KD tina KI-2), pangaweruh (KD tina KI-3), jeung kaparigelan (KD tina KI-4).
- b. Hiji RPP bisa digunakeun dina hiji pertemuan atawa leuwih.
- c. RPP disusun kalawan niténan béda-bédana kamampuh awal, tingkat inteléktual, minat, motivasi diajar, bakat, poténsi, kamampuh sosial, émosi, gaya diajar, kabutuh husus, gancangna diajar, kasang tukang budaya, norma, nilai, jeung/atawa lingkungan siswa.
- d. Museur ka siswa. Prosés pangajaran dirarancang pikeun ngadorong motivasi, minat, kréativitas, inisiatif, kamandirian, jeung sumanget diajar, ngagunakeun pamarekan saintifik.
- e. *Berbasis kontéks*, ngandung harti yénproses pangajaran téh kudu diluyukeun jeung kaayaan lingkungan sabudeureun.

- f. Orientasi kaayeunakeun. Orientasi pangajaran ditujulkeun kana mekarna élmu pangaweruh jeung téknologi, sarta ajén-inajén kahirupan jaman kiwari.
- g. Mekarkeun kamandirian diajar. Pangajaran méré fasilitas ka siswa sangkan bisa diajar kalawan mandiri.
- h. Méréunding laku (*umpan balik*) jeung lajuning laku (*tindak lanjut*). RPP eusina kudu ngandung rarancang *umpan balik positif, penguatan, pengayaan*, jeung rémedial.
- i. Antara KI, KD, IPK, matéri pangajaran, kagiatan pangajaran, *penilaian*, jeung sumber diajar kudu dalit dina hiji beungkeutan pangalaman diajar. RPP disusun kalawan ngaakomodasi pangajaran tématik terpadu, keterpaduan lintas mata pelajaran, lintas aspek diajar, jeung karagaman budaya.
- j. Ngamangpaatkeun téhnologi informasi jeung komunikasi (TIK). RPP disusun kalawan niténan dilarapkeunana TIK bari awor, sistematis, jeung éféktif luyu jeung situasi-kondisi.

3. Komponén jeung Sistematika RPP

Numutkeun Permendikbud Nomer 103 Taun 2014 (2014: 4) ditétélakeun yén RPP minimal kudu ngawengku: (1) idéntitas sekola/madrasah, mata pelajaran atawa téma, kelas/seméster, jeung alokasi waktu; (2) Kompeténsi Inti, Kompeténsi Dasar, jeung indikator pencapaian kompeténsi; (3) materi pangajaran; (4) kegiatan pangajarananu ngawengku kagiatan bubuka, kagiatan inti, dan kagiatan panutup; (5) *penilaian*, pangajaran rémedial, jeung pengayaan; sarta (6) média, alat, bahan, jeung sumber belajar. Sangkan leuwih tétéla, ilikan komponén jeung sistematika RPP ieu di handap.

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN	
Sekolah	:
Kelas/Semester	:
Mata Pelajaran	:
Alokasi Waktu	:
A. Kompetensi Inti (KI)	
B. Kompetensi Dasar	
1.	KD pada KI-1
2.	KD pada KI-2
3.	KD pada KI-3
4.	KD pada KI-4
C. Indikator Pencapaian Kompetensi*)	
1.	Indikator KD pada KI-1
2.	Indikator KD pada KI-2
3.	Indikator KD pada KI-3
4.	Indikator KD pada KI-4
D. Materi Pembelajaran	
Materi pembelajaran dapat berasal dari buku teks pelajaran dan buku panduan guru, sumber belajar lain berupa muatan lokal, materi kekinian, konteks pembelajaran dari lingkungan sekitar yang dikelompokkan menjadi materi untuk pembelajaran reguler, pengayaan, dan remedial.	
E. Pendekatan dan Metode Pembelajaran	
F. Kegiatan Pembelajaran	
1.	Kegiatan Pendahuluan (...menit)
2.	Kegiatan Inti (...menit) **)
	- Mengamati
	- Menanya
	- Mengumpulkan informasi/mencoba
	- Menalar/mengasosiasi
	- Mengomunikasikan
3.	Penutup (..... menit)
G. Penilaian, Pembelajaran Remedial, dan Pengayaan.	
1.	Teknik Penilaian
2.	Instrumen Penilaian
3.	Pembelajaran Remedial dan Pengayaan.
	Pembelajaran remedial dilakukan segera setelah kegiatan penilaian.
H. Media/Alat,Bahan, dan Sumber Pembelajaran	
1.	Media/Alat
2.	Bahan
3.	Sumber Belajar

Gambar 3. 1 Rencana Pelaksanaan Pembelajaran

*)Dina unggal KD dimekarkeun indikator atawa pananda. Indikator pikeun KD anu diturukeun tina KI-1 jeung KI-2 dirumuskeun dina wangun paripolah umum anu eusina ajén jeung sikep anu galagatna bisa diobservasi salaku *dampak pengiring (nuturant effect)* tina KD dina KI-3 jeung KI-4. Indikator pikeun KD anu diturukeun tina KI-3 jeung KI-4 dirumuskeun dina wangun paripolah spésifik anu bisa ditiénan jeung diukur.

4. Léngkah-léngkah Nyusun RPP

Dumasar kanalampiran Permendikbud Nomer 103 Taun 2014 (201: 9) patali jeung sistematika RPP, langkah nyusun RPP téh ngawengku ieu di handap.

a. Neuleuman Silabus

Neuleuman silabus ngawengku: (a) KI jeung KD; (b) matéri pangajaran; (c) prosés pangajaran; (d) penilaian pangajaran; (e) alokasi waktu; jeung (f) sumber belajar.

b. Nangtukeun Idéntitas

Idéntitas ngawengku:

- 1) Sakola, nyaétangan sakolaluyu jeung satuan pendidikanana.
- 2) Mata pelajaran, nyaétangan mata pelajaran.
- 3) Kelas/seméster, nyaétadiluyukeun jeung kelas/seméster anu keur lumangsung.
- 4) Alokasi waktu, nyaéta waktu sagemblengna anu diperlukeunpikeun ngahontal KD jeung beban diajar.

c. Nuliskeun Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar

- 1) Kompeténsi Inti (KI) téh gambaran sacara katégorialngeunaan kompeténsiaspék sikep, pangaweruh, jeung kaparigelanana kudu diéstokeun ku siswa di hiji jenjang sakola, kelas, jeung matapelajaran.
- 2) Kompeténsi Dasar nyaéta kamampuh anu kudu kacangkem ku siswa dina hiji mata pelajaran jeung mangrupa kamampuh spésifik anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan anu raket patalina jeung muatan pangajaran. KD mangrupa rujukan nyusun indikator kompeténsi dina hiji mata pelajaran. Dina ieu bagian kudu dituliskeun KD anu kudu dipimilik ku siswa sabada prosés pangajaran réngsé.

d. Ngarumuskeun Indikator

Indikator téh kamampuh anu bisa diobservasi pikeun nedunan KD dina KI 1 jeung KI2, jeung mangrupa kamampuh anu bisa diukur atawa diobservasi pikeun nedunan KD tina KI 3 jeung KI 4. Indikator mangrupa pananda kahontalna KD anu ditandaan ku ayana parobahan paripolah anu bisa diukur, ngawengku sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan. Indikator dimekarkeun luyu jeung karakteristik siswa jeung poténsi daérah. Indikator digunakeun pikeun dasar nyusun alat penilaian. Dina ngarumuskeun indikator perlu niténan sawatara hal ieu di handap.

- 1) Sakabéh indikator nedunan pamederih kompetensi anu aya dina *kata kerja* nu digunakeun dina KI-KD.
- 2) Indikator dimimitian ti tingkat mikir babari ka nu hésé, basajan ka nu kompléks, deukeut ka nu jauh, jeung tina konkrét ka nu abstrak.
- 3) Indikator kudu ngahontal kompetensi minimal KD jeung bisa dimekarkeun ngaliwatan kompetensi minimal luyu jeung potensi sarta pangabutuh siswa.
- 4) Indikator kudu ngagunakeun kata kerja operasional anu méréhah.

e. Materi Pangajaran

Matéri pangajaran nyaéta wincikan matéri pokok anu ngawengku: fakta, konsép, prinsip, jeung prosédur anu méréhah, jeung ditulis dina wangun gundukan-gundukan luyu jeung rumusan Indikator Pencapaian Kompetensi. Matéri pangajaran bisa dicokot tina buku téks siswa, buku tuturus guru, atawa tina sumber diajar séjénna mangrupa muatan lokal, matéri kaayeunakeun (*mutakhir*), kontéks pangajaran tina lingkungan sabudeureunana, anu dikelompokkeun jadi matéri pikeun pangajaran regulér, pangayaan, jeung rémedial.

f. Méthode Pangajaran

Méthode pangajaran téh wincikan kagiatan diajar, anu digunakeun ku guru pikeun ngawujudkeun suasana diajar jeung prosés pangajaran sangkan siswa ngahontal KD anu diluyukeun jeung karakteristik siswa jeung KD anu rék dihontal.

g. Kegiatan Diajar-Ngajar

Kegiatan pengajaran nu aya dina silabus didadarkeun dina wangun operasional kalawan ngagunakeun pamarekan saintifik anu diluyukeun jeung kondisi siswa sarta satuan pendidikan, kaasup digunakeunana média, alat, bahan, jeung sumber diajar. Kegiatan pengajaran museur kana pamarekan, stratégi, modél, jeung métode pengajaran anu bisa digambarkeun ieu di handap.

1. Pamarekan nyaéta pengajaran anu bisa nyiptakeun lingkungan pengajaran anu ngamungkinkeun lumangsungna prosés pengajaran jeung kahontalna kompetensi anu geus ditangtukeun.
2. Strategi pengajaran mangrupa léngkah-léngkah sistematis jeung sistemik anu digunakeun pendidik pikeun nyiptakeun lingkungan pengajaran anu ngamungkinkeun lumangsungna prosés pengajaran jeung kahontalna kompetensi anu geus ditangtukeun.
3. Model pengajaran nyaéta karangka konséptual jeung operasional pengajaran anu miboga ngaran, ciri, runtuyan logis, aturan, jeung budaya.
4. Metode nyaéta cara atawa téhnik anu digunakeun ku pendidik pikeun ngungkulan hiji kegiatan pengajaran anu ngawengku: ceramah, tanya jawab, jeung diskusi.
5. Ngagunakeun pamarekan saintifik/pamarekan berbasis prosés kaélman anu wujudna mangrupa ngaorganisasikeun pangalaman diajar nu runtuyanana logis ngawengku prosés pengajaran: nengetan, nanya, ngumpulkeun informasi/nyoba, nalar/ngaasosiasi, jeung ngomunikasikeun anu dimekarkeun jeung digunakeun dina hiji lawungan atawa leuwih.

h. Nangtukeun Alokasi Waktu

Alokasi waktu ditangtukeun luyu jeung kaperluan pikeun ngahontal KD jeung beban diajar kalawan merhatikeun jumlah jam pengajaran anu aya dina silabus jeung KD anu kudu dihontal. Satuluyana, alokasi waktu dibagi kana kegiatan bubuka, inti, jeung panutup.

i. Mekarkeun Penilaian Pangajaran

Penilaian, ngamuat prosédur jeung instrumén penilaian prosés jeung hasil diajar diluyukeun jeung Indikator kahontal na kompetensi anu museur kana Standar Penilaian. Penilaian pembelajaran dimekarkeun ku cara nangtukeun lingkup, tehnik, jeung instrumen penilaian, sarta nyieun padoman meunteun (*penskoran*). Saterusna nangtukeun stratégi pangajaran rémedial.

j. Nangtukeun Média/Alat, Bahan jeung Sumber Pangajaran

- 1) Média/Alat pangajaran nyaéta alat bantu proses pangajaran pikeun nepikeun matéri pangajaran ka siswa.
- 2) Bahan nyaéta rupaning bahan anu digunakeun salila proses pangajaran lumangsung.
- 3) Sumber diajar bisa mangrupa buku, media cetak jeung éléktronik, alam sabudeureunana, atawa sumber séjénna anu luyu.
- 4) Nangtukeun média, alat, bahan, jeung sumber diluyukeun jeung média, alat, bahan, jeung sumber anu geus ditangtukeun dina léngkah-léngkah prosés pangajaran.

Catetan:

Komponén RPP anu diwincik di luhur téh komponén minimal. Hartina unggal-unggal satuan pendidikan dibéré kabébasan pikeun nambahan komponen séjén anu baris méré kalancaran jeung ngababarikeun guru dina ngalaksanakeun pangajaran.

Conto RPP pikeun SMP

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Sekolah : SMP Negeri 2 Rancabali
Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda
Kelas/Semester : VII/2
Materi Pokok : Aksara Sunda
Alokasi Waktu : 4 Jam Pelajaran (2 kali pertemuan)

A. Kompetensi Inti

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya.
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.

B. Kompetensi Dasar dan Indikator

1. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui paguneman, wawaran dan atau iklan layanan masyarakat, pangalaman pribadi, aksara Sunda, kaulinan barudak, dongéng, Sajak, dan pupujian.
2. Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk membuat wawaran dan atau iklan layanan masyarakat, pangalaman pribadi, dan aksara Sunda.
3. Mengidentifikasi dan menganalisis kalimat yang menggunakan aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Indikator:

- a. Memahami bentuk-bentuk aksara Sunda.
 - b. Mengidentifikasi kaidah-kaidah penulisan aksara Sunda.
 - c. Memahami penggunaan aksara Sunda dalam bentuk kalimat.
4. Menulis kalimat yang menggunakan aksara Sunda dengan baik dan benar.

Indikator:

- a. Menulis kalimat sederhana menggunakan aksara Sunda.
- b. Menulis kalimat kompleks menggunakan aksara Sunda.
- c. Menanggapi tulisan aksara Sunda orang lain.

C. Materi Pembelajaran

- 1) **Fakta:** Bentuk *aksara Swara*, *aksara Ngalagena*, dan *rarangén*, jeung contoh kalimat dalam tulisan aksara Sunda (Plang Jalan, Reklame, Iklan, dan lain-lain)
- 2) **Konsep:** Bentuk aksara Sunda, jeung Struktur penulisan aksara Sunda
- 3) **Prinsip:** Pemahaman tentang aksara Sunda

D. Pendekatan, Model, dan Metode Pembelajaran

1. Pendekatan : *Scientific* dan Komunikatif
2. Metode : Diskusi, Tanya Jawab, *Role Play*

E. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran

✓ Pertemuan Pertama (2 JP X 40 menit)

1. Kegiatan Pendahuluan (15 menit)

- Guru membuka pembelajaran dengan mengucapkan salam, kemudian mengecek kehadiran peserta didik.
- Guru memotivasi peserta didik dengan mendoakan agar pembelajaran yang akan dilakukan berlangsung baik dan bermanfaat.
- Untuk menggali konsepsi awal peserta didik, guru melakukan apersepsi dengan menggali informasi dan mengaitkan dengan materi pada pertemuan sebelumnya.

2. Kegiatan Inti (55 menit)

a) Mengamati

- Peserta didik membaca simbol vokal dan aksara ngalagena yang ditampilkan melalui *flash card* atau multimedia (komputer).
- Peserta didik mengamati simbol *rarangkén* dalam aksara Sunda.

b) Menanya

- Peserta didik bertanya jawab tentang simbol vokal dan aksara ngalagena dalam aksara Sunda.
- Peserta didik bertanya jawab tentang simbol *rarangkén* dalam aksara Sunda.

c) Mengumpulkan Informasi

- Peserta didik mencari sumber-sumber untuk mengidentifikasi simbol vokal dan aksara ngalagena dalam aksara Sunda.
- Peserta didik mengidentifikasi simbol *rarangkén* dalam aksara Sunda.

d) Mengasosiasikan/ Mengolah Informasi

- Peserta didik mengolah informasi tentang simbol vokal dan aksara ngalagena dengan cara berdiskusi.
- Peserta didik berdiskusi untuk menyusun kalimat sederhana menggunakan aksara Sunda.

e) Mengkomunikasikan

Peserta didik menuliskan kalimat sederhana menggunakan aksara Sunda yang baik dan benar dengan tanggung jawab.

3. Kegiatan Penutup (10 menit)

- Guru bersama peserta didik berdiskusi untuk membuat kesimpulan kelas tentang isi pupujian.
- Guru bersama peserta didik melakukan refleksi pembelajaran yang telah dilakukan.
- Guru memberitahukan materi yang akan dipelajari pada pertemuan selanjutnya.
- Guru menutup pembelajaran dengan mendoakan agar pembelajaran yang telah dilakukan bermanfaat bagi peserta didik.

- Pengayaan dan remedial bagi siswa yang masih belum mencapai KKM, maka dilaksanakan di luar jam KBM.

✓ **Pertemuan Kedua (2 x 40 menit)**

1. Kegiatan Pendahuluan (15 menit)

- Guru membuka pembelajaran dengan mengucapkan salam, kemudian mengecek kehadiran peserta didik.
- Guru memotivasi peserta didik dengan mendoakan agar pembelajaran yang akan dilakukan berlangsung baik dan bermanfaat.
- Untuk menggali konsepsi awal peserta didik, guru melakukan apersepsi dengan menggali informasi dan mengaitkan dengan materi pada pertemuan sebelumnya.

2. Kegiatan Inti (55 menit)

a) Mengamati

Peserta didik membaca kalimat yang menggunakan aksara Sunda.

b) Menanya

Peserta didik bertanya jawab tentang kaidah-kaidah menuliskan *rarangkén* dalam aksara Sunda.

c) Mengolah Informasi/ eksperimen

Peserta didik mencari sumber-sumber untuk mengidentifikasi kaidah-kaidah menuliskan *rarangkén* dalam aksara Sunda.

d) Mengasosiasikan/ mengolah informasi

Peserta didik berdiskusi untuk menyusun kalimat sederhana menggunakan aksara Sunda.

e) Mengomunikasikan

Peserta didik menuliskan kalimat sederhana menggunakan aksara Sunda yang baik dan benar dengan tanggung jawab.

3. Kegiatan Penutup (10 menit)

- Guru bersama peserta didik berdiskusi untuk membuat kesimpulan kelas tentang isi pupujian.
- Guru bersama peserta didik melakukan refleksi pembelajaran yang telah dilakukan.

- Guru memberitahukan materi yang akan dipelajari pada pertemuan selanjutnya.
- Guru menutup pembelajaran dengan mendoakan agar pembelajaran yang telah dilakukan bermanfaat bagi peserta didik.
- Pengayaan dan remedial bagi siswa yang masih belum mencapai KKM, maka dilaksanakan di luar jam KBM.

F. Penilaian

1. Jenis/teknik penilaian

- Kompeténsi Sikap:Observasi
- Kompeténsi Pengétahuan:Tes Lisan
- Kompeténsi Keterampilan:Unjuk Kerja

2. Bentuk Instrumen dan Instrumen

a. Kompetensi Sikap:

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4

b. Kompetensi Pengétahuan:

Soal Tes Lisan

1. Aya sabaraha hiji aksara Swara? Pék sebutkeun hiji-hijina!
2. Aya sabaraha hiji aksara Ngalagena? Pék sebutkeun hiji-hijina!
3. Aya sabaraha hiji rarangkén dina aksara Sunda? jéntrékeun ngaran tur pungsina!

c. Kompetensi Keterampilan:

- Lembar Penilaian Unjuk Kerja

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Karapihan tulisan: Wangun aksara, jajaran lempeng	10-20
2.	Kaajegan wangun aksara	10-30
3.	Benerna wangun aksara	10-30
4.	Benerna pananda sora (rarangkén)	10-20
	Jumlah	40-100

3. Pedoman Penskoran

Penilaian Pengétahuan (NP)

Tes Lisan

- Skala skor: 1-5
- Skor Maksimal = 5X3 = 15
- Nilai Pengétahuan (NP) =

$$\frac{\text{Skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Penilaian Kétarampilan (NK)

- Nilai Keterampilan (NK) = jumlah perolehan skor pada rubrik penilaian unjuk kerja.

Nilai Total

$$NT = P + NK$$

G. Media, Alat dan Sumber Pembelajaran

1. Media: Multimedia, jeung Internet
2. Alat/Bahan: Teks yang menggunakan aksara Sunda, Komputer, CD/DVD/Flashdisk, jeung Proyektor
3. Sumber Belajar: Buku Peserta didik *Basa Sunda Kelas VII* (Disdik Prov. Jabar, 2013), Buku *Aksara Sunda*, jeung *Flash Card* aksara Sunda.

Contoh RPP Tingkat SMA

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan	: SMAN 2 Tasikmalaya
Kelas/Semester	: XII/2
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda
Topik	: Drama
Pertemuan Ke	: 1-2
Alokasi Waktu	: 45 menit x 4 JP

A. Kompetensi Inti

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya.
2. Menghayati dan mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia.
3. Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah
4. Mengolah, menalar, dan menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri, dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah keilmuan

B. Kompetensi Dasar

1. Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda dan menggunakannya sesuai dengan kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana komunikasi melalui drama (teater, gending karesmen dan/atau longser).
2. Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, peduli, santun, dan proaktif dalam menggunakan berbahasa Sunda melalui drama (teater, gending karesmen dan/atau longser).

3. Mengidentifikasi dan menganalisis teks drama berdasarkan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.
4. Menanggapi dan memperagakan teks drama (teater, gending karesmen dan/atau longser) sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Indikator Pencapaian Kompetensi

1. Menunjukkan rasa syukur akan keberadaan bahasa Sunda sebagai sarana komunikasi melalui pembelajaran drama.
2. Menjelaskan jenis-jenis penokohan dalam drama.
3. Mengidentifikasi struktur konflik dalam drama.
4. Mengidentifikasi latar yang digunakan dalam teks drama.
5. Membuat teks drama secara berkelompok
6. Memperagakan isi teks drama sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

C. Materi Pembelajaran

Drama

Rupa-rupa sandiwara rakyat

- Longser
- Gending Karesmen (*sandiwara anu dialogna/pagunemanana ditembangkeun*)
- Drama Modern

Dialog dina drama

- Dialog (*omongan antara dua jalma atawa leuwih nu silih tempas*)
- Prolog (*omongan bubuka, biasana digunakeun keur muka hiji pintonan drama*)
- Epilog (*omongan panutup*)

D. Pendekatan dan Metode Pembelajaran

- Pendekatan: *Scientific* (mengamati, menanya, mengumpulkan informasi, mengolah informasi, dan mengkomunikasikan)
- Teknik: Tanya jawab, Diskusi, Latihan, Demonstrasi

E. Kegiatan Pembelajaran

Pertemuan Pertama

Kegiatan	Deskripsi	Alokasi Waktu
Pendahuluan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru mempersiapkan peserta didik dalam pembelajaran dengan berdo'a, melihat kerapihan dan kebersihan kelas serta menanyakan presensi hari ini. 2. Guru mengaitkan materi sebelumnya dengan materi yang akan dipelajari (apersepsi). 3. Guru memotivasi peserta didik dengan memperkenalkan teks cerita drama. 4. Guru menjelaskan tujuan pembelajaran yang ingin dicapai. 5. Menyampaikan metode, model pembelajaran dan bentuk penilaian yang akan digunakan dalam proses pembelajaran. 	10 menit
Inti	<ol style="list-style-type: none"> 1. Siswa menonton tayangan video pembelajaran drama. 2. Siswa bertanya tentang isi tayangan video pembelajaran drama. 3. Siswa membacadan mencermati contoh teks drama yang diberikan guru. 4. Siswa bertanya tentang drama dan kaidah-kaidahnya. 5. Guru menjelaskan teori drama/ sandiwara rakyat Sunda. 6. Siswa bertanya tentang teori drama/ sandiwara rakyat Sunda. 7. Siswa mengumpulkan informasi terkait teks drama dan kaidah-kaidahnya. 8. Siswa mengolah informasi yang terkumpul terkait teks drama dalam diskusi kelompok. 9. Siswa secara berkelompok menyusun naskah teks drama. 10. Siswa mempresentasikan hasil diskusi kelompok di depan kelas. 	70 menit
Penutup	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru dan siswa bersama-sama membuat simpulan 2. Guru mengadakan evaluasi terhadap proses dan hasil belajar drama. 3. Guru menugaskan peserta didik secara berkelompok untuk membuat teks drama. 4. Guru menutup pembelajaran dengan doa. 	10 menit

Pertemuan Kedua

Kegiatan	Deskripsi	Alokasi Waktu
Pendahuluan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru mempersiapkan peserta didik dalam pembelajaran dengan berdo'a, melihat kerapihan dan kebersihan kelas serta menanyakan presensi hari ini. 2. Guru mengaitkan materi sebelumnya dengan materi yang akan dipelajari (apersepsi). 3. Guru memotivasi peserta didik dengan memperkenalkan teks cerita drama. 4. Guru menjelaskan tujuan pembelajaran yang ingin dicapai. 5. Guru menyampaikan metode, model pembelajaran dan bentuk penilaian yang akan digunakan dalam proses pembelajaran. 	10 menit
Inti	<ol style="list-style-type: none"> 1. Siswa mengamati dan membaca teks drama sebagai bentuk tugas pembelajaran sebelumnya. 2. Siswa melaporkan teks drama sesuai dengan penugasan sebelumnya. 3. Secara bergiliran setiap kelompok memperagakan teks drama di depan kelas. 4. Kelompok lainnya berperan sebagai observer untuk memberikan umpan balik terhadap drama yang diperankan. 	70 menit
Penutup	<ol style="list-style-type: none"> 1. Guru dan siswa bersama-sama membuat simpulan 2. Guru mengadakan evaluasi terhadap proses dan hasil belajar drama. 3. Guru menyampian topik materi yang akan dibahas pada pertemuan selanjutnya. 4. Guru menutup pembelajaran dengan doa. 	10 menit

F. Penilaian

1. Teknik Penilaian

- a. Penilaian Sikap: jujur, disiplin, santun.
- b. Penilaian Pengétahuan: uraian
- c. Penilaian Keterampilan: unjuk kerja

2. Bentuk Instrumen Penilaian

a. Penilaian sikap.

Petunjuk: Isilah kolom aspek yang dinilai dengan K, C, B, atau BS

No.	Nama Peserta Didik	Aspek yang Dinilai			
		Jujur	Disiplin	Santun	Proaktif
1.	Arya				
2.	Inten				
3.	Salwa				
4.	Abdilah				
5.	Sila				
6.				
Keterangan 1: Kurang 2 : Cukup 3 : Baik 4: Baik sekali					

Keterangan:

- 1) K (Kurang), jika sama sekali tidak menunjukkan usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
- 2) C (Cukup), jika menunjukkan sudah ada usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum konsisten
- 3) B (Baik), jika menunjukkan ada usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
- 4) BS (Baik Sekali), jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus-menerus dan ajeg/konsisten

b. Penilaian Pengétahuan

- 1) Jéntrékeun jenis-jenis penokohan dina drama!
- 2) Identifikasi struktur konflik dina drama!
- 3) Identifikasi latar (boh latar tempat boh latar waktu) anu aya dina teks drama

c. Penilaian Keterampilan: Membuat Teks Drama dan Memeragakan Drama

Rubrik Penilaian untuk Membuat Teks Drama

No.	Nama Siswa	Aspek yang Dinilai			
		Pilihan Kata	Ejaan	Struktur Penulisan Naskah Drama	Struktur Cerita Naskah Drama
1.	Naufal				
2.	Kamila				
3.	Arya				
4.	dst.				

Rubrik Penilaian untuk Memeragakan Drama

No.	Nama Siswa	Aspek yang Dinilai			
		Artikulasi	Ekspresi	Harmonisasi Nada	Kekompakan Kelompok
1.	Naufal				
2.	Kamila				
3.	Arya				
4.	dst.				

G. Media, Alat/Bahan , dan Sumber Pembelajaran

1. Media : Laptop, *infocus*, *speaker active*.
2. Alat/Bahan : Téks drama dan rekaman video drama.
3. Sumber Pembelajaran :
 - Sumarsono, Tatang, dkk. 2013. *Pamekar Diajar Basa Sunda Kelas XII*. Bandung: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.
 - LBSS. 2003. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
 - Majalah & koran Sunda
 - Buku referensi lain yang menunjang materi drama.
 - Alam sekitar siswa

D. Kegiatan Pangajaran

Paripolah atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Nyusun RPP Basa Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca raguman matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar III.

E. Latihan/Pancén

1. Jéntrékeun hakékat RPP.
2. déntifikasi prinsip-prinsip mekarkeun RPP.
3. Idéntifikasi komponén RPP.
4. Idéntifikasi léngkah-léngkah nyusun RPP.
5. Jieun conto RPP mata pelajaran basa Sunda.

F. Tingkesan

Numutkeun Permendikbud no. 103 taun 2014 ngeunaan Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah, RPP nyaéta rarancang pangajaran anu dimekarkeun kalawan museur kana silabus. RPP nyaéta rarancang pangajaran anu dimekarkeun bari wincik kalawan museur kana silabus, buku téks, jeung buku tuturus guru. RPP ngawengku: a) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran, jeung kelas/seméster; b) alokasi waktu; c) KI, KD, indikator pencapaian kompetensi; d) matéri pembelajaran; e) kegiatan pembelajaran; f) penilaian; jeung g) média/alat, bahan, sarta sumber belajar.

Prinsip-prinsip nyusun RPP dumasarlampiran Permendikbud Nomor 103 Tahun 2014: 7-8 ngawengku: (a) unggal RPP sacara gembleng ngawengku KD sikep spiritual (KD tina KI-1), sosial (KD tina KI-2), pangaweruh (KD tina

KI-3), jeung kaparigelan (KD tina KI-4);(b) Hiji RPP bisa digunakeun dina hiji lawungan atawa leuwih;(c) niténan béda-bédana individu siswa;(d) museur ka siswa;(e) *berbasis konteks*;(f) pangajaran diorientasikeun kana mekarna élmu pangaweruh jeung téknologi, sarta ajén-inajén kahirupan jaman kiwari;(g) mekarkeun kamandirian diajar;(h) antara KI, KD, IPK, matéri pangajaran, kagiatan pangajaran, *penilaian*, jeung sumber diajar kudu dalit dina hiji beungkeutan pangalaman diajar;(i) RPP disusun kalawan ngaakomodasi pangajaran tématik terpadu, keterpaduan lintas mata pelajaran, lintas aspék diajar, jeung karagaman budaya;(j) ngamanpaatkeun téknologi informasi jeung komunikasi (TIK);(k) RPP disusun kalawan niténan dilarapkeunana TIK bari terintegrasi, sistematis, jeung éféktif luyu jeung situasi sarta kondisi.

Komponén jeung Sistematika RPP ngawengku: (1) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran atawa téma, kelas/seméster, jeung alokasi waktu; (2) Kompetensi Inti, Kompetensi Dasar, jeung indikator pencapaian kompetensi; (3) matéri pangajaran ; (4) kegiatan pangajaran anu ngawengku kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup; (5) *penilaian*, pangajaran rémedial, jeung *pengayaan*; sarta (6) média, alat, bahan, jeung sumber belajar.

Dumasar kanalampiran Permendikbud Nomer 103 Taun 2014 (201: 9) patali jeung sistematika RPP, léngkah nyusun RPP téh saperti ieu di handap: neuleumansilabus, nangtukeun idéntitas, nuliskeun kompetensi inti jeung kompetensi dasar, ngarumuskeun indikator, matéri pangajaran, métode pangajaran, kagiatan diajar-ngajar, nangtukeun alokasi waktu, mekarkeun penilaian pembelajaran, nangtukeun média/alat, bahan jeung sumber pangajaran

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu

benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahapnyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahapan Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu bener}}{5} \times 100\%$$

Tahapan pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék malikan deui ngaderes bahan dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KEGIATAN DIAJAR 4

**PRAKTÉK NGAJAR BASA SUNDA NU LUYU
JEUNG STANDAR KAAMANAN****A. Tujuan**

Tujuan kagiatan diajar 4 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus maca pedaran, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun sarana prasarana prakték pangajaran anu nedunan standar kaamanan kalawan tetela.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi prinsip-prinsip prakték ngajar kalawan taliti.
3. Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun tahapan prakték ngajar kalawan tétéla.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngalaksanakeun latihan prakték ngajar basa Sunda kalawan sistimatis.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi kagiatan diajar 4 ngawengku ieu di handap.

1. Ngajéntrékeun sarana prasarana prakték pangajaran anu nedunan standar kamanan.
2. Ngaidéntifikasi prinsip-prinsip prakték ngajar.
3. Ngajéntrékeun tahapan prakték ngajar.
4. Prakték ngajar basa Sunda.

C. Pedaran Matéri**1. Sarana Prasarana Praték Pangajaran anu Nedunan Standar Kaamanan**

Peraturan Mendiknas anu raket patalina jeung Standar Sarana Prasarana, nyaéta ieu di handap.

- Permendiknas No. 24 taun 2007 ngeunaan Sarana jeung Prasarana pikeun SD/MI, SMP/Mts, jeung SMA/MA.
- Permendiknas No. 40 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana Prasarana pikeun SMK jeung MAK.

- Permendiknas No. 33 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana pikeun SLB

Unggal-unggal satuan pendidikan dipiharep miboga prasarana anu ngawengku: ruang kelas, ruang pimpinan, ruang guru, ruang tata usaha, ruang perpustakaan, ruang laboratorium, ruang bengkel kerja, ruang unit produksi, ruang kantin, instalasi daya dan jasa, tempat olahraga, tempat ibadah, tempat ulin, tempat rekreasi, jeung ruangan tempat sejenna anu diperlukeun pikeun ngarojong proses pangajaran anu aya aturananana tur tuluy tumuluy.

Lahan éféktif nyaéta lahan anu digunakeun pikeun ngawangun infrastruktur prakték diajar. Lahan anu nedunan standar kaamanan nyaéta ieu di handap.

- lahan sakola anu henteu miboga poténsi bahaya pikeun kasehatan jeung kasalamétan jiwa, sarta miboga aksés pikeun nyalametkeun dina kaayaan darurat.
- lahan sakola anu henteu miboga garis sempadan walungan, jalur karéta api, tur henteu ngabalukarkeun potensi anu baris ngarusak sarana jeung prasarana.
- Lahan anu jauhina gangguan: pencemaran cai, pencemaran udara, pencemaran sora (gandeng), jeung lobana runtah.
- Lahan anu bebas tina papaseaan tur miboga izin ti Pamarentah Daerah satempat.

Wangunan sakola nedunan persyaratan kasalamétan, saperti ieu di handap.

- Wangunan sakola miboga konstruksi anu stabil tur weweg, teu gampang runtuh lamun aya gempa bumi.
- Wangunan sakola dilengkepan ku sistem protéksi pikeun ngungkulanbahaya kebakaran jeung petir.

Wangunan sakola nedunan syarat kasehatan anu ngawengku ieu di handap.

- Miboga fasilitas anu cukup pikeun ayana véntilasi hawa jeung cahaya luyu kucara wangunan sakola dilengkepan ku ayana jandela, lampu anu sugema tur merenah pikeun kagiatan diajar-ngajar.
- Miboga sanitasi di jero jeung diluar wangunan anu ngawengku: saluran cai bersih, saluran cai kotor atawa limbah, tempat runtah, jeung saluran cai hujan.
- Bahan wangunan sakola aman pikeun kaséhatan anu ngagunakeunana jeung henteu ngabalukarkeun dampak negatif kana lingkungan.
- Wangunan nyadiakeun fasilitas jeung aksesabilitas anu gampil, aman, jeung rineh pikeun anak berkebutuhan khusus (ABK).

2. Prinsip-prinsip Prakték Ngajar

Dumasar kana Permendikbud Nomer 2013 taun 2014 ngeunaan Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah Pedoman Pelaksanaan Pembelajaran, wangenan pangajaran téh nyaéta prosés interaksi antarsiswa, antara siswa jeung tanaga pendidik, ogé jeung sumber diajar dina hiji lingkungan diajar. Pikeun ngahontal kualitas anu geus dirarancang dina dokumén kurikulum, kagiatan diajar perlu ngagunakeun prinsip-prinsip ieu di handap.

- a. Siswa dibere fasilitas pikeun néangan kanyaho/pangaweruh.
- b. Siswa diajar tina rupa-rupa sumber diajar.
- c. Prosés diajar ngagunakeun pamarekan ilmiah.
- d. Pangajaran berbasis kompetensi
- e. Pangajaran *terpadu* (awor).
- f. Pangajaran neueul kana jawaban anu *divergensarta* mibanda bebeneran multi diménsi.
- g. Pangajaran berbasis kaparigelan aplikatif.
- h. Ngaronjatkeun kasimbangan, kasinambungan, jeung patalina antara *hard-skills* jeung *soft-skills*.
- i. Pangajaran ngutamakeun siswa salaku *pembelajar sepanjang hayat*.
- j. Pangajaran ngalarapkeun ajén inajén anu méré kataladanan (*ing ngarso sung tulodo*), ngawangun kahayang (*ing madyo mangun*

karso), jeung mekarkeun kreativitas siswadina proses pangajaran (*tut wuri handayani*).

- k. Pangajaran lumangsung di imah, di sakola, jeung di masyarakat.
- l. Ngamangpaatkeun tehnologi informasi jeung komunikasi pikeun ngaronjatkeun éfisiénsi jeung éféktivitas pangajaran.
- m. Ayana akuan pikeun bédana individu jeung kasang tukang budaya siswa.
- n. Suasana diajar anu pikaresepeun jeung pikabétaheun tur bisa numuwuhkeun minat diajar.

Tahap kahiji dina pangajaran nyaéta ngarencanakeun pangajaran anu diwujudkeun dina kagiatan nyusun RPP, tahap saterusna ngalaksanakeun pangajaran.

3. Tahap Prakték Ngajar

a. Kagiatan Bubuka

Dina kagiatan bubuka, kagiatan guru nyaéta:

- 1) Ngondisikeun suasana diajar anu pikagumbiraeun.
- 2) Ngadiskusikeun kompetensi anu geus diajarkeun sateuacanna anu patali jeung kompetensi anu arék diajarkeun jeung dimekarkeun.
- 3) Nepikeun kompetensi anu rék dihontal jeung dimanfaatkan dina kahirupan sapopoé.
- 4) Nepikeun gurat badag ambahan materi jeung kagiatan anu rék dilakonan.
- 5) Nepikeun ambahan jeung tehnik *penilaian* anu rék digunakeun.

b. Kagiatan Inti

Kagiatan inti téh prosés pangajaran pikeun ngahontal kompetensi, anu dilakonan sacara interaktif, inspiratif, pikaresepeun, nyumangétan siswa pikeun aktif sarta mérélolongkrang anu cukup pikeun tumuwuhna prakarsa, kréativitas, jeung kamandirian luyu jeung bakat, minat, sarta mekarna fisik jeung psikologis siswa. Kagiatan inti

ngalarapkeun pamarekan saintifik anu luyu jeung karakteristik siswa jeung mata pelajaran basa Sunda.

Guru masilitasan siswa pikeun ngalakukeun prosés niténan, nanya, ngumpulkeun informasi/nyoba, ngaasosiasikeun/ ngolah informasi, jeung ngomunikasikeun. Dina unggal kagiatan, guru kudu niténan mekarna sikep siswa dina KD tina KI-1 jeung KI-2, saperti:ngébréhkeun rasa sukur ka Alloh SWT, jujur, taliti, gawé bareng, disiplin, taat aturan, ngahargaan pamadegan nu séjén, jst.

c. Kagiatan Panutup

Kegiatan panutup ngawengku hal-hal ieu di handap.

- 1) Kagiatan guru babarenganjeung siswa, nyaéta: a) nyieun raguman/kacindekan pangajaran, b) ngayakeun réfléksi kana pangajaran anugeus dilakonan, c) mereunduring laku (*umpan balik*) kana prosés jeung hasil pangajaran.
- 2) Kagiatan guru, nyaéta: a) meunteun, b) ngararancang kagiatan lajuning laku (*tindak lanjut*) dina wangun pangajaran rémédiat, program *pengayaan*, layanan konseling/mérépancén boh pancén individu atawa pancén kelompok luyu jeung hasil diajar siswa, c) nepikeun rarancang pangajaran keur lawungan satuluyna.

4. Prakték Ngajar

a. Tujuan

Tujuan prakték ngalaksanakeun pangajaran téh nyaéta sangkan pamilon diklat mampuh ngalaksanakeun pangajaran basa Sunda anu ngalarapkeun pamarekan saintifik jeung *penilaian autentik*.

b. Langkah-langkah Kagiatan

1) Tatahar Prakték Ngajar

- a) Tataharkeun perangkat pangajaran saperti RPP, LKS, jeung instrumén *penilaian* pikeun prakték ngalaksanakeun pangajaran basa Sunda sacara kelompok!
- b) Tataharkeun alat praga jeung sumber diajar anu diperlukeun luyu jeung RPP.

- c) Tangtukeun guru modél anu jadi wawakil kelompok!
- d) Baca *format pengamatan* prakték pangajaran pikeun mikapaham unggal-unggal aspék anu dipeunteu waktu lumangsugna pangajaran.

2) Prakna Prakték Ngajar

- a) Pikeun Guru Modél
 - Praktékkeun ngajar luyu jeung rancangan kelompok anu geus aya dina RPP!
 - Gunakeun waktu anu éfisien luyu jeung tahapan pangajaran!
- b) Pikeun *Pengamat*
 - Lengkepan idéntitas *format pengamatan* Prakték Pelaksanaan Pembelajaran!
 - Titénan praktik pangajaran, béré tanda céntang (V) dina kolomaya atawa *henteu* luyu jeung panitén Sadérék!
 - Dina kolom catétan, béré catétan husus atawa saran pikeun ngoméan praktik pangajaran!
 - Béré peunteun kalawan ngagunakeun rumus anu geus aya!

Format Observasi Prakték Ngajar

Ngaran Pamilon : _____
 Asal Sakola : _____
 Mata Pelajaran : _____
 Kelas : _____

Aspék nu Dititénan		Aya	Henteu Aya	Catétan	Saran
Kegiatan Bubuka					
Apersépsi jeung Motivasi					
1	Ngondisikeun suasana diajar yang pikaresepeun.				
2	Matalikeun matéri saacanna jeung materi anu rék diajarkeun.				
3	Nepikeun mangpaat matéri pangajaran pikeun kahirupan sapopoé.				
4	Nepikeun gurat badag ambahan materi.				
Nepikeun kompeténsi, rancangan kagiatan jeung penilaian					
1	Nepikeun kompeténsi anu rek dihontal.				
2	Nepikeun gurat badag kagiatan anu rek dilakukeun.				
3	Nepikeun ambahan jeung teknik penilaian anu rek digunakeun.				
Kagiatan Inti					
Ngawasa Materi Pangajaran					
1	Kamampuh ngaluyukeun materi jeung KD.				
2	Kamampuh matalikeun materi jeung pangaweruh sejenanu relevan, mekarna lptek, jeung kahirupan nyata.				
3	Nepikeun pembahasan materi pangajaran kalawan jelas.				
Nerapkeun Stratégi Pangajaran anu Ngadidik.					
1	Ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung kompeténsi anu rek dihontal.				
2	Nepikeun materi sacara sistematis (ti nu gampang kahese, ti nu konkrit ka abstrak).				
3	Ngawasa kelas.				
4	Ngalaksanakeun pangajaran anu numuwuhkeun partisipasi aktif siswa dina nepikeun pananya.				
5	Ngalaksanakeun pangajaran anu				

	numuwuhkeun partisipasi siswa dina nepikeun pamadegan.				
6	Ngalaksanakeun pangajaran anu mekarkeun kaparigelan siswa luyu jeung materi ajar.				
7	Ngalaksanakeun pangajaran anu sifatna kontekstual.				
8	Ngalaksanakeun pangajaran anu numuwuhkeun kabiasaan jeung sikep positif (<i>nurturant effect</i>).				
9	Ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung alokasi waktu anu geus direncanakeun.				
Nerapkeun Pamarekan Saintifik					
1	Ngafasilitasi jeung nepikeun kagiatan sangkan siswa nengétan (observasi).				
2	Ngastimulus siswa pikeun nanya: <i>naon, kunaon, jeung kumaha</i> ngeunaan materi anu diobservasi.				
3	Ngafasilitasi jeung nepikeun pangajaran sangkan siswa ngumpulkeun informasi ngeunaan materi anu diobservasi jeung ditanyakeun.				
4	Ngafasiliatsi jeung nepikeun kagiatan sangkan siswa ngolah informasi anu geus dikumpulkeun.				
5	Ngafasilitasi jeung nepikeun kagiatan sangkan siswa ngomunikasikeun informasi anu geus diolah.				
Nerapekun media/sumber diajardina pangajaran.					
1	Mintonkeun kaparigelan ngagunakeun media.				
2	Mintonkeun kaparigelan dina ngagunakeun sumber pangajaran.				
3	Ngalibetkeun siswa dina ngamanfaatkeun media diajar				
4	Ngalibetkeun siswa dina ngamangpaatkeun sumber pangajaran.				
5	Ngahasilkeun pesen anu narik ati.				
Ngalaksanakeun penilaian pangajaran.					
1	Ngalaksanakeun penialain Sikap.				
2	Ngalaksanakeun penilaian pangaweruh.				
3	Ngalaksanakeun penilaian kaparigelan.				
Ngalibetkeun siswa dina pangajaran.					
1	Numuwuhkeun partisipasi aktif siswa ngaliwatan interaksi guru, siswa, jeung suber diajar.				

2	Ngarespon positif partisipasi siswa.				
3	Ngebrehkeun sikep terbuka kana respons siswa.				
4	Numuwuhkeun sikep gumbira atawa antumurs sina diajar.				
Ngagunakeun basa anu bener tur méréhah dina pangajaran					
1	Ngagunakeun basa lisan sacara jelas jeung lancar.				
2	Ngagunakeun basa tulis anu bener tur méréhah.				
Kegiatan Panutup					
Panutup pangajaran					
1	Ngafasilitasi jeung ngabimbing siswa ngarangkum materi pangajaran.				
2	Ngafasilitasi jeung ngabimbing siswa pikeun ngarefleksi proses jeung materi pangajaran.				
3	Méré umpan balik kana proses jeung hasil pangajaran.				
4	Ngalakukeun penilaian.				
5	Ngarencanakeun kagiatan lajuning laku.				
6	Nepikeun rancangan pangajaran pikeun waktu nu baris datang.				
Jumlah					

Gambar 4. 1 Saran Prakték Pangajaran sacara Umum

Saran Prakték Pangajaran sacara Umum

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Rubrik Observasi Prakték Ngajar

Rubrik *penilaian* prakték ngajar digunakeun ku *pengamat* (observer) pikeun meunteun kamampuh guru salaku pamilon diklat PKB Basa Sunda dina ngalaksanakeun pangajaran.

Leégkah-léngkah meunteun:

- Titénan format observasi prakték ngajar!
- Béré tanda céntang (V) dina kolom *aya* atawa *henteu* luyu jeung panitén Sadérék!
- Béré catétan husus atawa saran ngoméan pangajaran!
- Itung jumlah nilai *aya* jeung *henteu*!
- Tangtukeun nilai kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap!

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Jumlah AYA}}{48} \times 100\%$$

Peringkat	Nilai
Hadé Pisan (HP)	90 < AB ≤ 100
Hadé(H)	80 < B ≤ 90
Cukup (C)	70 < C ≤ 80
Kurang (K)	≤ 70

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Praktek Ngajar basa Sunda nu Luyu jeung Standar Kaamanan*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 4.

E. Latihan/Pancén

Prak simulasikeun ngajar basa Sunda kalawan maké RPP anu geus disusun dina kagiatan diajar 4!

F. Tingkesan

Pikeun ngahontal kualitas anu geus dirarancang dina dokumén kurikulum, kagiatan diajar perlu ngagunakeun prinsip-prinsip ieu: siswa difasilitasi pikeun néangan kanyaho, Siswa diajar tina rupa-rupa sumber diajar, prosés diajar ngagunakeun pamarekan ilmiah, pangajaran *berbasis kompetensi*, pangajaran terpadu (awor), pangajaran neueur kana jawaban anu *divergen* anu miboga bebeneran multi dimensi, Pangajaran berbasis kaparigelan aplikatif, Ngaronjatkeun saimbang, sinambung, jeung patalina antara *hard-skills* jeung *soft-skills*,

Pangajaran ngutamakeun siswa salaku *pembelajar sepanjang hayat*. Pangajaran nerapkeun nilai-nilai anu méré kataladanan (*ing ngarso sung tulodo*), ngawangun kahayang (*ing madyo mangun karso*), jeung mekarkeun kreativitas siswadina proses pangajaran (*tut wuri handayani*). Pangajaran lumangsung di imah, di sakola, jeung di masyarakat. Ngamangpaatkeun tehnologi informasi jeung komunikasi pikeun ngaronjatkeun éfisiénsi jeung efektivitas pangajaran. Ayana akuan pikeun bédana individu jeung kasang tukang budaya siswa, Suasana diajar anu pikaresepeun jeung pikabetaheun tur bisa numuwuhkeun minat diajar.

Grade Prakték Ngajar: Kagiatan Bubuka: ngondisikeun suasana diajar anu pikagumbirakeun, ngadiskusikeun kompetensi anu geus diajarkeun sateuacanna anu patali jeung kompetensi anu arek diajarkeun jeung diemekarkeun, nepikeun kompetensi anu rek dihontal jeung dimanfaatkan dina kahirupan sapopoe, nepikeun gurat badag ambahan materi jeung kagiatan anu rek dilakukeun, nepikeun ambahan jeung teknik penilaian anu rek digunakeun.

Kagiatan Inti: Kagiatan inti mangrupa proses pangajaran pikeun ngahontal kompetensi, anu dilakukeun sacara interaktif, inspiratif, pikabungaheun,

nyumangétan siswa pikeun aktif sarta méré ruang anu cukup pikeun tumuwuhna prakarsa, kreativitas, jeung kamandirian luyu jeung bakat, minat, jeung mekarkeun fisik sarta psikologis siswa. Kagiatan inti nerapekun pamarekan saintifik anu luyu jeung karakteristik mata pelajaran basa Sunda jeung siswa.

Kagiatan Panutup: Kagiatan guru bareng siswa, nyaéta: a) nyieun rangkuman/ kacindekkna pangajaran, b) ngalakukeun refleksi kana pangajaran anugeus dilakukeun, c) méré umpan balik kana proses jeung hasil pangajaran, Kagiatan guru, nyaéta: a) meunteun, b) ngarencanakeun kagiatan tindak lanjut (lajuning laku) dina wangun pangajaran remedial, program pangayaan, layanan konseling/ méré tugas boh tugas individu atawa tugas kelompok luyu jeung hasil diajar siswa, c) nepikeun rancangan pangajaran pikeun pertemuan ka hareup.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

$$Nilai = \frac{\text{Jumlah AYA}}{48} \times 100\%$$

Peringkat	Nilai
Hadé Pisan (HP)	90 < AB ≤ 100
Hadé(H)	80 < B ≤ 90
Cukup (C)	70 < C ≤ 80
Kurang (K)	≤ 70

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 5. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna bahan nu can dikawasa.

KOMPETENSI PROFESIONAL :

**WANDA TEKS, KAPARIGELAN BASA,
JEUNG DONGENG**



KAGIATAN DIAJAR 5

TEKS ANÉKDOT BASA SUNDA**A. Tujuan**

Tujuan kagiatan diajar 5 ngawengku ieu di handap:

1. Sabada maca pedaran, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun wangenan anékdot jeung téks anékdot.
2. Sabada maca pedaran, pamilon diklat mampuh nuduhkeun ciri-ciri téks anékdot.
3. Bari diskusi, pamilon diklat mampuh ngaanalisis struktur téks anékdot.
4. Sabada tanya jawab, pamilon diklat mampuh manggihan unsur kabasaan nu kakandung dina téks anékdot.
5. Sabada diskusi, pamilon diklat mampuh méré conto cara ngalarapkeun konsép téks anékdot pikeun bahan pangajaran.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi kagiatan diajar 5, ngawengku ieu di handap:

1. Ngajéntrékeun wangenan anékdot jeung téks anékdot.
2. Nataan ciri téks anékdot.
3. Ngaanalisis struktur téks anékdot.
4. Manggihan unsur kabasaan nu kakandung dina téks anékdot.
5. Ngalarapkeun konsép téks anékdot pikeun bahan pangajaran.

C. Pedaran Matéri**1. Wangenan Anékdot jeung Téks Anékdot**

Anékdot carita anu pondok jeung singget, sarta dipikaresep lantaran eusina anu matak pikaseurieun. Caritana biasana ngeunaan jalma penting atawa sohor tur dumasar kana kajadian nu saenyana. Tapi aya ogé anu ngahartikeun yén saenyana anékdot téh carita rékaan, teu kudu dumasar kana kajadian anu enya-nya aya. Kitu deui tokoh anu dicaritakeunana, teu kudu jalma penting atawa nu geus sohor.

Matak pikaseurieun téh lantaran dina anékdot aya kajadian-kajadian atawa omongan nu teu disangka-sangka, atawa aya patukang-tonggongna kanyataan antara senang jeung teu senang, ngeunah jeung ngeunah, kahontal atawa gagal, jeung sajabana nepi ka karasa ngalejokeun urang nu macana. Tapi sanajan dilejokeun réaksi nu muncul ti nu maca mah justru jadi resep atawa jadi pikaseurieun.

Ari téks anékdot nyaéta karangan atawa téks anu eusina nyaritakeun anékdot atawa carita anu eusina pikaseurieun atawa lulucon. Dina basa Sunda réa karangan anu sarupa kieu téh, boh anu caritana enya-nya kajadian atawa ngan sakadar rékaan. Malah téks-téks anékdot nu nyaritakeun kahirupan atawa tindak-tanduk jalma penting ogé teu kurang-kurang. Di antarana anékdot dina basa Sunda nu réa dipikaresep téh anékdotna Haji Hasan Mustapa, Pangjulu Besar Bandung jaman Kolonial.

2. Conto Téks Anékdot

Pikeun mikapaham téks anékdot, ieu di handap aya contona. Baca sarta imeutan:

Conto ka-1:

Anékdot Haji Hasan Mustapa (HHM)

Keur masih kénéh jumeneng panghulu besar di Bandung, HHM kedah nguji calon pinaibeun. Aya sababaraha urang kabéhna mah, tapi lowonganana ngan keur saurangeun. Sabada diuji ngeunaan soal-soal kaagamaan, teras diajak naretepan, di bumina, da harita téh tos manjing wanci asar.

Barang keur naretepan (HHM anu ngimaman), kakuping sora biola melas-melis. Biola anu dikését ku Toha Firdos, putra HHM anu resepeun kana koroncong, malah kagungan klub nyalira, tur sering kénging hadiah emas dina rupa-rupa pertandingan (kongkurs). Saréréa ogé terangeun yén Endéh Oha (kitu nénéhna) putra juragan panghulu besar, resep kana koroncong.

Sabada netepan, HHM naros ka para calon naib téa, “Kumaha salat bieu téh?”

Nu hiji ngajawab, “Teu kinten khusuna. Nembéan abdi mah saumur dumelah, tiasa netepan sakitu khusuna, rupina ku margi ngama’lum ka gamparan...”

Nu hiji deui ngajawab, “Khusu sareng ni’mat.”

Nu séjén, “Nimat pisan.”

Cindekna saréréa ogé nyaritakeun kakhosuna. Ngan saurang anu nyarita, “Punten baé, duka abdi mah, henteu tiasa khusu. Atuh da éta tuang putra ngését biola sakitu matak gantung déngéna...”

HHM jadi ngangkat calon anu panungtung, da dianggap nyarita sajalantrahna, henteu ngabohong.

(Diadopsi tina buku *Haji Hasan Mustapa jeung Karya-karyana* susunan Ajip Rosidi, penerbit Pustaka taun 1989, kaca 77).

Conto ka-2:

Panjang Lebar

Ajengan Ahur boga kabiasaan matuh. Lamun ceramah hésé eureun. Sanajan geus ngucapkeun kalimah “punten, sim kuring sanés teu hoyong panjang lébar dina medar ieu masalah, margi...”. Tah lamun geus bijil kecap “margi” pasti tanceb gas deui aya kana satengah jamna. Panjang lébar deui. Teu kalis didéhéman ku khodam (asistén) nu sok marengan mangmawakeun kantong wadah kitab.

Saleuheung lamun ceramah di majlis ta’lim, di madrasah, atawa masjid. Bisa kageuing ku sora bedug jeung adan. Atawa jalma asup tas wudlu rék salat. Karék eureun ngadadak. Ieu ari geus ceramah hareupeun umum. Upamana dina acara seserahan pangantén, atawa sambutan ari aya acara penting di désa atawa kacamatan. Geus sababaraha kali “punten moal tiasa panjang lébar, margi” hih terus baé ngadudud.

Atuh timbul rupa-rupa koméntar. Cenah ceramah Ajengan Ahur mah ibarat tumpak mobil taya erémna. Atawa malah erémna pakem teuing, nepi ka sok eureun ngagentak. Ibarat nu kalangsu teu nyaho jalan, balik deui balik deui.

Tapi basa nyérénkeun Jang Badru rék nikah ka Nyi Sodah mah, pidato Ajengan Ahur singket, padet, jeung keuna kana mamaras. Boro tadina mah sakur nu hadir geus tatan-tatan nyanghareupan pidato lolos erém jeung bulak-balik nyebut “sanés teu hoyong panjang lébar, margi ...”.

Harita mah, tos nyebut “sanés teu hoyong panjang lébar, margi....” téh, tambahna ukur sauted, “Margi upama panjang teuing matak sawan pangantén istri, upami lébar teuing matak reuwas pangantén pameget. Wassalam warohmatulloh wabarokatuh...”

Hadirin spontan patinggalagak seuri. Nepi ka balandongan ngaguruh. Ngan duka seuri pédah naon. Naha kataji ku kekecapan Ajengan Ahur ngeunaan “panjang lébar” keur pangantén, duka atoh pédah teu “panjang lébar” lolos erém kawas sasari.

(Diadopsi tina buku *Jurig Congkang Bisul na Bujur* karangan Usép Romli HM, penerbit Green Smartbook Publishing taun 2014, kaca 75-76).

3. Struktur Téks Anékdot

Téks “Anékdot Haji Hasan Mustapa” téh mun dibaca puguh baé matak urang nyenghél. Lantaran di dinya bisa jadi aya nu teu disangka-sangka saméméhna ku nu maca. Ari sugan, nu rék dipilih ku HHM téh calon nu ngaku solatna khusus, da pinaibeun téa. Tapi horéng HHM mah milih jalma anu leuwih jujur, nu ngaku teu bisa khusus solat lantaran ngadéngé sora biola nu melas-melis. Éta carita karasa manumurwi pisan, jeung tangtu pilihan HHM téh nimbulkeun réaksi ka urang nu macana jadi hayang seuri.

Éta karangan dimimitian ku ngagambarkeun HHM, panghulu besar Bandung, anu rék milih pinaibeun. Calonna aya sababaraha urang, tapi lowonganana ukur hiji. Dina téks anékdot, gambaran kieu téh disebut


abstraksi. Maksudna nyaéta nepikeun gambaran umum ngeunaan téma atawa topik karangan. Ti dinya ditéma ku nerangkeun kumaha cara HHM nguji pinaibeun. Nyaéta ku nguji soal-soal kaagamaan, anu dituluykeun ku netepan berjamaan nu diimaman ku HHM. Gambaran kieu disebut *orientasi*. Nyaéta ngawanohkeun naon nu keur dipilampah atawa peristiwa nu keur disanghareupan ku tokoh utama.

Carita néma kana hiji situasi anu dilématis. Waktu HHM jeung calon naib naretepan, kadéngé sora biola nu dikését ku Toha Firdos. Sanajan dina téks henteu didéskripsikeun kumaha bingungna anu keur sarolat, tapi kasawang ku nu maca naon nu kaalaman ku nu sarolat, da sora biola kadéngé sakitu melas-melisna. Ieu bagian téh disebut krisis. Nyaéta, suasana dilématis atawa masalah anu disanghareupan ku tokoh carita.

Éta suasana krisis téh tangtu baé nimbulkeun réspon ti para tokoh. Réspon nu muncul bisa béda-béda. Siga di luhur, waktu HHM nanya ka calon naib, jawabanana téh béda-béda. Sacara umum, calon naib téh ngajawab yén solatna khusus kacida. Tina omongan salah saurang pinaibeun, kanyahoan yén maranéhna ngajawab kitu téh lantaran hayang kapaké atawa hayang lulus ujian. Ngan saurang baé anu ngajawab henteu khusus ku sora biola téh. Réspon anu teu disangka-sangka muncul ti HHM. Anjeunna justru milih pinaibeun nu ngajawab henteu khusus. Tangtu baé ieu téh diluar sangkaan tokoh séjénna. Ieu bagian dina téks anékdote disebut réaksi. Nyaéta, réspon atawa réaksi tokoh palaku kana krisis anu muncul.

Di ahir carita, diterangkeun ku naon HHM milih nu teu khusus. Urang cutat kalimahna, “HHM jadi ngangkat calon anu panungtung, da dianggap nyarita sajalantrahna, henteu ngabohong”. Cindekna anu dipilih téh anu dianggap jujur. Ieu bagian téh disebut *koda* atawa panutup.

Lamun dilustrasikeun kana bagan, struktur téks anékdot téh kieu:



Gambar 5. 1 Struktur Téks Anékdot

Dina contéks ka-2 anu judulna “Panjang Lébar”, struktur abstraksi, oriéntasi, krisis, réaksi, koda ogé kapanggih. Imeutan tabélna ieu di handap:


Tabel 5. 1struktur abstraksi, oriéntasi, krisis, réaksi, koda

STRUKTUR	KATERANGAN
Abstraksi	Ajengan Ahur boga kabiasaan matuh. Lamun ceramah hésé eureun.
Oriéntasi	Muncul rupa-rupa koméntar kana kabiasaan ceramah Haji Ahur.
Krisis	Haji Ahur kudu ceramah dina acara nyérénkeun Jang Badru, nu hadir geus tatan-tatan nyanghareupan pidato nu bulak-balik
Réaksi	Tapi harita mah teu disangka-sangka pidato Haji Ahur ukur sauted jeung patri.
Koda	Hadirin patinggalagak seuri, nepi ka balandongan ngaguruh.

4. Unsur Kabasaan dina Téks Anékdot

Urang bisa manggihan rupaning unsur kabasaan dina sababaraha conto téks anékdot di luhur. Di antarana baé dina éta téks téh nyampak rupaning kecap rajékan, sok sanajan henteu sakabéh warna kecap rajékan aya contona dina téks.

Ceuk Sudaryat, spk. (2007) kecap rajékan téh nyaéta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan disebut *ngarajék (reduplikasi)*. Aya rupa-rupa kecap rajékan mun digambarkeun dina bagan mah kieu.



Gambar 5. 2 Rupa-rupa Kecap Rajékan

Kecap rajékan gembler anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna disebut *dwilingga*, ari nu nyebut wangun tilu kali wangun dasarna disebut *trilingga*. *Dwilingga* nu teu robah sorana disebut *dwimurni*, ari anu robah sorana disebut *dwiréka*. *Trilingga* umumna robah sora tina wangun dasarna, ku kituna sok disebut ogé *triréka*. Contona:

rupa	→ rupa-rupa	(dwimurni)
balik	→ bulak-balik	(dwiréka)
pek	→ pak-pik-pek	(trilingga)

Kecap rajékan sabagian diwangun ku cara malikan deui salah sahiji engang tina wangun dasarna. Kecap rajékan sabagian anu diwangun ku cara malikan deui engang mimiti wangun dasarna disebut *dwipurwa*, jeung anu diwangun ku cara malikan deui engang tengah wangun dasarna disebut *dwimadya*. Contona:

béja	→ bébéja	(dwipurwa)
sabaraha	→ sababaraha	(dwimadya)

Kecap rajékan sagembler atawa sabagian bisa babarengan atawa binarung jeung ngararangkénan. Ari rarangkén anu marengan ngarajék téh bisa rarangkén hareup, rarangkén tengah, rarangkén tukang, rarangkén barung, bisa rarangkén bareng. Contona:

heula	→ paheula-heula	(pa- + dwimurni)
balik	→ dibulak-balik	(di- + dwiréka)
motor	→ momotoran	(dwipurwa + -an)
dagor	→ tidadalagor	(ti- + dwipurwa + -ar-)
jung	→ sajung-jungeun	(sa- + reduplikasi + -eun)
asup	→ diasup-asupkeun	(di- + dwimurni + -keun)

5. Ngalarapkeun Konsép Téks Anékdote pikeun Bahan Pangajaran

Miakapaham struktur jeung kaédah téks anékdote téh bisa dipaké alat ku guru pikeun ngararancang métode jeung téhnik pangajaran basa Sunda. Antarana baé pikeun:

- a. Ngajéntrékeun bébédaan téks anékdot jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédahna.
- b. Wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun jeung mikapaham basa Sunda dina téks-téks anékdot.
- c. Méré pamahaman jeung gambaran ka siswa pikeun nyusun (ngarang) téks anékdot kalawan struktur anu méréhah.

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan geunaan *Téks Anékdot Basa Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh geunaan matéri dina kegiatan diajar 5.

E. Latihan/Pancén

Pikeun leuwih paham kana matéri struktur jeung kaédah téks anékdot, pigawé pancén ieu di handap:

1. Dadarkeun naon ari anékdot jeung téks anékdot téh!
2. Gambarkeun struktur téks anékdot dina diagram!
3. Naon anu disebut *abstraksi*, *orientasi*, *krisis*, *réaksi*, jeung *koda* dina téks anékdot téh? Tétélakeun!
4. Tuduhkeun conto kecap rajékan dina téks anékdot jeung sebutkeun warna kecap rajékanana!
5. Jéntrékeun, kumaha cara ngalarapkeun konsép téks anékdot pikeun bahan pangajaran di kelas!

F. Tingkesan

1. Anékdote téh carita anu pondok jeung singget, sarta dipikaresep lantaran eusina anu matak pikaseurieun. Caritana biasana ngeunaan jalma penting atawa sohor tur dumasar kana kajadian nu saenyana. Tapi aya ogé anu ngahartikeun yén saenyana anékdote téh carita rékaan, teu kudu dumasar kana kajadian anu enya-nya aya. Kitu deui tokoh anu dicaritakeunana, teu kudu jalma penting atawa nu geus sohor. Kagolong kana wanda téks carita (*story genre*).
2. Téks anékdote nyaéta karangan atawa téks anu eusina nyaritakeun anékdote atawa carita anu eusina pikaseurieun atawa lulucon.
3. Struktur téks anékdote ngawengku abstraksi, oriéntasi, krisis, réaksi, jeung koda.
4. Konsép téks anékdote bisa dilarapkeun jeung dimangpaatkeun dina kagiatan diajar basa Sunda pikeun siswa di sakola.

G. Uji Balik jeung Unduring Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disadiakeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu bener, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur nepi ka tahap mana Sadérék nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap bahan ajar nu kacangkem ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	<	69	=	kurang

Lamun tahap ngawasa geus ngahontal 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngulik bahan dina Kagiatan Diajar 6. Tapi lamun tahap ngawasa

Sadérék kurang ti 80%, pék deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 5, pangpangna ngaderes matéri nu can kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 6

TÉKS PROSÉDUR KOMPLÉKS

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 6 ngawengku ieu di handap:

1. Sabada maca pedaran, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun wangenan téks prosédur kompléks.
2. Sabada maca pedaran, pamilon diklat mampuh nuduhkeun ciri-ciritéks prosédur kompléks.
3. Bari diskusi, pamilon diklat mampuh ngaanalisis struktur téks prosédur kompléks.
4. Sabada tanya jawab, pamilon diklat mampuh manggihan unsur kabasaan nu kakandung dina téks prosédur kompléks.
5. Sabada diskusi, pamilon diklat mampuh méré conto cara ngalarapkeun konsép téks prosédur kompléks pikeun bahan pangajaran.

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator Kahontalna Kompetensi kagiatan diajar 6, ngawengku ieu di handap.

1. Ngajéntrékeun wangenan téks prosédur kompléks.
2. Nuduhkeun ciri téks prosédur kompléks.
3. Nganalisis struktur téks prosédur kompléks.
4. Manggihan unsur kabasaan nu kakandung dina téks prosédur kompléks.
5. Ngalarapkeun konsép téks téks prosédur kompléks pikeun bahan pangajaran.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Téks Prosédur kompléks

Kecap prosédur téh biasa kadéngé ku urang dina kahirupan sapopoé. Réa pagawéan anu dipilampah saenyana nuduhkeun hiji prosédur. Upamana waktu arék nyieun SIM, aya prosédur anu kudu ditempuh ku urang. Upamana baé, daptar heula ka lokét, nyieun surat kaséhatan, miluan ujian tulis, miluan ujian prakték, dipoto jeung nyieun cap sidik jari,

mayar ka bank, jeung saterusna. Kitu deui waktu rék nyieun KTP, pasport, atawa ngajukeun kridit ka bank, aya prosédur-prosédur anu kudu ditempuh.

Éta prosédur téh terkadang digambarkeun atawa diterangkeun dina téks, nepi ka urang boga cecekelan keur milampah léngkah-léngkah bari tartib, atawa keur migawé prosésna. Dina téks biasana ogé dijéntrékeun tujuan urang kudu nempuh éta prosés. Téks-téks siga kitu téh disebutna téks prosédur. Cindekna anu disebut téks prosédur (*procedure*) téh nyaéta téks anu eusina ngadadarkeun léngkah-léngkah nu kudu dipigawé ngarah hiji pagawéan atawa prosés bisa dijalankeun keur ngahontal hiji tujuan kalawan tartib.

Téks prosédur téh aya dua rupa. *Kahiji* téks prosédur basajan, *kadua* téks prosédur kompléks. Dina téks prosédur basajan prosés nu kudu ditempuh téh henteu rumit. Upamana téks prosédur masak mih instan nu sok kapanggih dina bungkusna. Upamana: naheur cai nepi ka panas, asupkeun emihna, sabot emih can asak siapkeun bungbuna dina mangkok, geus kitu mih nu geus asak téh cicikeun kana mangkok kalawan dicaian saperluna, sarta aduk nepi ka siap keur didahar. Lamun prosédur anu dijalankeun téh léngkah-léngkahna ngarancabang atawa mibanda sub-sub léngkah, prosédur kitu téh disebut disebut kompléks. Téksna disebut téks prosédur kompléks.

2. Conto Téks Prosédur Kompléks

Pikeun mikapaham téks prosédur kompléks, ieu di handap aya contona.
Baca sarta imeutan strukturna.

Ngalikeun ku Ramo

Urang ulin matematika bari ngagunakeun ramo. Biasana ramo mah keur ngajumlahkeun. Mun aya budak nu kérok ngajumlahkeun geuning sibuk ngagunakeun ramo. Malah lain ramo leungeun baé nu dipaké téh, sakapeung ramo suku gé dibabawa.

Horéng ramo ogé bisa dipaké keur ngalikeun. Ngan baé, bilangan nu bisa dikalikeun téh ukur bilangan 5 nepi ka 9. Upamana 5×8 , 9×7 , 6×6 , jeung sajabana. Carana kieu:

- a. Jumlah ramo leungeun urang téh aya sapuluh. Nu kénca lima, nu katuhu lima. Éta ramo nu sapuluh téh urang gunakeun kabéhanana keur ngalikeun.
- b. Ayeuna urang praktékeun kakalian 7×8 . Carana unggal angka nu dikalikeun téh kudu dikurangan heula ku 5. Jadi $7 - 5 = 2$. Hasil éta itungan téh larapkeun kana ramo nu kenca. Hartina ajegkeun dua ramo (hasil tina $7 - 5$), nu tilu ramo sésana ditilep. Tuluy $8 - 5 = 3$, larapkeun kana ramo nu katuhu. Hartina ajegkeun tilu ramo (hasil tina $8 - 5$), nu dua sésana ditilep.
- c. Tah lima ramo nu ajeg téh kudu dianggap puluhan. Lantaran aya lima ramo nu ajeg, ku urang kudu diitung 50. Sedengkeun anu ditilep ku urang kudu dianggap hijian sarta antara nu di kenca jeung nu di katuhu téh kudu dikalikeun. Jadi $3 \times 2 = 6$.
- d. Hasil kabéhanana nyaéta nu puluhan jeung nu hijian jumlahkeun: $50 + 6 = 56$. Éta téh apan sarua jeung hasil kakalian 7×8 .

Bisi teu percaya mah geura praktékeun kakalian anu séjénna. Upamana 6×6 . Tahap kahiji, bilangan nu rék dikalikeun téh kurangan heula ku 5. Jadi $6 - 5 = 1$, ajegkeun hiji curuk nu kénca. Kitu deui nu katuhu, $6 - 5 = 1$, ajegkeun hiji curuk. Tahap kadua, sésana nu opat, boh nu kénca boh nu katuhu ditilep. Hasilna, dua ramo nu ajeg anggap 20. Sésana nu ditilep kalikeun (4×4) sarta jumlahna jadi 16. Mun dijumlahkeun hasilna $20 + 16 = 36$. Éta téh apan sarua jeung hasil kakalian 6×6 .

Hayang nyobaan deui? Pék praktékkeun ku sorangan! Kakalianana mah bébas baé, asal ti angka 5 nepi ka 9.

(Diadopsi tina majalah Jaleuleu édisi No. 2 Taun I Februari 2015)

Conto 2:

Cara Ngurus SIM (Surat Izin Mengemudi)

Naha urang kungsi ngurus SIM (Surat Izin Mengemudi), upamana SIM C? Ngurus SIM téh tangtu baé merlukeun waktu jeung waragad. Ieu tulisan dimaksudkeun pikeun babagi pangalaman dina ngurus SIM C kalawan cara anu bener. Muga-muga baé ieu tulisan téh aya mangpaatna pikeun nu baroga kandaraan anu kabeneran tacan boga SIM. Mangpaat nu bisa kapetik antarana baé kumaha urang bisa ngirit waktu jeung waragad, kumaha bisa mastikeun bisa lulus ujian SIM C, sarta kumaha bisa ngajawab soal ujian SIM C kalawan bener. Ieu tulisan ogé boga tujuan sangkan urang bisa ngurus SIM bari bérés dina sapoé.

Sarat-sarat administrasi

Di handap dibéréndélkeun sarat-sarat nu kudu disiapkeun.

(1) Fotokopi KTP salambar

Penting ogé sigana keur urang salilana nyiapkeun fotokopi dina dompét keur rupa-rupa kaperluan.

(2) Waragad

Waragad anu kudu disadiakeun per April 2012 gedéna Rp 120.000,00 (Wincikanana Rp 20.000 pikeun cék kaséhatan sarta Rp 100.000,00 pikeun biaya nyieun SIM).

Taya biaya séjénna, ngan alusna urang mekel duit rada gedé (upamana Rp 150.000,00 pikeun rupa-rupa urusan nu sipatna pribadi). Éta waragad téh geus cukup dumasar kana pangalaman sapoé éta. Keur anu dumuk di wewengkon séjén bisa jadi waragad nu diperlukeun téh leuwih saeutik atawa leuwih gedé. Alusna tatanya heula ka Polres nu pangdeukeutna atawa tzangan informasina.

(3) Sarat pribadi

Ieu di handap béréndélan sarat pribadi nu kudu kacumponan.

- Umur sakurang-kurangna 17 taun.

Nu tacan nincak umur 17 taun ulah miharep bisa ngajuken pikeun boga SIM.

- Tapis maké kandaraan.
Pulisi nu nguji nétélakeun yén jalma nu geus pangalaman ngagunakeun kandaraan kurang ti sataun sering gagal dina ujian. Malah aya anu kungsi nabrak pager waktu nempuh ujian.
- Séhat, bénggras, jeung ayem.
Urang kudu datang ka tempat ujian dina kaayaan séhat, pikiran anu bénggras, jeung haté nu ayem.
- Ulah adigung
Sanajan geus mangtaun-taun ngagunakeun kandaraan, malah geus réa tempat anu kasorang ku urang, can tangtu ngajamin urang lulus tés dina poé éta kénéh.
- Kudu ngaragap diri sorangan
Can tangtu urang bisa lulus dina poééta kénéh lamun urang datang ka tempat ujian SIM C bari henteu aya persiapan anu cukup. Ngaragap diri sorangan téh penting lantaran urang kudu nempuh ujian prakték jeung ujian tiori. Malah di sawatara daérah mah aya uji jalan raya kalawan ngagunakeun motor séwang-séwangan.

Siga di instansi-instansi séjénna, nalika urang rék ngurus hiji surat, siga SIM C, tangtu kudu nempuh prosédur jeung léngkah-léngkah nu geus ditangtukeun. Di handap léngkah-léngkah nu ku urang kudu ditempuh:

- (1) Waktu urang asup ka gapura Polres, siapkeun KTP asli pikeun dipasrahkeun jeung ditémbongkeun ka pulisi, sanajan anu diperlukeun ukur fotokopina. Di Polres séjén boa-boga aturanana béda. Tempuh sagala aturan luyu jeung aturan Polres nu ku urang didatangan.
- (2) Upama aya tumpukan map nu disadiakeun, cokot hiji lantaran éta map mémang disadiakeun pikeun nu ngurus SIM. Asupkeun sakabéh berkas kana éta map sarta lakonan pituduh nu aya di lokét.

- Ti tempat parkir, kalawan mawa fotokopi KTP, urang kudu ngadatangan pos pamariksaan kaséhatan. Patugas bakal mariksa mata, ténsi getih, beurat awak, jeung jangkung awak. Pikeun éta kaperluan urang kudu mayar Rp 20.000,00. Sabadana urang bakal meunang surat katerangan kaséhatan.
- Bawa éta surat jeung fotokopi KTP ka loket tempat daptar pikeun ngurus SIM anyar. Urang kudu ngantri.
- Parkirkeun motor atawa mobil nu ku urang dibawa di tempat parkir nu geus disadiakeun. Pasrahkeun sakabéh berkas ka patugas, sarta bakal aya patugas nu nyarita, “Tungguan ti tempat ujian prakték.” Di sawatara tempat, Polres miheulakeun ujian prakték. Sabada lulus, kakara milu ujian tulis. Sabada lulus duanana, urang kudu nempuh tahap saterusna.

Catetan:


Éta léngkah-léngkah téh mungkin baé béda-béda di unggal Polres. Ku hal éta hadéna urang néangan informasi ngeunaan prosédur cara ngurus SIM di Polrés. Husus pikeun SIM C, di daérah séjén nu nyieun SIM téh kudu miluan tilu ujian, nyaéta ujian prakték, ujian jalan raya, jeung ujian tulis.

(Diadopsi tina buku *Bahasa Indonesia, Ekspresi Diri dan Akademik* pikeun kelas X SMA, diterbitkeun ku Kemendikbud RI taun 2014, kaca 40-41)

3. Struktur Téks Prosédur Kompléks

Tujuan téks “*Ngalikeun ku Ramo*” téh nyaéta urang bisa ngalikeun bilangan antara 5 nepi ka 9 ku cara ngagunakeun ramo leungeun. Carana ngagunakeun sapuluh ramo urang anu léngkah-léngkahna rada rumit sakumaha anu didadarkeun di luhur. Aya opat léngkah anu kudu ditempuh. Éta opat léngkah téh minangka prosédur sangkan urang bisa ngabuktikeun yén ramo téh lain baé bisa dipaké keur ngajumlahkeun, tapi ogé bisa keur ngalikeun. Éta opat léngkah téh ogé jadi panduan urang keur ngajalankeun prosés ngalikeun ku ramo. Cindekna, dina téks prosédur téh aya tujuan jeung aya léngkah-léngkah.

Mun digambarkeun dina bagan mah kieu:



Gambar 6. 1 Struktur Téks Prosédur Kompléks

4. Unsur Kabasaan dina Téks Prosédur Kompléks

Urang bisa manggihan unsur-unsur kabasaan dina téks prosédur kompléks "Ngalikeun ku Ramo". Di antarana baé dina éta dua téks téh nyampak rupaning kecap bilangan, sok sanajan henteu sakabéh warna kecap bilangan aya contona dina téks.

Nurutkeun Sudaryat, spk. (2007) kecap bilangan téh nyaéta sajumlah kecap anu umumna miboga ciri-ciri:

- Nuduhkeun jumlah, beungeutan, urutan, jeung tahapan tina barang.
- Bisa dututurkeun kecap *kali*, nu hartina 'tikelan'. Contona: *lima kali*.
- Bisa dituturkeun kecap barang. Contona: *dalapan sakola*.
- Bisa dirarangkénan ka- nu hartina 'tahapan'. Conto: *kahiji*.
- Bisa dipiheulaan kecap *ngan* saperti. Contona: *ngan lima*.

Kecap bilangan bisa dipasing-pasing dumasar kana hartina, di antarana:

- a. Kecap bilangan utama: hiji, dua, tilu, opat, jst.
- b. Kecap bilangan réndon: hijian, puluhan, jst.
- c. Kecap bilangan recahan: satengah, saparapat, sapertilu, jst.
- d. Kecap biangan tahapan: kahiji, kadua, jst.
- e. Kecap bilangan klitik: éka-, dwi-, tri- catur-, jst.

5. Ngalarapkeun Konsép Téks Prosédur Kompléks pikeun Bahan Pangajaran

Miikapaham struktur jeung kaédah téks prosédur kompléks téh bisa dipaké alat ku guru pikeun ngararancang métode jeung téhnik pangajaran basa Sunda. Antarana baé pikeun:

- a. Ngajéntrékeun bédana téks prosédur kompléks jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédahna.
- b. Wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun jeung miikapaham basa Sunda dina téks-téks prosédur kompléks.
- c. Méré pamahaman jeung gambaran ka siswa pikeun nyusun (ngarang) téks prosédur kompléks kalawan struktur anu mérénan.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Téks Prosédur Kompléks*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 6.


E. Latihan/Pancén

Pikeun leuwih paham kana matéri struktur jeung kaédah téks prosédur kompléks, pigawé pancén ieu di handap:

1. Dadarkeun naon ari nu disebut prosédur téh jeung naon ari téks prosédur kompléks!
2. Naon bédana antara prosédur basajan jeung pérosédur kompléks téh?
3. Gambarkeun struktur téks prosédur kompléks dina diagram!
4. Tuduhkeun conto kecap bilangan dina téks prosédur kompléks jeung sebutkeun warna kecap bilanganana!
5. Jéntrékeun, kumaha cara ngalarapkeun konsép téks prosédur kompléks pikeun bahan pangajaran di kelas.

F. Tingkesan

1. Prosédur téh kecap nu biasa kadéngé ku urang dina kahirupan sapopoé anu nuduhkeun pagawéan nu kudu dipilampah keur ngahontal hiji tujuan. Téks prosédur (procedure) nyaéta téks anu eusina ngadarkeun léngkah-léngkah nu kudu dipigawé ngarah hiji pagawéan atawa prosés bisa dijalankeun keur ngahontal hiji tujuan kalawan tartib.
2. Struktur téks prosédur kompléks ngawengku tujuan jeung léngkah-léngkah:



Gambar 6. 2 Tujuan jeung Léngkah-léngkah

3. Konsép téks Prosédur kompléks bisa dilarapkeun jeung dimangpaatkeun dina kagiatan diajar basa Sunda pikeun siswa di sakola.

G. Uji Balik jeung Unduring Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disadiakeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu bener, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur nepi ka tahap mana Sadérék nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{TahapPangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap bahan ajar nu kacangkem ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
<		69	=	kurang

Lamun tahapnyangkemgeus ngahontal 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngulik bahan dina Kagiatan Diajar 7. Tapi lamun tahapnyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 6, pangpangna ngaderes bahan nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 7

KAPARIGELAN BASA SUNDA

A. Tujuan

Tujuan Kegiatan Diajar 7 ngawéngku:

1. opat aspék kaparigelan ngaregepkeun
2. kaparigelan maca
3. kaparigelan nyarita
4. kaparigelan nulis
5. bahan ajar kaparigelan basa Sunda
6. pangajaran kaparigelan basa

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator kahontalna kompetensi nyaéta saréngséna neuleuman ieu materi, dipiharep Sadérék bisa:

1. ngajéntrékeun aspék kaparigelan ngaregepkeun
2. ngajéntrékeun aspék kaparigelan maca
3. ngajéntrékeun aspék kaparigelan nyarita
4. ngajéntrékeun aspék kaparigelan nulis
5. ngajéntrékeun bahan ajar kaparigelan basa Sunda
6. ngajéntrékeun pangajaran kaparigelan basa

C. Pedaran Bahan

1. Opat Aspék Kaparigelan Basa

Kaparigelan basa Sunda diwangun ku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Éta kaparigelan téh mangrupa kamahér anu gumulung tur teu bisa dipilah-pilah deui. Saurang jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun parigél ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Kecap kaparigelan téh asalna tina kecap *parigél*. Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (KUBS, 1985) kecap parigél ngandung harti bisa digawé

jeung bisa usaha atawa pinter dina sarupaning perkara. Éta kecap téh méh sawanda jeung kecap *tapis*, *paséh(at)*, atawa *mahér*. Kecap *paséhat* asalna tina basa Arab (*fatsihat*) anu ngandung harti bisa ngucapkeun atawa ngunikeun kecap-kecap (hususna basa Arab) sakumaha mistina. Ari kecap *mahér* nurutkeun R Sacadibrata (2005) téh asalna tina kecap *mahir* (Indonesia) nu hartina percéka, pinter, kacida alusna atawa kacida bisana. Jadi, kecap parigél, tapis, paséhat, atawa kecap mahér téh ngandung harti mibanda kamampuh.

Nu dimaksud mibanda kamampuh atawa murba basa téh nurutkeun Chomsky dina Haerudin (2012) disebut kompetensi (*competency*) jeung performansi (*performance*) téa. Kompetensi téh nyaéta kamampuh anu sipatna abstrak, nyangkarukna téh aya dina uteuk jeung batin (diri) manusa, nu mangrupa pangaweruh jeung sikep. Ari performansi mah kamampuh anu sipatna kongkrit. Dina kaparigelan basa mah wujudna nyampak dina kagiatan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Jadi, kamahéran téh tegésna leuwih nyoko kana aspék performansi najan saéstuna mah hésé misahkeunana antara kompetensi jeung performansi téh. Malah bisa disebutkeun yén kaparigelan basa téh enas-enasna mah adu-manisna antara kompetensi jeung performansi téa.

Kamahéran basa sipatna mékanistik, hartina kamahéran basa saurang jalma baris ngaronjat lamun mindeng latihan kalawan manjang (berkesinambungan) tur sistematis. Ieu hal téh ngandung harti yén sing saha baé nu hayang parigél ngagunakeun atawa maké basa Sunda, kudu remen latihan, *maca*, *ngaregepkeun*, *nyarita* jeung *nulis* ku basa Sunda. Implikasina pikeun siswa salaku subjék didik kudu loba dibéré lolongkrang pikeun latihan ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa situasi jeung tujuan makéna basa.

Upama dipasing-pasing, kaparigelan basa téh saéstuna ngurung dina dua beungkeutan, nyaéta mahér ngagunakeun (1) basa lisan jeung (2) basa tinulis.

Anu disebut parigél atawa mahér ngagunakeun basa téh idéalna mah enya-nya masagi dina ngagunakeun basa lisan jeung tulis, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis (ngarang). Dina émprona, aspék nu opat téh saéstuna mah henteu napsi-napsi da mindeng papasangan. Upamana waé, antara ngaregepkeun jeung maca, atawa antara nyarita jeung nulis (ngarang).

Unggal-unggal kaparigelan téh tétéla merlukeun kamampuh nu mandiri deuih. Najan enya antara nyarita jeung nulis sarua pada-pada kamampuh nu sipatna produktif, tapi dina prakna mah lain-lainna deui. Kaparigelan nulis kudu ngéstokeun padika nu aya dina basa tinulis, upamana éjahan jeung tanda-tanda baca, tapi teu kauger ku lentong atawa wirahma, sedengkeun dina nyarita mah sabalikna.

2. Tahapan Diajar Kaparigelan Basa

Dina kahirupan sapopoé, aya dua tahapan diajar basa. *Tahap kahiji* diajar ngaregepkeun jeung nyarita. Kegiatan lumangsung kalawan otomatis dilingkungan kulawarga, henteu karena diprogram atawa direncanakeun sarta lumangsung sacara lisan.

Tahap kadua; diajar maca jeung nulis. Ieu tahapan téh mangrupa tahapan anu dihaja jeung diprogram atawa direncanakeun. Ieu kegiatan téh biasana lumangsung di sakola-sakola atawa di lembaga-lembaga formal lumangsung tinulis dibarung jeung kegiatan lisan.

Jalma anu kaganggu daya kupingna boh bawa ti kuadrat atawa balukar musibah, daya kupingna téh negatif. Akibatna kamampuh mikirna gé kaganggu sabab daya regepna kaganggu atawa bisa jadi teu boga kamampuh mikir saperti jalma anu normal.

Jalma anu henteu mampuh ngaregepkeun balukar kurang daya regepna, geus tangtu moal boga daya atawa kaparigelan nyarita, omonganana balélol, henteu sampurna atawa ruksak. Ku kituna lamun daya regepna

kurang atawa henteu sampurna, sok komo lamun ruksak pisan mah kaparigelan basana ogé moal sampurna.

Kaparigelan ngaregepkeun jadi dasar kaparigelan nyarita, kaparigelan basa lisan mangrupa dasar kaparigelan basa tinulis. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa dua kaparigelan basa anu henteu sarua sipatna, tapi duanana raket pisan patalina, jadi komunikasi dua arah. Éta dua kaparigelan téh raket gumulung jadi hiji kagiatan nyarita atawa sabalikna moal aya kagiatan nyarita lamun henteu aya kagiatan ngaregepkeun. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa kaparigelan anu sipatna komunikasi langsung dua jalur atawa biasa disebut *fase to fase communication*, kitu ceuk Brook dina Tarigan (1989).

Jalma anu loba kagiatan macana, kalawan gampang bisa nyaritakeun deui naon-naon anu kungsi dibaca boh ku cara lisan atawa ku cara tinulis. Pon kitu deui jalma anu parigél ngaregepkeun, kalawan gemet bakal bisa nerangkeun deui hasil regepanna ku cara lisan atawa ku cara tinulis. Cindekna mah éta opat kaparigelan basa téh silih tangtukeun silih pangaruhan. Pakuat-kaitna hiji kaparigelan basa henteu bisa leupas tina kaparigelan basa séjénna. Éta opat kaparigelan basa téh bisa disebut *catur tunggal*.

3. Kaparigelan Ngaregepkeun

Ngaregepkeun ngandung harti anu béda jeung ngadéngékeun, sora nu kadéngé can tangtu bisa karegepkeun sedengkéun ngaregepkeun mah tangtu bari kudu ngadéngé éta sora. Sangkan leuwih jéntré, patalina jeung hakékat ngaregepkeun dina ieu pedaran baris ditétlakeun ngeunaan: 1) harti jeung ta'rif ngaregepkeun, 2) ngaregepkeun mangrupa hiji prosés, jeung 3) kamampuh pangrojong ngaregepkeun.

a. Harti jeung Ta'rif Ngaregepkeun

Kecap *ngaregepkeun* kaasup kecap kompleks tina *regep* diuwuhan simulfiks N-keun. Di sagigireun kecap ngaregepkeun aya kecap *regepkeun* jeung *saregep*. Kecap regepkeun ngandung harti *imperatif*

(panitah) sangkan siswa, saregep bener-bener museurkeun paniténa, pikiranana, kana hal atawa masalah, materi regepan anu keur atawa rek dipedar. Dina prosés ngaregepkeun, situasi méntal *paregep* éstu daria, enya-nya enggoning ngabandungan pedaran pawicara. Paningal jeung daya regep kudu museur ka guru atawa ka pawicara, kana sumber rékaman, kana radio atawa kana sumber sora séjénna.

Saregep mangrupa kagiatan méntal anu gedé pangaruhna kana kadar hasil regepan. Jalma anu saregep nyaéta jalma anu *enya-nya, daria, soso-soso* migawé atawa ngaregepkeun naséhat, pedaran élmu, atawa naon baé kalawan henteu kegémbang atawa kaganggu ku hal-hal séjénna anu bisa ngurangan ajén daya regep.

Kecap sawanda séjénna nyaéta ngadéngé, mireng, atawa *nguping*, nyaéta prosés nangkep sora-sora basa anu ngalantarankeun subjek ngaréaksi. Ieu prosés téh lumangsung insidental, henteu dihaja, puguh objékna, tapi tacan miboga ma'na tujuan jeung acan miboga prosés pamahaman atawa nyangking objék.

Ngaregepkeun mangrupa hiji prosés nguping, ngupingkeun ngadéngékeun sakumaha disebut kieu, puguh objékna, bari dibarengan ku rasa saregep, enya-nya sarta daria. Akibat prosés ngaregepkeun, si subjek bakal nyangking ma'na, nyangking objék ku cara identifikasi prosés reséptif, prosés mikir induktif ngeunaan sora-sora basa, fonem, gundukan kecap, omongan jeung nyangking objék.

Ilustrasi di handap ieu bisa dipaké pikeun ngabédakeun ma'na ngadéngé (mireng), ngadangukeun (ngadéngékeun) sarta prosés ngaregepkeun.

Hasan jongjon ngapalkeun di tepas hareup. Teu kungsi lila aya sora ngagombrang ti tengah imah, ditema ku sora lanceukna seuri ngabarakatak. Ha! Ha! Ha! Hasan henteu maliré kana éta sora, manéhna mah jongjon baé ngapalkeun siga euweuh kajadian naon-naon di sagigireunana.

Peristiwa di luhur ngagambarkeun yén Hasan ngan ukur ngadéngé éta sora, kalayan henteu ngahaja ngadéngékeun atawa hayang maluruh kana éta sora anu kadéngé ku Hasan bieu. Peristiwa anu kitu pandena kaasup kana prosés ngadéngé.

*Darya jongjon ngalukis kaéndahan alam basisir Sayang Heulang. Alat lukisna mayak dina luhur méja. Gigireunana ngalaheang radio disada. Sigana semu bétaheun pisan Darya ngalukisna téh. Selang-selang tina ngalukis, Darya muter kasét kameumeutna **Laut Kidul** haleuangna Mimin dina lagu **Bayubud**.*

Sababaraha kali éta lagu tah diputer, teu bosen-boseneun, sigana mah lir saperti anu hayang nyaho jelegurna ombak laut kidul jeung waasna pamandangan di basisir.

Éta lagu téh keur Darya mah mangrupa inspirasi geusan ngagambarkeun kaéndahan di basisir Laut Kidul. Galindengna éta lagu dina éta kasét lir masieup kaéndahan lukisanana. Unggal ngalukis Darya mah tara ieuh leupas tina radio kasét sarta lagu anu payus jeung téma lukisanana.

Ilustrasi ngalukis jeung bari nyetel radio kasét atawa rekaman lagu-lagu anu kasebut di luhur, mangrupa kagiatan anu dihaja nyaéta kagiatan anu puguh objékna, nyaéta lagu Laut Kidul dina bayubud, éta kabéh ngagambarkeun hal anu ngahaja. Tina éta lagu Darya henteu kungsi meunangan pangaweruh, manéhna ngan saukur resep baé atawa ngan mangrupa kalangenan baé.

Dumasar kana harti, katerangan sarta ilustrasi di luhur bieu, urang bisa nyieun simpulan yén ngaregepkeun téh mangrupa hiji prosés. Unggal tahapan prosés meredih puseur perhatian, ngawasa bahan, interprétasi, apresiasi, évaluasi jeung réaksi atawa tindakan. Hal sarupa kitu téh mangrupa hiji tanda yén ngaregepkeun mibutuh panitén anu saregep, bener-bener, daria, aktif, rancagé fisikna, kitu deui méntalna.

b. Tujuan Ngaregepkeun

Tujuan atawa maksud ngaregepkeun bisa rupa-rupa, gumantung kana sipat jeung kaayaan. Upama dipasing-pasing mah tujuan ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa: (1) nyangkem informasi; (2) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé; (3) sangkan bisa 'ngarespon' anu leuwih mernah kana naon anu kadéngé; (4) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung (5) nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

Pikeun nangkep atawa ngumpulkeun informasi atawa ngaregepkeun anu hadé, bisa dipangaruhan ku tilu aspék: (1) persépsi; (2) intelegénsi; jeung (3) mikir.

Nu dimaksud persépsi nyaéta hiji prosés nalika saurang paregep ngatur jeung ngainterprétasikeun (nafsirkeun) kesan ngeunaan informasi anu katarimana. Ari intelegénsi mangrupa kamampuh paregep nangkep eusi nu aya dina informasi. Gancang atawa kendorna dina nangkep eusi carita bisa gumantung kana intelegénsi. Upama jalma punjul intelegénsina, boga kamampuh pikeun matalikeun data nu katangkep jeung data anu geus dipibanda, sarta mampu nyieun analisis pikeun nyokot kacindekan. Ari mikir mangrupa raket pasualanana jeung prosés ngaidéntifikasi informasi. Waktu nangkep informasi, pikiran paregep téh sok muter, mulak-malik ingetan kana sakur data anu geus nyampak. Satutas pikiran jalan, nyaéta ku ngolah antara data anyar jeung data heubeul, tuluy jadi

ngarti sarta baris jadi data anyar hasil ngahubungkeun antara data nu katangkep jeung data anu geus nyampak.

c. Ngaregepkeun Mangrupa Hiji Prosés

Ngaregepkeun mangrupa hiji kagiatan anu kompleks, ku kituna meredih konsentrasi anu kuat ti paregepna. Tanpa konsentrasi anu daria, pamohalan pisan paregep bisa ngawasa bahan regepan. Kagiatan méntal paregep bener-bener aktif, uteukna muter, hirup ka bawa regepan. Ku sabab éta pisan para ahli aya anu boga pamanggihna yén ngaregepkeun mangrupa kagiatan anu reseptif aktif. Disebut teresptif sotéh pedah baé informasi téh datangna ti luar, aripangna disebut aktif pedah sajeroning ngaregepkeun téh prosés mikir mah lumangsung, muter narima informasi ku urat saraf kana otak kecil. Tanpa panitén anu museur, sora-sora kecap atawa omongan moal bisa katangkep kalawan sampurna.

Aya tilu rupa kagiatan ngaregepkeun anu kudu meunang panitén sangkan prosés ngaregepkeun bisa lumangsung. *Kahiji*, kaparigelan museurkeun panitén paregep. Tanpa kaparigelan museurkeun panitén paregep, identifikasi sora-sora basa moal sampurna katangkep ku daya regep/daya kuping. Sora basa anu geus kacangking téa kudu ngabogaan harti. *Kadua*, kudu ngabogaan pangaweruh ngeunaan ilmu basa sangkan bisa mere harti kana bahan atawa kana wacana regepan. *Katilu*, sanggeus bahan regepan téh kacangking, nyaéta ku cara ngainterprétasi bahan regepan, saterusna kudu ditimbang-timbang, diuji sarta diluyukeun jeung pangalaman anu nyampak di diri paregep. Dina éta prosés, paregep perlu méré ajén atawa vérifikasi sangkan paregep bisa nolak, ngaheueuhkeun eusi regepan, cocog atawa henteu, bakal gumantung kana apik henteuna paregep ngaréspon bahan regepan.

Umumna para ahli sapamadegan yén ngaregepkeun téh mangrupa hiji prosés. Pamadegan para ahli ngeunaan tahapan ngaregepkeun

loba anu henteu sarua, tapi sanajan kitu galeuhna mah kitu-kitu kénéh.

Logan jeung Green Spk, dina Tarigan (1989) nyieun papasingan prosés ngaregepkeun jadi tulu bagian, nyaéta: (a) *comprehending*; (b) *interpreting*; jeung (c) *evaluating*. Walter jeung Morris nyieun papasingan ngaregepkeun jadi lima tahapan, nyaéta: (a) *hearing*; (b) *attention*; (c) *perception*; (d) *evaluation*; (e) *response* atawa *réaction*. Logan Spk. jeung Green Spk. nyieun papasingan prosés ngaregepkeun diwangun ku: (a) *hearing*; (b) *understanding*; (c) *evaluating*; (d) *responding*.

Dumasar kana pamanggih ahli diluhur, tahapan ngaregepkeun bisa dibagi jadi opat tahapan, nyaéta : (a) ngadéngé, mireng, nguping; (b) nyangkem, ngawasa, nyangking; (c) mere ajén, vérifikasi, jeung (d) ngaréaksi.

Tahapan ngadéngé mangrupa tahapan narima informasi sora-sora basa. Ma'na informasi anu katarima lain baé mangrupa kecap-kecap, tapi ogé mangrupa nada, intonasi, situasi, *setting*, sarta harti anu katangkep ku paregep.

Tahapan ngawasa, nyangking atawa nyangking mangrupa prosés narjamahkeun atawa prosés méré ajén kana ma'na informasi anu merenah disebut persépsi atawa pamahaman. Sanggeus prosés informasi lumangsung, saterusna nyaéta prosés évaluasi. Prosés évaluasi nyaéta mangrupa kagiatan nangkep informasi anu katangkep, mangrupa bukti katarima atawa henteuna, beurat atawa enteng, bari dilengkepan ku pangaweruh jeung pangalaman paregep anu relevans jeung amanat ti pawicara anu antukna bakal jadi kacindekan, bisa nampa atawa nolak amanah pawicara.

Pamungkas prosés ngaregepkeun nyaéta mangrupa réaksi atawa réspon kana eusi regepan anu ditepikeun ku pawicara. Ieu réaksi téh bisa ngawujud mangrupa réaksi badaniah kayaning manggut-

manggut, gogodeg, nyapelekeun atawa kagiatan milampah hal anu mangrupa tindakan paregep.

Dumasar kana pedaran di luhur, urang bisa nyokot sababaraha kacindekan nyaéta : “ngaregepkeun mangrupa kagiatan anu sipatna reseptif aktif”. Nngaregepkeun mangrupa prosés anu kompleks, anu meredih konséntrasi anu buleud, kamampuh linguistik, cara ngaregepkeun anu éféktif, kasagaan méntal jeung fisik anu prima. Prosés ngaregepkeun lumangsung mangrupa: ngadéngé, mireng, persépsi (pamahaman), méré ajén jeung milampah hiji kagiatan.

d. Kamampuh anu Ngarojong Ngaregepkeun

Ngaregepkeun mangrupa hiji prosés anu rumit sarta ngalaman sababaraha tahapan. Unggal tahapan ngaregepkeun lumangsung kalawan runtun. Tahapan ngaregepkeun anu disebut di luhur bieu téh nyaéta : (a) tahapan ngadéngé (mireng), (b) tahap persépsi (nyangking,nyangkem,ngawasa), (c) tahap mere ajén (verivikasi), jeung (d) tahap milampah kagiatan anu mangrupa réaksi jeung respon.

Éta tahapan meredih kaparigelan séjén anu tangtu kudu kacangking ku pangregep. Tahapan pamungkas bakal bisa ngahasilkeun anu disebut ngaregepkeun anu hadé upama dibarengan ku panitén jeung hal-hal anu aya patalina jeung museurkeun panitén, pikiran anu daria kana bahan regepan. Ku kituna aya lima kaparigelan anu kudu dicangking ku pangregep sangkan ngaregepkeun bisa lumangsung kalawan nyugemakeun. Ari kamampuh nu dimaksud téh nyaéta : (a) Kamampuh museurkeun panitén kana hiji hal, (b) Kamampuh linguistic jeung nonlinguistik, (c) Kamampuh ngayakeun vérifikasi, (d) Kamampuh ngaréspon, jeung (e) Kamampuh nginget-nginget.

4. Kaparigelan Nyarita

a. Watesan

Dina Kamus Umum Basa Sunda Danadibrata (2005:94,268) ditétélakeun yén nyarita, carita (basa Sansekerta) atawa carios nyaéta omongan anu maksudna méré nyaho hal naon-naon; nyarita atawa cacarita nyaéta ngalisankeun naon-naon, supaya batur nyahoeun. Nyarita, omong, ngomong (sasauran) ngandung harti nepikeun sawatara kecap, tanda ngabéjaan, ménta, nitah atawa nyarék.

Tarigan (1981:16) nétélakeun yén nyarita mangrupa kamampuh pikeun ngucapkeun sora-sora artikulasi nu diwangun ku runtuyan kecap pikeun ngébréhkeun jeung nepikeun pikiran, gagasan, katut kereteg haté. Sedengkeun Nurgiantoro (2001) nétélakeun yén nyarita mangrupa aktivitas ngagunakeun basa nu dilakukeun ku manusa sanggeus aktivitas ngaregepkeun. Dumasar sora-sora basa anu diregepkeunana éta satuluyna manusa diajar ngucapkeun sarta ahirna mampuh pikeun nyarita. Dina situasi anu normal, motivasi nyarita téh pikeun nepikeun hiji maksud ka jalma séjén atawa pikeun némbongkeun réaksi kana hiji hal anu diregepkeunana. Nyarita ngandung harti ogé hiji peristiwa nepikeun maksud (ide, pikiran, maksud, kereteg haté) ti saurang jalma ka jalma séjénna ku basa lisan nepi ka jalma nu diajak nyarita téh ngarti. Hal séjén anu mangaruhan kana kagiatan nyarita hiji jalma nyaéta ayana hiji masalah nu jadi jejer caritaan jeung ayana lawan nyarita.

Tina éta watesan di luhur ngandung sawatara hal anu penting dina kagiatan nyarita, kayaning: (a) aya pihak anu nepikeun maksud, disebutna nu nyarita (*sender*); (b) aya pihak anu narima maksud, disebutna anu diajak nyarita (*receiver*); (c) aya parobot geusan nepikeun éta maksud, nyaéta basa lisan; (d) aya maksud anu ditepikeun ku anu nyarita sangkan kahartieun ku anu diajak nyarita (*paregep*).

b. Tujuan jeung Mangpaat Nyarita

Tujuan nyarita anu utama nyaéta pikeun campur gaul dina hirip kumbuh sapopoé. Upama diwincik tujuan nyarita di antarana pikeun: 1) ngarojong, 2) ngayakinkeun, 3) Migawé/milampah hiji hal, 4) ngalaporkeun atawa nepikeun informasi, 5) ngabubungah atawa ngahibur batur, jsté.

Anu kaasup kana mangpaat nyarita di antara waé pikeun (1) ngurangan rasa kéder, waswas, jeung gugup dina nyanghareupan jalma réa; (2) ngalatih numuwuhkeun kapercayaan diri; (3) ngalatih téhnik sora, artikulasi; (4) nyangking daya pérsuasi; (5) ngabina kamampuh pédagogis jeung psikologis; (6) nambahan pangaweruh kabeungharan kecap; (7) ngabina kamampuh ngaéksprésikeun diri, saperti pasemon jeung gerakan nonvérbal salila nyarita atawa dialog; (8) teu apriori jeung mampuh ngahargaan jalma anu keur cacarita; (9) ngalancarkeun dina prosés komunikasi; (10) teu hésé dina mangaruhan jalma séjén; (11) miboga sikep silihajénan; (12) mibanda sikep positif ka sasama; (13) teu hésé ngayakinkeun jalma réa sabab bisa ngébréhkeun eusi haté atawa buah pikiran anu singget, jéntré, tur pepel; (14) parigel sarta mibanda kakuatan dina mertahankeun pikiran atawa pamadegan; (15) mibanda sikep objéktif jeung toleran; sarta; (16) lancar dina campur gaul jeung komunikasi papada jalma.

c. Nyarita dina Pangajaran Basa

Dina pangajaran basa, nyarita mangrupa kagiatan komunikasi lisan. Aktivitas pembelajaran bisa mangrupa: (1) nyarita pikeun ngébréhkeun pamadegan, gagasan, pangaweruh, jeung kahayang. (2) nyarita ngeunaan rasa jeung pangalaman, (3) pidato, ngadongéng, (4) diskusi/sawala, (5) nyarita dina kalungguhan salaku pangatur acara, (6) ngawawancara, (7) nyarita dina telepon, (8) ngobrol, ngawangkong, silihtanya, paguneman, jeung sajabana. (9) Dina widang atikan di sakola, pembelajaran ngagunakeun basa lisan téh dilatih ku rupa-rupa téhnik latihan nyarita, di anatarana waé: (10) ngawanohkeun diri, (11) midangkeun pakta, (12) nyieun atawa medar

hiji hal, (13) ngalaporkeun hiji hal, (14) ngoméntaran, (15) ngaréproduksi caritaan, jeung sajabana.

d. Métoodeu Pangajaran Nyarita

leu métoodeu dipaké pikeun ngaronjatkeun kamahéran murid dina nyarita. Guru ngaping jeung ngarahkeun murid. Saméméh nyarita murid diarahkeun heula, boh bahan picaritaeunana boh kumaha kuduna. Métoodeu pangajaran nyarita dibagi jadi tilu bagian, nyaéta: terpimpin, semi terpimpin, jeung bébas.

1) Métoodeu Terpimpin

Métoodeu terpimpin nyaéta métoode nu digunakeun pikeun nungtun murid diajar nyarita ngeunaan hiji perkara kalawan diarahkeun kudu nyumponan sarat-sarat anu kudu diperhatikeun saméméhna, di antarana a) maluruh heula hiji objék picaritaeun, b) nyaritakeun objék nu kungsi ditingalina, c) ngaréproduksi tina hasil bacaan, d) paguneman dialog nu diterangkeun, e) latihan nyarita ku cara kaulinan, f) nyusun kalimah, g) nyieun paraprase, h) ngadongéng, i) téhnik tembang jeung ngawih, j) macapat, jsté.

2) Métoodeu Semi Terpimpin

Metode semi terpimpin nyaéta métoode nu digunakeun pikeun nungtun murid diajar nyarita ngeunaan hiji perkara tanpa diarahkeun saméméhna di antarana a) reproduksi informasi tina sumber wacana nu dilisankeun, b) carita dumasar gambar, c) nyaritakeun deui informasi ku cara tatalepa, d) ngalaporkeun deui eusi bacaan, jeung e) ngalaporkeun eusi pidato.

3) Métoodeu Bébas

Metode bébas nyaéta métoode nu digunakeun pikeun nungtun murid diajar nyarita ngeunaan hiji perkara tanpa diarahkeun saméméhnatur dibébaskeun pikeun nangtukeun naon-naon anu baris ditepikeun dina nyarita, upamana a) pidato/biantara, b) wawancara, jeung, c) diskusi/sawala/gunem catur.

e. **Palanggeran Ngajén Kamampuh Nyarita**

Sawatara hal anu jadi pasaratan parigel dina nyarita ngawéngku sababaraha aspék, di antarana 1) nerangkeun poko caritaan, 2) kacangking henteuna bahan, 3) sistematika medar bahan, 4) wirahma/intonasi/lentong nyarita, 5) lafal, 6) milih kecap/diksi/kabeungharan kecap, 7) paselapna kecap tina basa séjén, upamana basa Indonesia jeung nu séjénna, 8) paselapna kalimah tina basa séjén, upamana basa Indonesia jeung nu séjénna, 9) tatakrama basa atawa u dak-usuk basa, 10) volume sora, 11) tagog/rengkuh nyarita, 12) kontak jeung pamiarsa/ngabagi panempo, 13) kualitas naskah, écsna pedaran naskah, jeung 14) écsna medar dina nyarita. Saupama dibagankeun éta aspék nu jadi pasaratan kaparigelan nyarita téh bisa diwangun jadi skala peunteun ieu di handap.

Conto Format Ajén Kaparigelan Nyarita

No.	Aspek	Skala ajén			
		4	3	2	1
1.	Nerangkeun poko caritaan				
2	Kacangking henteuna bahan				
3	Sistematika medar bahan				
4	Wirahma/intonasi/lentong nyarita				
5	Lafal				
6	Milih kecap/diksi/kabeungharan kecap				
7	Paselapna kecap tina basa Indonésia				
8	Paselapna kalimah tina basa Indonesia				
9.	Tatakrama basa				
10.	Volume sora				
11.	Tagog/rengkuh nyarita				
12.	Kontak jeung pamiarsa/ngabagi panempo				
13.	Kualitas naskah				
14.	Écsna pedaran naskah				
15.	Écsna medar dina nyarita				
Jumlah ajén/skor					

5. Kaparigelan Maca

a. Watesan Maca

Maca mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan makéna basa. Éta hal saluyu jeung pamadegan Tambupulon (2008), yén maca téh mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan makéna basa sarta mangrupa bagian tina komunikasi tinulis. Burhan (2001) nétélakeun yén maca téh hiji pagawéan anu dilaksanakeun kalawan gawé bareng sababaraha kaparigelan nyaéta nengétan, maham, mikiran. Maca mangrupa hiji prosés nu dilakukeun sarta digunakeun ku nu maca pikeun nyangkem pesen nu ditepikeun ku nu nulis dina basa tinulis (Tarigan, 1984:7).

Nurutkeun Rusyana (1984:207-213) prosés maca kakara lumangsung lamun aya komponén-komponén nu ngarojongna, nyaéta aya nu maca, aya bahan bacaan, aya kagiatan maca jeung latar. *Nu maca (pamaca)*, nyaéta unggal jalma anu mibanda tingkat kamahéran maca séwang-séwangan saluyu jeung umur, jenis kelamin, pangalaman intelegénsi, kamahéran ngagunakeun basa, jeung minat baca. *Bacaan* patalina jeung objék atawa bahan bacaan anu diperlukeun tur kudu aya. Hiji jalma bisa ngalakukeun kagiatan maca upama aya bahan anu rék dibacana. Éta bahan bacaan téh bisa dipilih saluyu jeung pangaresep atawa kapentingan nu maca. *Kagiatan maca* mangrupa paripolah anu dilakukeun kalawan sadar pikeun nyangkem informasi tina bahan anu dibacana. *Latar* patalina jeung waktu tempat, katut suasana. Kagiatan maca bisa lumangsung kalawan hadé lamun ditempat nu merenah. Upamana di imah, jeung di perpustakaan.

Dumasar kana watesan nu diébréhkeun ku para ahli di luhur, bisa dicindekkeun yén maca téh nyaéta salah sahiji kaparigelan makéna basa nu dilakukeun sarta digunakeun ku nu maca pikeun nyangkém ma'na, ide jeung gagasan boh nu kauni boh nu nyamuni. Maca lain ngan ukur narima, tapi aktif nyangkém ma'na, ide, jeung gagasan boh nu kauni boh nu nyamuni dina wacana.

b. Warna Maca

Warna maca bisa dipasing-pasing deui jadi tujuh rupa nyaéta: maca jero haté, maca gancang, maca téhnik, maca basa, maca éstétis, maca kritis, jeung maca kréatip.

Maca jero haté nyaéta kagiatan maca kudu nyangkem sakabéh eusi bacaan kalawan gembeng ku jalan matalikeun eusi jeung pangalaman sarta pangaweruh nu kapimilik ku nu maca bari teu dibarengan ku sora.

Maca gancang nyaéta kagiatan maca anu dilaksanakeun dina waktu anu singget tur gancang pikeun nyangkem gurat badag eusi bacaan.

Maca téhnik atawa maca bedas nyaéta kagiatan maca anu dilaksanakeun kalawan dibedakeun atawa ditarikeun luyu jeung randegan, lentong jeung wirahma.

Maca basa nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun ngajembaran kabeungharan kecap, mekarkeun kamampuh nyusun kalimah, nyangkem gaya basa sagemblengna, nu dimangpaatkeun pikeun mekarkeun kamampuh basa nu maca.

Maca éstétis nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun nyangkem sarta ngahargaan unsur-unsur karya sastra anu éndah.

Maca kritis nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun ngajén unsur-unsur nu nyangkaruk dina karya sastra.

Anu pamungkas nyaéta *maca kréatif*. Kagiatan maca anu mibanda tujuan pikeun nyangkem ajén-inajén anu aya dina karya sastra sarta digunakeun dina kahirupan sapopoé.

Papasingan warna maca lianna, diébréhkeun ku Tarigan (1984:12), yén warna maca téh dibagi dua nyaéta: 1) maca éksténsif (*éksténsif réading*) jeung 2) maca intensif (*inténsif réading*).

Maca éksténsif dibagi jadi tilu nyaéta: (a) maca survey (*survey réading*); (b) maca saliwat (*skimming*); jeung (c) maca déét (*superficial réading*).

Sedengkeun maca intensif dibagi dua nyaéta: (1) Maca talaah eusi (*content study réading*) ngawéngku: a) maca taliti (*close réading*); b) maca pamahaman (*comprehensive réading*); c) maca kritis (*critical réading*); jeung d) maca ide (*réading for ideas*). (2) Maca talaah basa (*language study réading*) ngawéngku: a) maca talaah basa kosta (*foreign language réading*) jeung b) maca sastra (*literary réading*).

6. Kaparigelan Nulis

a. Watesan Nulis

Nulis mangrupa kamampuh makena basa dina wangun tinulis. Tina ieu wangenan gé geus ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan produktif aktif. Nurutkeun LBSS (1985: 50), nulis nyaéta nyieun aksara atawa angka dina kerétas jst, ku parantina. Hal ieu téh luyu jeung pamadegan Tarigan (1983:21) yén nulis téh mangrupa kagiatan ngagambarkeun lambang-lambang grafik dina wangun basa nu pikahartieun.

b. Fungsi Nulis

Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan produktif aktif, atawa bisa oge disebutkeun yén nulis téh mangrupa kagiatan ngébréhkeun eusi hate jeung pikiran ka nu séjén ku basa tinulis. Dina kaparigelan ieu, fungsi utamana nyaéta pikeun pakakas komunikasi anu henteu langsung. Ieu kagiatan nulis téh kacida pentingna pikeun dunya atikan, sabab ku nulis bisa mantuan siswa mikir kritis, bisa ngagam-pangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana daya persépsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun sauntuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran nu aya dina diri nu nulis.

c. Guna Nulis

Kauntungan nulis téh nyaéta: (1) nu nulis bisa nyaho kana kamampuh nulisna sorangan; (2) mi nulis bisa mekarkeun ide-ide/gagasan-gagasanana; (3) nu nulis kalatih dina neangan informasi nu saloba-lobana; nu nulis bisa ngajéntrékeun masalah-masalah nu can jéntré; nu nulis bisa ngajén kana pamanggih-pamanggih pamadegan jalma séjén ku cara objéktif; (4) nu nulis bakal leuwih gampang ngungkulan masalahna lan-taran geus nembrak (ditulis); (5) nu nulis bakal leuwih kadorong pikeun diajar leuwih aktif-kréatif; (6) nu nulis bakal kalatih mikir kritis tur ngagunakeun basa anu puguh entep seureuhna.

d. Rupa-Rupa Tulisan

Nurutkeun eusina, tulisan téh dibagi jadi opat: (1) narasi, (2) deskripsi, (3), eksposisi, jeung (4) arguméntasi.

- i. *Narasi* nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina ngébréhkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rékaan. Contona: dongeng, novel, carita pondok, biografi, skétsa, jsté.
- ii. *Deskripsi* nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina ngadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pa-

ngalamanana. Karangan deskripsi ngagambarkeun objék sajéntré-jéntréna.

- iii. *Eksposisi* nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina nga jéntrékeun atawa nerangkeun hiji objék, kumaha prosésna, tujuanana, pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma.
- iv. *Arguméntasi* nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina ngajéntrékeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka jalma lian yakin tur percaya kana pamadegan anu disodorkeunana.

e. Tahap-tahap Nulis

Tahap nulis téh aya dua. Kahiji, tahap nandeskeun ide. Kadua, tahap nuliskeun ide.

(1) Tahap Nandeskeun Ide

ngawéngku lima langkah anu kudu digarap, nyaéta a) *milih topik atawa* bahan picariteun, bahan tuliskeuneun; b) *Nangtukeun topik nu spesipik* sangkan topik nu dipilih ulah lega teuing ambahanana. Aya sawatara cara anu bisa dipaké. Éta cara téh bisa disingget jadi *PUSAT-B*. P (ungsi) ngan dicaritakeun fungsina. U (ntung rugina) ngan dicaritakeun untung rugina, hade gorengna. S (ajarah) ngan dicaritakeun téh sajarah, asal usul riwayat, kasang tukang, sabab musababna wungkul. A (ya) ngan dicaritakeun téh kaayaanana, faktana wungkul. T(ipe) ngan dicaritakeun téh tipena wungkul. B (ener henteuna) ngan dicaritakeun téh bener henteuna wungkul; c) *Nangtukeun tujuan jeung wangun karangan*. Tujuan ngarang téh aya tilu rupa: (1) mere nyaho/informasi ka nu macana, (2) ngahudang rasa ka nu macana, (3) méré nyaho jeung pikeun ngahudang rasa ka nu macana.

Lamun tujuan ngarang pikeun ngahudang rasa ka nu macana nu cocog téh upamana waé esei, ulasan, laporan, jste. Upama tujuanana ngahudang rasa, wangun karanganana bisa carpon,

sajak, novel, jst. Tapi, lamun tujuanana campuran, wangun .karangan nu cocog bisa biografi atawa otobiografi; d) *Nangtukeun approach atawa pamarekan*. Dina nulis bisa digunakeun pamarekan faktual atawa pamarekan imajinatif atawa bisa baé campuran faktual-imajinatif. e) *Nyieun rangkay karangan*. Rangkay karangan nu umum ngawéngku bubuka, eusi, jeung panutup.

(2) Tahap nuliskeun ide

Aya opat hal nu kudu dipilampah dina tahap nuliskeun ide.

- 1) ***Kudu bisa ngamimitian nulis***. Aya pituduh pikeun ngagampangkeun ngamimitian nulis. Éta pituduh téh disingget jadi *TOP KUAT*. T(esis) ; mimiti nulis ku cara ngébréhkeun tesis, pamanggih. O (mongan); mimiti nulis dibuka ku omongan, dialog, paguneman. P(aripolah); mimiti nulis dibuka ku paripolah, tingkah laku, action. K(uriositas); mimiti nulis nyodorkeun hal-hal anu matak ngahudang kapanasaran. U(ngkapan); mimiti nulis ku ngébréhkeun ungkapan, babasan, atawa paribasa. A(nekdot); mimiti nulis ku cara ngébréhkeun anekdot, kutipan pangalaman. T(anya), mimiti nulis ku cara nyodorkeun pertanyaan
- 2) ***Nu nulis kudu maher ngawangun paragraf***. Paragraf mangrupa wangun basa nu leuwih lega batan kalimah. Ku kituna, biasana paragraf diwangun ku sawatara kalimah. Kalimah-kalimah dina hiji paragraf kudu mangrupa beungkeutan anu gembleng, nu silih lengkepan enggoning ngébréhkeun hiji poko pikiran.
- 3) ***Nu nulis kudu parigel mungkaskeun karangan*** Sanggeus paragraf-paragraf disusun, nu nulis dipiharep mungkaskeun karanganana. Aya sawatara cara mungkaskeunkarangan, di antarana: paragraf pamungkas mangrupa ringkesan ide-ide poko atawa argumén-

argumén nu geus disodorkeun paragraf pamungkas mangrupa ébréhan harepan pangarang. paragraf pamungkas mangrupa klimaks (upama nu ditulis mangrupa carita). Paragraf pamungkas mangrupa kalimat anu ngébréhkeun yén éta pagawéan téh geus rengse (lamun karangan paparan)

- 4) ***Nu nulis tapis nyieun judul.*** Judul mangrupa titel, label, merk atawa ngaran karangan. Ku kituna, judul karangan téh kudu ngahudang kapanasaran ka nu maca. Lian ti éta, judul téh kudu singget tur écés deui.

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan Kaparigelan Basa.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kegiatan diajar 7.

E. Latihan/tugas

1. Jéntrékeun naon anu dimaksud ku istilah kompetensi jeung performance dina kamahéran basa!
2. Diajar kaparigelan basa téh ngaliwatan dua tahapan, cing jelaskeun!
3. Tataan naon waé anu kaasup kana tujuan Ngaregepkeun!
4. Nilik kana wandana, warna maca bisa dipasing-pasing deui jadi tujuh rupa. Cing tataan tur jelaskeun!
5. Tulisan téh dibagi jadi opat, nyaéta narasi, deskripsi, eksposisi, jeung arguméntasi. Cing jéntrékeun hiji-hijina!

F. Tingkesan

Kaparigelan basa Sunda diwangun ku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (KUBS, 1985) kecap parigel ngandung harti bisa digawé jeung bisa usaha atawa pinter dina sarupaning perkara. Nu dimaksud mibanda kamampuh atawa murba basa téh nurutkeun Chomsky dina Haerudin (2012) disebut kompetensi (*competency*) jeung performansi (*performance*) téa.

Dina kahirupan sapopoé, aya dua tahapan diajar basa. *Tahap kahiji* diajar ngaregepkeun jeung nyarita. Kagiatan lumangsung kalawan otomatis dilingkungan kulawarga, henteu karena diprogram atawa direncanakeun. *Tahap kadua*; diajar maca jeung nulis. Ieu tahapan téh mangrupa tahapan anu dihaja jeung diprogram atawa direncanakeun. Ieu kagiatan téh biasana lumangsung di sakola-sakola atawa di lembaga-lembaga formal.

Ngaregepkeun mangrupa hiji prosés nguping, ngupingkeun ngadéngékeun sakumaha disebut kieu, puguh objékna, bari dibarengan ku rasa saregep, enya-nya sarta daria. Tujuan atawa maksud ngaregepkeun bisa rupa-rupa, gumantung kana sipat jeung kaayaan. Upama dipasing-pasing mah tujuan ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa: (1) nyangkem informasi; (2) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé; (3) sangkan bisa 'ngarespon' anu leuwih mernah kana naon anu kadéngé; (4) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung (5) nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

Tujuan nyarita anu utama nyaéta pikeun komunikasi. Upama diwincik tujuan nyarita di antarana pikeun: 1) ngarojong, 2) ngayakinkeun, 3) Migawé/milampah hiji hal, 4) ngalaporkeun atawa nepikeun informasi, 5) ngabubungah atawa ngahibur batur, jsté. Nyarita mangrupa kagiatan komunikasi lisan. Aktivitas pembelajaranana bisa mangrupa: (1) nyarita pikeun ngébréhkeun pamadegan, gagasan, pangaweruh, jeung kahayang. (2) nyarita ngeunaan rasa jeung pangalaman, (3) pidato, ngadongéng, (4) diskusi/sawala, (5) nyarita dina kalungguhan salaku pangatur acara, (6) ngawawancara, (7) nyarita dina telepon, (8) ngobrol, ngawangkong,

silihjanya, paguneman, jeung sajabana. (9) Dina widang atikan di sakola, pembelajaran ngagunakeun basa lisan téh dilatih ku rupa-rupa téknik latihan nyarita, di anatarana waé: (10) ngawanohkeun diri, (11) midangkeun pakta, (12) nyieun atawa medar hiji hal, (13) ngalaporkeun hiji hal, (14) ngoméntaran, (15) ngaréproduksi caritaan, jeung sajabana. Metodeu nyarita ngawéngku: (1) métodeu impromptu, (2) métodeu naskah/manuskrip, (3) métodeu ékstémporan, jeung (4) métodeu ngapalkeun/memoritér. Metodeu pangajaran nyarita dibagi jadi tilu bagian, nyaéta: terpimpin, semi terpimpin, jeung bébas.

Sawatara hal anu jadi pasaratan parigel dina nyarita ngawéngku sababaraha aspék, di antarana 1) nerangkeun poko caritaan, 2) kacangking henteuna bahan, 3) sistematika medar bahan, 4) wirahma/intonasi/lentong nyarita, 5) lafal, 6) milih kecap/diksi/ kabeungharan kecap, 7) paselapna kecap tina basa séjén, upamana basa Indonesia jeung nu séjénna, 8) paselapna kalimah tina basa séjén, upamana basa Indonesia jeung nu séjénna, 9) tatakrama basa atawa u dak-usuk basa, 10) volume sora, 11) tagog/rengkuh nyarita, 12) kontak jeung pamiarsa/ngabagi panempo, 13) kualitas naskah, écsna pedaran naskah, jeung 14) écsna medar dina nyarita. Saupama dibagankeun éta aspék nu jadi pasaratan kaparigelan nyarita téh bisa diwangun jadi skala peunteun ieu di handap.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

$$90 - 100\% = \text{alus pisan}$$

80 - 89%	=	alus
70 - 79%	=	cukup
- 69%	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, hartina Sadérék tos ngawasa bahan nu aya dina Kagiatan Diajar 7. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres pangpangna bahan nu can dikawasa.

KAGIATAN DIAJAR 8

WANGUN JEUNG UNSUR INTRINSIK DONGÉNG**A. Tujuan**

Tujuan kagiatan diajar 8 ngawengku ieu di handap:

1. Sanggeus maca pedaran, pamilon diklat mampu nuduhkeunciri-ciri wangun carita dongéng.
2. Bari diskusi, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun papasingan dongéng.
3. Sabada diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi unsur intrinsik carita dongéng.
4. Sabada tanya jawab, pamilon diklat mampu méré conto cara ngalarapkeun konsép wangun jeung unsur intrinsik dongéng pikeun bahan pangajaran di sakola.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator Kahontalna Kompeténsi kagiatan diajar 8, ngawengku ieu di handap:

1. Nuduhkeun ciri-ciri wangun carita dongéng.
2. Ngajéntrékeun papasingan dongéng.
3. Ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carita dongéng.
4. Ngalarapkeun konsép wangun jeung unsur intrinsik dongéng pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

C. Pedaran Matéri**1. Ciri-ciri jeung Papasingan Carita Dongéng**

Tradisi dongéng téh aya di mamana. Méh unggal bangsa boga dongéng séwang-séwangan. Éta dongéng téh diwariskeun turun-tumurun ti karuhun ka generasi nu leuwih ngora, mangtaun-taun, malah boa mangabad-abad. Kabiasaan ngadongéng lain baé jadi alat keur ngahibur atawa keur kalangenan, tapi nu utamana mah dongéng téh ngawariskeun ajén-inajén. Ngawariskeun hiji naséhat, malah mandar jadi eunteung dina kahirupan. Malah di sawatara wewengkon mah, dongéng téh ngahaja

diciptakeun. Dijieun carita anyar atawa dijieun film. Ari maksudna mah sarua, ngajarkeun naséhat anu hadé atawa nepikeun atikan moral.

Dina pakumbuhan urang Sunda, ogé kapanggih rupa-rupa dongéng. Umumna éta dongéng téh nyebar sacara lisan ti generasi ka generasi. Lantaran éta dongéng anu réa téh sok tuluy didongéngkeun deui, antukna sok muncul rupa-rupa vérsi. Contona baé, dongéng ngeunaan Prabu Siliwangi atawa ngeunaan Sangkuriang sok kapanggih di sawatara tempat. Biasana sok dipatalikeun jeung kaayaan alam atawa kabiasaan di hiji tempat.

Lantaran tradisi ngadongéng téh méh aya di unggal bangsa, jeung ajén-inajén nu hayang ditepikeunana sipatna téh universal, henteu jadi anéh lamun dongéng di hiji tempat sok sarimbang jeung dongéng di tempat séjén. Boh sarimbang lebah karakter palakuna, boh sarua lebah atikan moral nu hayang ditepikeunana. Contona baé dongéng Si Kabayan nu kacida sohorna di lingkungan masarakat Sunda méh sarua jeung karakterisasi dongéng Abu Nawas di Timur Tengah. Dongéng Dalem Boncél amanat moralna méh sarua jeung Malin Kundang ti Sumatra Barat atawa Oidipus dina Mitologi Yunani. Kitu deui fabel nu aya di urang sakapeung méh sarua amanatna jeung fabel-fabel di tempat séjén.

Ka dieunakeun aya nu pirajeunan nyatet-nyatetkeun dongéng, tuluy dikumpukeun dina wangun buku. Tapi éta dongéng téh tetep hirup dina tradisi lisan. Sok dipasangirikeun, atawa didongéngkeun deui ku indung atawa ku bapa, atawa ku Guru ka siswana di sakola.

Minangka wangun carita, carita dongéng téh boga ciri anu mandiri. Mun digambarkeun mah ciri-ciri carita dongéng téh kieu:



Gambar 8. 1 Ciri-ciri Carita Dongéng

Ku lantaran béda-béda palakuna, jeung béda-béda deuih asal-usulna, dongéng téh sok dipasing-pasing. Rusyana (1992) ngabagi-bagi carita dongéng téh kieu:

- Dongéng nu nyaritakeun kahirupan jalma di masarakatna jeung dina sajarahna. Upamana dongéng para raja, para putri, para nabi, para wali, tukang tani, tukang dagang, jeung sajabana.
- Dongéng anu nyaritakeun kahirupan sasatoan, saperti kuya, monyét, peucang, tutut, maung, séro, munding, manuk, jeung sajabana.
- Dongéng anu nyaritakeun asal-usul kajadian tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan. Dongéng nu kieu disebutna dongéng sasakala.
- Dongéng anu nyaritakeun mahluk ciciptan (hayalan), bangsaning jurig jeung siluman.

Sumarsono (1986), nyieun papasingan dongéng téh kieu:

- a. Parabel, nyaéta dongéng anu nyaritakeun kahirupan jalma biasa, contona dongéng Si Kabayan atawa Abu Nawas.
- b. Fabel atawa dongéng sasatoan, nu nyaritakeun sasatoan tapi paripolahna siga jelema nu bisa ngagunakeun akal pikiran. Contona dongéng sakadang kuya jeung sakadang monyét.
- c. Legénda atawa dongéng sasakala, anu nyaritakeun asal-muasalna kajadian, témpat, barang, sasatoan, atawa tutuwuhan. Contona dongéng Sangkuriang nu nyaritakeun asal-usul Gunung Tangkuban Parahu.
- d. Sagé, nyaéta dongéng nu nyaritakeun kajadian atawa jelema nu ngandung sajarah. Contona dongéng Prabu Siliwangi.
- e. Mite, nyaéta dongéng nu eusina raket jeung kapercayaan masarakat kana bangsa lelembut atawa hal nu gaib. Contona dongéng Nyi Roro Kidul.

2. Conto Carita Dongéng

Di handap kapidangkeun conto carita dongéng.

Seuhah Lata-Lata

Hiji poé Sakadang Monyét jeung Sakadang Kuya arulin di sisi leuweung. Duanana katémbong layout pisan. Sempal guyon gogonjakan, nepi ka carapéun.

Ceuk Sakadang Monyét, "Panas kieu nya. Mani ngésang deuih!"

"Sarua," ceuk Sakadang Kuya.

"Dahar naon nya nu ngeunah mun keur lapar kieu?"

"Dahar naon baé ogé ngeunah," témbal kuya.

"Tah, enya. Keur bayeuang kieu mah kudu dahar cabé," ceuk Sakadang Monyét.

"Cabé di mana?"

"Di kebon patani nu di bubulak téa."

"Maling cabé?" kuya kerung.

"Lain maling, tapi ngala bari teu kanyahoan ku nu bogana."

“Enya maling téa ari kitu téh.”

Sakadang Monyét embung éléh, “Pokona urang lain niat maling cabé, tapi ngala cabé. Arék milu moal?”

Sakadang Kuya éléh géling, kapaksa nuturkeun Sakadang Monyét. “Moal kanyahoan kitu ku Pa Tani?” pokna.

“Moal, lantaran mun keur panas kieu mah Pa Tani téh paling-paling keur nundutan di saung.”

Kacaritakeun éta dua sato geus nepi ka kebon cabé Pa Tani. Sakadang Monyét ngajlengan pager, ari Sakadang Kuya moncor ti handap.

Sakadang Monyét gancang mipitan céngék nu bareureum, am didahar. Pok ngomong bari cowong, “Seuhah lata-lata, maling cabé lada ngeunah.....”

“Onyét,” Sakadang Kuya ngagebés, “Nanaonan éta téh? Kumaha lamun kanyahoan ku Pa Tani?”

Tapi Sakadang Monyét siga ngahajakeun, gogorowokan bari semu dikawihkeun:

Seuhah lata-lata
maling cabé lada ngeunah
Seuhah lata-lata
bébéné aya di imah
Seuhah lata-lata
mang Lebé kami rék nikah.

Ku lantaran tarik gogorowokanana, kadéngéun ku Pa Tani. Barang kanyahoan yén nu kitu péta téh Sakadang Monyét, teu antaparrah deui belewer baé monyét nu keur ladaeun ku cabé téh dipaléngpéng ku parangna. Méh baé keuna upama monyét teu gancang ngadepong mah. Berebet Sakadang Monyét lumpat tipaparétot bari gogorowokan, “Aya nu ngamuk! Aya nu ngamuk!”

Lat baé poho ka sobatna mah.

Pa Tani pohara napsuna. Barang ngarérét ka handapeun tangkal cabé, katénjoeun ku manéhna aya kuya, huluna nyusup kana babatokna, ti dituna mah nyumput.

“Ieu geuning baturna! Beunang siah!” ceuk Pa Tani.

Gancang kuya dibawa ka saung. Pok deui Pa Tani ngomong, “Paingan cabé aing beuki rigil. Dipeuncit siah...!”

Ngadéngé omongan patani kitu, Sakadang Kuya kacida reuwaseunana. Manéhna ceurik, dina haténa bébéakan nyalahkeun Sakadang Monyét. Da mun tadi teu ngagugu kahayangna mah moal ieu aya kaajadian kieu.

Sakadang Kuya dikurungan dina ranggap ku Pa Tani. Gawéna ngan ngaheruk baé, inget kana nasibna anu sial. Ari Pa Tani tuluy nitah Ambu Tani meuli samara keur ngasakan Sakadang Kuya. Anakna nu parawan keur ulin di buruan. Teu lila ti harita Pa Tani ngosréng ngasah bedog nu rék dipaké meuncit kuya di pipir imahna.

Tah keur kitu, puncengis Sakadang Monyét ka dinya. Sanggeus katémbong aman, manéhna nyampeurkeun Sakadang Kuya nu keur dikurungan dina ranggap. Pokna bari diharéwoskeun “Héy Sakadang!”

Ngadéngé sora nu ngageroan, lol Sakadang Kuya nololkeun huluna. Bet aya akaal nu ngalalar dina pikiranana. Nyéh manéhna ngajak imut ka Sakadang Monyét. Puguh baé Sakadang Monyét téh héraneun.

“Kumaha ieu téh, kalah ka seuri?” ceuk Sakadang Monyét.

“Teu kukumaha, malah dikumahaan, majar téh aya geusan pakumaha...,” témbal Sakadang Kuya.

“Ih, dasar nu lieur! Ung ka dieu téh rék nulungan ilaing!” ceuk Sakadang Monyét.

“Teu kudu ditulungan déwék mah, Onyét. Ceuk tadi gé teu kukumaha. Sabalikna déwék téh dikumahaan ku Pa Tani supaya déwék daék jadi minantuna. Sugan baé déwék téh bisa jadi geusan pakumaha manéhna upama aya gawé atawa karerepet. Si Nyaina mah geus puruneun. Tuh geuning keur ulin di buruan, sakitu geulisna...”

Ngadéngé kitu, Sakadang Monyét roy haténa jadi kabita. Pisakumahaen bungahna dipulung minantu ku Pa Tani. Sakadang Monyét tuluy néangan akal sangkan Sakadang Kuya daék dihilian ku manéhna.

Ceuk Sakadang Monyét, “Heuheuy deuh, karunya teuing ku manéh Uya. Ilaing téh pasti salawasna bakal dijieun angel. Disarungan tuluy ditambahan ku kapuk. Unggal peuting ditindihan ku sirah Si Nyai nu bau minyak keletik. Lay dahdir deuih. Ihhh, geuleuh...”

“Wah moal enya?” témbal Sakadang Kuya.

“Ih, pasti. Ku sabab kitu, mending hilian ku uing, nya!”

“Hilian kumaha?”

“Ilaing kaluar, uing asup!”

“Issss, ké heula,” Sakadang Kuya tahan harga. Padahal dina haténa mah bungangang pédah akal bulusna hasil.

Sanggeus adu tawar, ahirna Sakadang Kuya léah, daék ditukeuran ku Sakadang Monyét. Sakadang Kuya mah tuluy kabur ti dinya.

Teu lila di antarana Pa Tani geus ngabedega gigireun ranggap. Kacida kagétna manéhna barang ningali kuya geus robah jadi monyét. Napsuna tambah-tambah, “Monyét bangkawarah. Saruana siah! Dipeuncit deuleu ku aing ayeuna!”

Karék kapikir ku Sakadang Monyét yén manéhna geus ditipu ku Sakadang Kuya. Gancang baé manéhna néangan akal deui. Ngan jentul baé teu obah-obah siga arca. Pa Tani gé héraneun. Ranggap dibuka, monyét ditoél. Barang ditoél kitu téh ngan golépak baé monyét téh siga nu jengker.

“Waahh, geus paéh deuih!” ceuk Pa Tani napsu. Monyét téh teu antaparrah deui belewer dialungkeun ka jarian. Barang gubrag ka jarian, Sakadang Monyét surak, “Horsééh! Da teu paéh!” Sakadang Monyét téh nonggengan heula sakeudeung, sanggeus kitu belecir lumpat bari gogorowokan, “Pa Tani kadieukeun Si Nyai, rék dikawin ku kami...”

Pa Tani ambekna ngagidir. Tuluy nyacag ranggap nepi ka rangsak!

(Diadaptasi tina buku *Aker Dangsé* karangan Wahyu Wibisana, penerbit Rahmat Cijulang, medal taun 1983, kaca 36-42)

3. Unsur Intrinsik Carita Dongéng

Minangka carita dina wangun prosa, dongéng ngabogaan unsur-unsur intrinsik anu teu jauh béda jeung unsur instrinsik carita dina wangun prosa séjénna, kayaning carita pondok jeung novel. Ieu di handap téh dadaran unsur-unsur intrinsik dongéng:

UNSUR INTRINSIK	KATERANGAN
Téma	Gagasan, ide, kosénsi pangarang nu diémbréhkeun atawa kabaca dina karanganana. Téma dongéng biasana universal, upamana nyaritakeun hadé goréng, salah bener, jeung sajabana ti éta.
Palaku	Tokoh anu ngalalakon. Aya palaku utama (nu boga peran sentral dina carita) jeung aya palaku panambah/panglengkep. Tokoh dina dongéng lain baé manusa, tapi ogé bisa sato, barang, atawa mahluk goib.
Plot	Plot sok disebut ogé galur, nyaéta jalan carita anu digerakeun ku sabab akibat tina unggal-unggal persitiwa atawa tindakan tokoh. Plot ngawengku plot maju, mobok tengah, jeung mundur. Dina carita dongéng mah umumna plot téh maju.
Setting	Latar tempat jeung latar waktu di mana jeung iraha carita lumangsung/kajadian. Dina dongéng latar téh bisa iraha baé jeung di mana baé, teu kawatesanan ku logika.
Point of View	Sok disebut ogé puseur sawangan, nyaéta ti sawangan saha carita ditepikeun. Aya ti jalma, kahiji, kadua atawa katilu. Dina dongéng biasana carita téh disawang ku jalma katilu (pangarang/pencerita).
Amanat	Pesan atawa atikan moral anu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Dina dongéng amanat jadi penting lantaran inti tina carita téh hayang nepikeun atikan moral.

4. Ngalarapkeun Konsép Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng pikeun Bahan Pangajaran

Miakapaham wangun jeung unsur intrinsik dongéng téh bisa dipaké alat ku guru pikeun ngararancang bahan ajar, modél, métode, sarta téhnik pangajaran basa Sunda. Antarana baé pikeun:

- a. Ngajembaran wawasan siswa ngeunaan rupa-rupa dongéng minangka bagian tina kabudayaan Sunda nu diwariskeun ti generasi ka generasi.
- b. Ngawariskeun atikan moral atawa ajén-inajén hadé anu kakandung dina dongéng keur ngawewegan budipekerti siswa.
- c. Ngajéntrékeunciri jeung papasingan dongéng sarta bédana jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédah dongéng minangka wacana anu mandiri.
- d. Wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun jeung mikapaham basa Sunda dina téks-téks dongéng.
- e. Méré kaparigelén ka siswa pikeun nyusun atawa nyaritakeun deui dongéng.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca réferénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 8.

E. Latihan/Pancén

Pikeun leuwih paham kana wangun jeung unsur instrinsik carita dongéng, pigawé pancén ieu di handap:

1. Jéntrékeun ciri-ciri wangun carita dongéng upama dibandingkeun jeung wangun carita séjénna!
2. Déskripsikeun papasingan dongéng nurutkeun palakuna jeung asal-usulna, sarta sebutkeun conto dongéngna!
3. Naon baé unsur intrinsik dongéng minangka genre carita nu kakolomkeun kana wangun prosa!
4. Pék analisis unsur intrinsik dongéng “Seuhah Lata-lata” jeung “Si Kabayan Ngala Roay” ku cara ngalengkepan tabél ieu di handap!

UNSUR INTRINSIK	Dongéng “Seuhah Lata-Lata”	Dongéng “Si Kabayan Ngala Roay”
Téma		
Palaku		
Plot		
Setting		
Point of view		
Amanat		

5. Jéntrékeun kumaha cara ngalarapkeun konsép wangun jeung unsur intrinsik dongéng pikeun bahan pangajaran basa Sunda di sakola!

F. Tingkesan

1. Carita dongéng kaitung unik, sarta boga ciri-ciri: a) golongan carita nu ditulis dina wangun prosa; b) sok aya babandinganana jeung dongéng séjén di tempat séjén; c) aya babagian nu pamohalan; d) nyebarna lisan sarta teu kapaluruh saha nu ngarangna; e) ngandung naséhat (atikan moral).
2. Ditolik palaku jeung asal-usulna, dongéng dipasing-pasing jadi dongéng parabel, fabel, sagé, mite, jeung legenda.
3. Minangka carita nu kagolong prosa, unsur intrinsik dongéng téh ngawengku téma, palaku, plot, point of view, setting, jeung amanat.
4. Wangun jeung unsur intrinsik dongéng bisa dipaké alat ku guru pikeun ngarancang bahan ajar, modél, métode, sarta téhnik pangajaran basa Sunda. Antarana baé pikeun:
5. Ngajembaran wawasan siswa ngeunaan rupa-rupa dongéng minangka bagian tina kabudayaan Sunda nu diwariskeun ti generasi ka generasi.
6. Ngawariskeun atikan moral atawa ajén-inajén hadé anu kakandung dina dongéng keur ngawewegan budipekerti siswa.
7. Ngajéntrékeun ciri jeung papasingan dongéng sarta bédana jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédah dongéng minangka wacana anu mandiri.
8. Wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontéktual patali jeung kumaha ngagunakeun jeung mikapaham basa Sunda dina téks-téks dongéng.
9. Méré kaparigelén ka siswa pikeun nyusun atawa nyaritakeun deui dongéng.

G. Uji Balik jeung Unduring Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disadiakeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu bener, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur nepi ka tahap mana Sadérék nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap bahan ajar nu kacangkem ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
<		69	=	kurang

Lamun tahap nyangkemgeus ngahontal 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngulik bahan dina Modul Kelompok Kompetensi E. Tapi lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 8, pangpangna ngaderes deui bahan nu can kacangkem.

KONCI JAWABAN

Kegiatan Diajar 1

1. Tantang internal raket patalina jeung kaayaan kondisi pendidikan utamana patalina jeung pameredih atikan anu museur kana dalapan Standar Nasional Pendidikan nu ngawengku: Standar Isi, Standar Proses, Standar Kompetensi Lulusan, Standar Pendidik dan Tenaga Kependidikan, Standar Sarana dan Prasarana, Standar Pengelolaan, Standar Pembiayaan, dan Standar Penilaian Pendidikan. Pangabutuh internal raket patalina jeung mekarna jumlah penduduk Indonésia ditilik tina tumuwuhna penduduk umur produktif.
2. Kurikulum 2013 dimekarkeun dumasar kana penyempurnaan pola pikir ngawewegan dina:(1) pola diajar-ngajarnu museur ka siswa. Siswa kudu mibanda kabébasan pikeun milih matéri jeung gaya diajar (*learning style*) sangkan mibanda kompetensi anu sarua, (2) pola diajar-ngajar interaktif, boh antara siswa jeung siswa, siswa jeung guru, siswa jeung média, atawa siswa jeung sumber lingkungan, (3) pola diajar-ngajar sacara jejaring (siswa nyuprih élmu ti saha waé jeung di mana waé ngaliwatan internét, (4) diajar-ngajar aktif néangan (diajar-ngajar siswa aktif anu diwewegan ku pamarekan saintifik), (5) pola diajar mandiri jeung kelompok dumasar kana *tim work*, (6) diajar-ngajar berbasis multimédia, (7) pola diajar-ngajar dumasar klasikal-masal bari tetep niténan mekarna poténsi siswa.
3. *Penguatan* tata kelola Kurikulum 2013 ngawengku penguatan: (1) tata kerja guru nu sifatna kolaboratif, (2) manajemén sakola ngaliwatan penguatan kamampuh manajemén kapala sakola salaku pamingpin (*educational leader*), jeung (3) sarana prasarana pikeun kapentingan manajemén sarta prosés diajar-ngajar.
4. Penguatan materi dina Kurikulum 2013, dipilampah ku cara ngurangan jumlah matéri anu teu luyu sarta ngajeroan jeung ngalegaan matéri anu luyu pikeun siswa.
5. Élemén parobahan Kurikulum 2013 ngawengku: (1) SKL, (2) SI, (3) Standar Prosés, jeung (4) Standar penilaian.

Kegiatan Diajar 2:

Indikator anu dijieun kudu nedunan rambu-rambu pikeun nyieun indikator.

1. Indikator diluyukeun jeung KD.
2. Indikator diluyukeun jeung matéri.
3. Indikator tina KD sikep spiritual kudu luyu jeung pamedih KD tina KI-1, contona: ayana kecap-kecap anu nuduhkeun ngebréhkeun rasa syukur. Indikator tina KD sikep spiritual sifatna umum (generik).
4. Indikator tina KD sikep sosial kudu luyu jeung pamedih tina KI-2, contona: ngembrehkeun sikep-sikep sosial saperti: taliti, mandiri, santun, toléransi, tanggung jawab, wani, percaya diri, gawé babarengan, silih bantuan, gotong royong, jst. Indikator tina KD sikep sosial sifatna umum (generik).
5. Indikator tina KD pangaweruh kudu luyu jeung pamedih KI-3 tur ngagunakeun Kata Kerja Operasional, ku kituna sifatna bisa diukur jeung spesifik.
6. Indikator tina KD kaparigelan kudu luyu jeung pamedih KI-4 ngagunakeun Kata kerja Operasional, ku kituna sifatna bisa diukur jeung spesifik.

Kegiatan Diajar 3:

1. RPP nyaéta rarancang pangajaran anu dimekarkeun kalawan museur kana silabus. RPP ngawengku: a) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran, jeung kelas/seméster; b) alokasi waktu; c) KI, KD, indikator pencapaian kompetensi; d) matéri pembelajaran; e) kegiatan pembelajaran; f) penilaian; jeung g) média/alat, bahan, sarta sumber belajar.
2. Prinsip-prinsip nyusun RPP: a) unggal RPP sacara gembleng ngawengku KD sikep spiritual (KD tina KI-1), sosial (KD tina KI-2), pangaweruh (KD tina KI-3), jeung kaparigelan (KD tina KI-4); b) Hiji RPP bisa digunakeun dina hiji lawungan atawa leuwih, c) Niténan béda-bédana individu siswa, d) museur ka siswa, e) berbasis konteks, f) pangajaran dioreiéntasikeun kana mekarna élmu pangaweruh jeung téknologi, sarta ajén-inajén kahirupan jaman kiwari, g) mekarkeukamandirian diajar, h) antara KI,KD, IPK, materi pangajaran, kegiatan pangajaran, penilaian, jeung sumber diajar kudu dalit dina hiji beungkeutan pangalaman diajar, i) RPP disusun kalawan ngaakomodasi pangajaran tématik terpadu, keterpaduan lintas mata pelajaran, lintas aspék

- diajar, jeung karagaman budaya, j) ngamangpaatkeun téknologi informasi jeung komunikasi (TIK), k) RPP disusun kalawan niténan dilarapkeunana TIK sacara terintegrasi, sistematis, jeung éféktif luyu jeung situasi kondisi.
3. Komponén jeung Sistematika RPP ngawengku: (1) idéntitas sakola/madrasah, mata pelajaran atawa téma, kelas/seméster, jeung alokasi waktu; (2) Kompetensi Inti, Kompetensi Dasar, jeung indikator pencapaian kompetensi; (3) matéri pangajaran; (4) kagiatan pangajarananu ngawengku kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup; (5) penilaian, pangajaran rémedial, jeung pengayaan; sarta (6) média, alat, bahan, jeung sumber belajar.
 4. Léngkah- léngkah nyusun RPP saperti ieu di handap: neuleumansilabus, nangtukeun idéntitas, nuliskeun kompetensi inti jeung kompetensi dasar, ngarumuskeun indikator, matéri pangajaran, métode pangajaran, kagiatan diajar-ngajar, nangtukeun alokasi waktu, mekarkeun penilaian pembelajaran, nangtukeun média/alat, bahan jeung sumber pangajaran.
 5. Conto RPP diluyukeun jeung kelas sarta tingkatan sakola.


Kegiatan Diajar 4:

Rambu-rambu Penilaian Prakték Ngajar Basa Sunda.

1. Prakték ngajar guru dipeunteun/ diobservasi ngagunakeun Format Penilaian Prakték Ngajar jeung Rubrik Penilaian Prakték Ngajar.
2. Prakték ngajar kudu ngebrehkeun ayana proses pangajaran dumasar kana pamarekan saintifik.
3. Prakték ngajar disarankeun oge make Model Pangajaran Berbasis Discovery Learning, Problem Based Learning, atawa Project Based Learning.
4. Prakték ngajaran kudu ngebrehkeun ayana penilaian autentik, nyaéta penilaian anu ngawengku aspek sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan boh penilaian kana proses pangajaran lumangsung boh produk pangajaran.
5. Prakték ngajar kudu ngebrehkeun ayana patali anu raket antara gumulungna sikep spiritual, sosial, pangaweruh, jeung kaparigelan basa Sunda.

Kegiatan Diajar 5:

1. Anékdot téh carita anu pondok jeung singget, sarta dipikaresep lantaran eusina anu matak pikaseurieun. Téks anékdot nyaéta karangan atawa téks anu eusina nyaritakeun anékdot atawa carita anu eusina pikaseurieun atawa lulucon.
2. Diagram struktur téks anékdot:



3. Struktur Téks Anékdot:


Abstraksi	Nepikeun gambaran umum ngeunaan téma atawa topik karangan.
Oriéntasi	Ngawanohkeun naon nu keur dipilampah atawa peristiwa nu keur disanghareupan ku tokoh utama.
Krisis	Suasana dilématis atawa masalah anu disanghareupan ku tokoh carita
Réaksi	Réspon atawa réaksi tokoh palaku kana krisis anu muncul.
Koda	Panutup.

4. Conto kecap rajékan nu kapanggih dina téks:
 - a. Kecap rajékan sabagain:
 - Dwimadya: *sababaraha*.

- b. Kecap rajekan sagemblengna:
 - Dwilingga: soal-soal, rupa-rupa, tatan-tatan.
 - Dwiréka: melas-melis, bulak-balik.
 - c. Kecap rajékan binarung rarakngkén: *kekecapan, disangka-sangka*.
5. Di antarana ku cara:
- a. Ngajéntrékeun bébédaan téks anékdot jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédahna.
 - b. Mérénahkeun téks anékdot minangka wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun basa Sunda dina téks-téks carita saperti dongéng atawa carpon.
 - c. Méré pamahaman jeung gambaran ka siswa pikeun nyusun (ngarang) téks anékdot kalawan struktur anu mérénah.

Kegiatan Diajar 6:

1. Prosédur nyaéta léngkah-léngkah anu kudu dipigawé atawa dilakonan sangkan naon-naon anu ku urang dipiharep kahontal. téks prosédur (procedure) téh nyaéta téks anu eusina ngadadarkeun léngkah-léngkah nu kudu dipigawé ngarah hiji pagawéan atawa prosés bisa dijalankeun keur ngahontal hiji tujuan.
2. Bédana antara prosédur basajan jeung rprosédur komplék téh dina hal rumit henteuna léngkah-léngkah nu dipigawé. Upama prosédurna henteu pati rumit jeung ukur ngawengku sawatara léngkah nu praktis, éta disebutna prosédur basajan. Tapi lamun léngkah-léngkahna ngarancabang atawa butuh dadaran anu wincik kagolongkeunana téh kana prosédur kompléks.
3. Bagan struktur téks prosédur kompléks:



4. Di antarana baé:
 - a. Kecap bilangan utama: *hiji, dua, tilu, opat*, jst.
 - b. Kecap bilangan réndon: *hijian, puluhan*, jst.
 - c. Kecap biangan Gradean: *kahiji, kadua*, jst.

5. Di antarana ku cara:
 - a. Ngajéntrékeun bébédaan téks Prosédur kompléks jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédahna.
 - b. Mérénahkeun téks Prosédur kompléks minangka wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun basa Sunda dina téks-téks carita saperti dongéng atawa carpon.
 - c. Méré pamahaman jeung gambaran ka siswa pikeun nyusun (ngarang) téks Prosédur kompléks kalawan struktur anu mérénah.

Kegiatan Diajar 7:

1. Nu dimaksud kompetensi (competency) nyaéta kamampuh anu sipatna abstrak, nyangkarukna téh aya dina uteuk jeung batin (diri) manusa, nu mangrupa pangaweruh jeung sikep, sedengkeun performansi nyaéta kamampuh anu sipatna kongkrit. Dina kaparigelan basa mah wujudna nyampak dina kagiatan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Jadi, kamahéran téh tegésna leuwih nyoko kana aspék performansi najan saéstuna mah hésé misahkeunana antara kompetensi jeung performansi téh. Malah bisa disebutkeun yén kaparigelan basa téh enas-enasna mah adu-manisna antara kompetensi jeung performansi téa.
2. Tahap kahiji diajar ngaregepkeun jeung nyarita. Kegiatan lumangsung kalawan otomatis dilingkungan kulawarga, henteu karena diprogram atawa direncanakeun. Tahap kadua; diajar maca jeung nulis. Ieu tahapan téh mangrupa tahapan anu dihaja jeung diprogram atawa direncanakeun. Ieu kagiatan téh biasana lumangsung di sakola-sakola atawa di lembaga-lembaga formal.
3. Tujuan nyaéta pikeun: (1) nyangkem informasi; (2) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé; (3) sangkan bisa 'ngarespon' anu

leuwih mernah kana naon anu kadéngé; (4) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung (5) nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

4. Maca jero haté nyaéta kagiatan maca kudu nyangkem sakabéh eusi bacaan kalawan gembleng ku jalan matalikeun eusi jeung pangalaman sarta pangaweruh nu kapimilik ku nu maca bari teu dibarengan ku sora. (2) Maca gancang nyaéta kagiatan maca anu dilaksanakeun dina waktu anu singget tur gancang pikeun nyangkem gurat badag eusi bacaan. (3) Maca téhnik atawa maca bedas nyaéta kagiatan maca anu dilaksanakeun kalawan dibedakeun atawa ditarikeun luyu jeung randegan, lentong jeung wirahma. (4) Maca basa nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun ngajembaran kabeungharan kecap, mekarkeun kamampuh nyusun kalimah, nyangkem gaya basa sagemblengna, nu dimangpaatkeun pikeun mekarkeun kamampuh basa nu maca. (5) Maca éstétis nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun nyangkem sarta ngahargaan unsur-unsur karya sastra anu éndah. (6) Maca kritis nyaéta kagiatan maca anu miboga tujuan pikeun ngajén unsur-unsur nu nyangkaruk dina karya sastra. (7) Maca kréatif nyaéta kagiatan maca anu mibanda tujuan pikeun nyangkem ajén-inajén anu aya dina karya sastra sarta digunakeun dina kahirupan sapopoé.
5. Narasi nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina ngébréhkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rékaan. Contona: dongeng, novel, carita pondok, biografi, sketsa, jsté. Deskripsi nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina nga-dadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, pa-nguping, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pa-ngalamanana. Karangan deskripsi ngagambarkeun objék sajéntré-jéntréna. Éksposisi nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina nga jéntrékeun atawa nerangkeun hiji objék, kumaha prosésna, tujuanana, pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma. Arguméntasi nyaéta tulisan atawa karangan anu eusina ngajéntrékeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka jalma lian yakin tur percaya kana pamadegan anu disodorkeunana.

Kegiatan Diajar 8:

1. Ciri-ciri carita dongéng, upamana dibandingkeun jeung wangun carita séjénna bisa dititénan dina bagan ieu di handap:



2. Papasingan dongéng ceuk Yus Rusyana:
 - a. Dongéng nu nyaritakeun kahirupan jalma di masarakatna jeung dina sajarahna. Contona dongéng para raja, para nabi, jeung para wali.
 - b. Dongéng anu nyaritakeun kahirupan sasatoan, saperti sakadang kuya jeung sakadang monyét.
 - c. Dongéng anu nyaritakeun asal-usul kajadian tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan, contona Sasakala Gunung Tangkubanparahu.
 - d. Dongéng anu nyaritakeun mahluk ciptaan (hayalan), contona bangsaning jurig jeung siluman.
3. Papasingan dongéng ceuk Sumarsono:
 - a. Pabel, dongéng kahirupan jalma biasa, contona dongéng Si Kabayan.
 - b. Fabel, dongéng sasatoan, contona dongéng Sakadang Kuya jeung Monyét.
 - c. Legénda, dongéng sasakala, contona dongéng Sangkuriang.
 - d. Sagé, dongéng kajadian atawa jelema nu ngandung sajarah, contona dongéng Prabu Siliwangi.
 - e. Mite, dongéng kapercayaan masarakat kana bangsa lelembut atawa hal nu gaib, contona dongéng Nyi Roro Kidul.
4. Unsur intrinsik dongéng:

UNSUR INTRINSIK	KATERANGAN
Téma	Gagasan, ide, kosénpsi pangarang.
Palaku	Tokoh anu ngalalakon.

<i>Plot</i>	Galur carita.
<i>Setting</i>	Latar tempat jeung latar waktu.
<i>Point of view</i>	Puseur sawangan ku saha carita dilalakonkeun.
<i>Amanat</i>	Pesan atawa atikan moral dongéng.

5. (Jawaban gumantung karancagéan pamilon diklat dina ngaanalisis téks dongéng).

6. Di antarana ku cara:

- a. Ngajembaran wawasan siswa ngeunaan rupa-rupa dongéng minangka bagian tina kabudayaan Sunda nu diwariskeun ti generasi ka generasi.
- b. Ngawariskeun atikan moral atawa ajén-inajén hadé anu kakandung dina dongéng keur ngawewegan budipekerti siswa.
- c. Ngajéntrékeunciri jeung papasingan dongéng sarta bédana jeung wanda téks séjénna nepi ka siswa paham jeung nyangkem kaédah-kaédah dongéng minangka wacana anu mandiri.
- d. Wadah atawa sarana barudak diajar basa Sunda sacara kontékstual patali jeung kumaha ngagunakeun jeung mikapaham basa Sunda dina téks-téks dongéng.

EVALUASI

1. Undang-Undang Nomor 20 taun 2013 ngeunaan...
 - A. Sistem Pendidikan Nasional
 - B. Standar Penilaian Pendidikan
 - C. Standar Pembelajaran
 - D. Standar Pengelolaan
2. Pangabutuh internal raket patalina jeung kaayaan kondisi pendidikan utamana patali jeung pamederih Standar Nasional Pendidikan. Ieu di handap kaasup dalapan Standar Nasional Pendidikan, *iwal ti..*
 - A. Standar Isi
 - B. Standar Proses
 - C. Standar Kompetensi Lulusan
 - D. Standar Kurikulum
3. Pangabutuh éksternal raket patalina jeung ...
 - A. arus globalisasi
 - B. Standar Pengelolaan
 - C. Standar penilaian
 - D. Standar sarana Prasarana
4. Salah sahiji penyempurnaan pola pikir Kurikulum 2013, nyaéta...
 - A. pola diajar-ngajar museur ka guru
 - B. pola diajar-ngajar museur ka siswa
 - C. pola diajar siswa pasif
 - D. pola pangajaran sacara individual
5. Ieu di handap karakteristik Kurikulum 2013, *iwal ti ...*
 - A. mekarkeun saimbangna sikep spiritual jeung social jeung kaparigelan
 - B. méréhahkeun sakola minangka bagian tina masarakat
 - C. mekarkeun KI jeung KD
 - D. Mekarkeun KD dumasar kana prinsip kumulatif, silih wewegan (reinforced),jeung ngabeungharan (enriched)
6. Kriteria kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan, disebut..
 - A. SKL

- B. KI
 - C. KD
 - D. IPK
7. Kriteria ngeunaan ambahan materi jeung tingkat kompetensi pikeun ngahontal kompeténsin lulusan dina jenjang jeung jenis pendidikan, disebut..
- A. Standar Pembiayaan
 - B. Standar Proses
 - C. Standar Isi
 - D. Standar Sarana Prasarana
8. Standar proses dina Kurikulum 2013 raket patalina jeung...
- A. konten materi anu diajarkeun
 - B. tujuan pangajaran
 - C. penilaian pangajaran
 - D. proses pangajaran
9. Wangun pangajaran anu miboga ngaran, ciri, sintak, aturan, jeung budaya, disebut...
- A. pamarekan
 - B. modél
 - C. strategi
 - D. métode
10. Model-model pangajaran anu disarankeun dina Kurikulum 2013, iwal ti..
- A. discovery learning
 - B. project-based learning
 - C. problem-based learning
 - D. jigsaw
11. Standar penilaian Kurikulum 2013 mere sarat ngagunakeun....
- A. penilaian acuan norma
 - B. penilaian autentik
 - C. penilaian acuan patokan jeung acuan norma
 - D. penilaian aspek pangaweruh
12. Permendikbud anu eusina ngeunaan pembelajaran nyaéta..
- A. Permendikbud No. 100 Tahun 2014
 - B. Permendikbud No. 103 Tahun 2014
 - C. Permendikbud No. 104 Tahun 2014

- D. Permendikbud No. 105 Tahun 2014
13. Permendikbud anu eusina ngeunaan penilaian, nyaéta..
- A. Permendikbud No. 100 Tahun 2014
 - B. Permendikbud No. 103 Tahun 2014
 - C. Permendikbud No. 104 Tahun 2014
 - D. Permendikbud No. 105 Tahun 2014
14. Sajalan jeung kaluarna Kurikulum 2013 aya tilu rupa kurikulum, nyaéta Kurikulum Tingkat nasional, Kurikulum Tingkat Daérah, jeung Kurikulum Tingkat Sakola. Kurikulum Tingkat Nasional disusun jeung dilarapkeun sacara nasional. Kurikulum Daérah disusun jeung dilarapkeun di...
- A. daérah dumasar kana Kurikulum Tingkat Nasional luyu jeung kawijakan daérah masing-masing
 - B. unggal-unggal jenjang sakola
 - C. unggal kabupaten
 - D. tingkat nasional
15. Élemén parobahan Kurikulum 2013 ngawengku ieu dihandap, *iwal ti*..
- A. SKL
 - B. SI
 - C. Standar Prosés
 - D. Standar Sarana Prasarana
16. Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daérah, nyaéta
- A. No. 4 taun 2003
 - B. No. 14 taun 2014
 - C. No. 6 taun 2003
 - D. No. 7 taun taun 2003
17. Pangajaran basa Sunda miboga landasan etnopedagogis, hartina...
- A. Basa Sunda mangrupa kabeungharan dina kebhineka-tunggalikaan basa jeung budaya Nusantara
 - B. basa Sunda jadi landasan pikeun pendidikan karakter jeung moral bangsa
 - C. basa Sunda bagian tina basa Indonesia
 - D. basa Indonesi bagian tina basa Sunda

18. Ngaliwatan KI jeung KD mata pelajaran basa jeung sastra daérah Sunda, luyu jeung dimekarkeunana Kurikulum 2013, dipiharep siswa miboga kamampuh, ieu di handap iwal ti..
- komunikasi
 - mikir statis
 - nimbang-nimbang segi moral
 - tanggung jawab
19. Tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda sacara umum nyaéta sangkan siswa ngahontal tujuan-tujuan ieu di handap, *iwal ti*.
- siswa miboga pangalaman ngagunakeun basa jeung sastra Sunda
 - siswa ngahargaan jeung reueus kana basa Sunda salaku basa daérah
 - siswa mampuh ngagunakeunana luyu jeung kontéksna
 - siswa mampuh ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi jeung suku sejen
20. Kompetensi Dasar (KD) dirumuskeun pikeun ngahontal ...
- Standar Kompetensi Lulusan
 - Kompetensi Inti (KI)
 - Tujuan
 - Indikator Pencapaian Kompetensi
21. Manusa téh pribadi anu miboga iman, ahlak mulia, percaya diri, jeung tanggung jawab dina interaksi sacar éféktif jeung lingkungan sosial, alam sabudeureunana, sarta dunya jeung peradabanana. Ieu hal mangrupa kompetensi lulusan dimensi...
- Sikep
 - pangaweruh
 - kaparigelan
 - kognitif
22. Kamampuh lulusan dina diménsi kaparigelan, ngawengku...
- ngajalankeun, ngahargaan, neuleuman, jeung ngamalkeun
 - nu ngawasa élmu pangaweruh, téknologi, seni, budaya, jeung wawasan
 - nengétan, nanya, nyoba, nalar, jeung ngomunikasikeun
 - nengétan, ngahargaan, nyoba, jeung nambah wawasan
23. Standar Kompetensi Lulusan (SKL) pikeun jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, jeung SMK/MAK aya dina

- A. Permendikbud Nomer 54 taun 2013
 - B. Permendikbud Nomer 57 taun 2014
 - C. Permendikbud Nomer 58 taun 2014
 - D. Permendikbud Nomer 59 taun 2014
24. Pangajaran nerapkeun nilai-nilai anu méré tuladeun, nyaéta...
- A. *ing ngarso sung tulodo*
 - B. *ing madyo mangun karso*
 - C. *tut wuri handayani*
 - D. bineka tunggal ika
25. Conto kagiatan bubuka, nyaéta...
- A. ngondisikeun suasana diajar anu pikagumbiraeun
 - B. siswa nengétan bacaan
 - C. guru nepikeun refleksi pangajaran
 - D. siswa jeung guru ngarangkum pangajaran
26. Conto kagiatan inti pangajaran, nyaéta...
- A. Siswa ngadiskusikeun materi pangajaran
 - B. Siswa ngadoa jeung ngayakeun persepsi
 - C. Siswa ngarangkum materi
 - D. Siswa ngalakukeun tes
27. Kagiatan panutup dina pangajaran, contona nyaéta..
- A. nyieun rangkuman/kacindekan pangajaran
 - B. ngalakukeun tanya jawab ngeunaan materi anu rek ditepikeun
 - C. ngomunikasikeun materi ku cara presentasi
 - D. ngumpulkeun informasi ngeunaan materi pangajaran
28. Téks carita anu pondok jeung singget, sarta dipikaresep lantaran eusina anu matak pikaseurieun, disebut...
- A. opini
 - B. prosédural kompléks
 - C. éksplanasi
 - D. anékdot
29. Struktur téks anékdot ngawengku ...
- A. abstraksi, déskripsi umum, déskripsi bagian, jeung déskripsi manfaat
 - B. oridéntasi, kritis, réaksi, jeung koda
 - C. abstraksi, oriéntasi, krisis, réaksi, jeung koda.

- D. abstraksi, krisis, réaksi, koda, jeung dskripsi manfaat
30. Paripolah anu bisa diukur jeung atawa diobservasi tur sifatna spesifik, disebut...
- A. SKL
 - B. KI
 - C. KD
 - D. Indikator
31. Peraturan Mendiknas anu raket patalina jeung Standar Sarana Prasarana, nyaéta ieu di handap, *iwal ti*
- A. Permendiknas No. 24 taun 2007 ngeunaan Sarana jeung Prasarana pikeun SD/MI, SMP/Mts, jeung SMA/MA.
 - B. Permendiknas No. 40 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana Prasarana pikeun SMK jeung MAK.
 - C. Permendiknas No. 33 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana pikeun SLB.
 - D. Permendikbud No 104 taun 2014 ngeunaan Penilaian pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah.
32. Lahan efektif nyaéta lahan anu digunakeun pikeun ngawangun infrastruktur prakték diajar. Lahan sakola anu nedunan standar kaamanan nyaéta ieu di handap
- A. lahan sakola miboga akses pikeun nyalametkeun dina kaayaan darurat.
 - B. lahan sakola deukeut rel kareta api jeung walungan
 - C. lahan sakola deukeut jeung gangguan pencemaran air
 - D. lahan sakola deukeut jeung pamiceunan runtah
33. Wangunan sakola nedunan syarat kasehatan, nyaéta...
- A. miboga ventilasi jandela, lampu anu sugema
 - B. sanitasi cai kurang hade
 - C. saluran cai beresih jeung kotor ngahiji
 - D. wc siswa lalaki jeung awewe ngahiji
34. Dumasar kana Permendikbud Nomer 2013 taun 2014 ngeunaan Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Pendidikan Menengah Pedoman Pelaksanaan Pembelajaran, wangenan téh nyaéta prosés interaksi antarsiswa, antara siswa jeung tanaga pendidik, ogé jeung sumber diajar dina hiji lingkungan diajar.
- A. rancangan pangajaran

- B. pangajaran
 - C. penilaian
 - D. remedial
35. Pikeun ngahontal kualitas anu geus dirarancang dina dokumén kurikulum, kagiatan diajar perlu ngagunakeun prinsip-prinsip ieu di handap, *iwal ti.....*
- A. siswa diajar tina rupa-rupa sumber diajar
 - B. prosés diajar ngagunakeun pamarekan ilmiah.
 - C. pangajaran berbasis kompeténsi
 - D. pangajaran neueur kana jawaban anu homogen
36. Titénan struktur carita anékdote ieu di handap:
- 1) Ajengan Ahur boga kabiasaan matuh. Lamun ceramah hésé eureun.
 - 2) Muncul rupa-rupa koméntar kana kabiasaan ceramah Haji Ahur.
 - 3) Haji Ahur kudu ceramah dina acara nyérénkeun Jang Badru, nu hadir geus tatan-tatan nyanghareupan pidato nu bulak-balik.
 - 4) Tapi harita mah teu disangka-sangka pidato Haji Ahur ukur sauted jeung patri.
 - 5) Hadirin patinggalagak seuri, nepi ka balandongan ngaguruh.
- Bagian tina struktur di luhur anu mangrupa oriéntasi nyaéta
- A. bagian 1)
 - B. bagian 2)
 - C. bagian 4)
 - D. bagian 5)
37. Dina téks anékdote nu disebut réaksi téh nyaéta
- A. ngawanohkeun naon nu dipilampah ku tokoh utama
 - B. peristiwa nu kaalaman ku tokoh utama
 - C. suasana dilématis atawa masalah nu disanghareupan tokoh utama
 - D. panutup carita
38. Téks anu eusina ngadadarkeun léngkah-léngkah nu kudu dipigawé ngarah hiji pagawéan atawa prosés bisa dijalankeun keur ngahontal hiji tujuan, disebut
- A. téks prosédur
 - B. ték eksemplum
 - C. téks déskripsi
 - D. téks éksposisi

39. Bédana téks prosédur komplék jeung téks prosédur basajan téh lebah
- A. rumit henteuna masalah nu disanghareupan
 - B. rumit henteuna léngkah-léngkah nu kudu dijalankeun
 - C. beurat henteuna topik nu dibahas
 - D. rumit henteuna nu nyusun téks nangtukeun rposédur
40. Padika ngadongéng ceuk Elin Syamsuri, saperti ieu dihandap iwal ti ...
- A. kudu apal kana lalakon.
 - B. kudu ngabogaan téhnik vokal anu hadé.
 - C. kudu apal kana kasangtukang nu ngarang
 - D. kudu maké éksprési anu méréhah.

PANUTUP

Kompetensi guru basa Sunda sanggeus maca, nalungtik, jeung nyawalakeun pedaran materi anu aya dina modul *Program Guru Pembelajar Basa Sunda Grade 4* téh sacara gurat badag ngawengku kompetensi pedagogik jeung profesional. Kompetensi pedagogik ngalatih guru sangkan nyangkem: Rasional Mekarkeun Kurikulum 2013, SKL, KI, KD, IPK Basa Sunda, Nyusun RPP Basa Sunda, Prakték Ngajar Basa Sunda nu Luyu jeung Standar Kaamanan. Kompetensi profesional ngalatih guru sangkan mampuh nyangkem jeung parigel ngajarkeun: Struktur jeung Kaédah Téks Diskusi, Struktur jeung Kaédah Téks Eksemplum, Struktur jeung Kaédah Téks Anékdote, Struktur jeung Kaidah Teks Prosedur Komplék, Wangun jeung Unsur Intrinsik Dongéng, jeung Kaparigelan Ngagunakeun Basa (Bagian IV).

Sanggeus Sadérék ngawasa eusi ieu modul, dipiharep mampuh ngaronjatkeun kinerja salaku guru basa Sunda anu profesional tur kompetén luyu jeung pamedih paneka jaman. Guru basa Sunda anu profésional mampuh nyangkem mekarna parobahan kurikulum, konsep materi, tur cara ngajarkeunana. Saterusna, Sadérék bisa ngalaju kana maca jeung nyawalakeun Modul PKB Basa Sunda Grade 5.

DAFTAR PUSTAKA

- Danadibrata, RA. 2006. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat Utama.
- Dirjen Manajemen Pendidikan Dasar dan Menengah kerjasama dengan Braillo Norway IDP Norwayler International dan Helen Keller. 2007. *Tulikit LIRP Merangkul Perbedaan: Perangkat untuk Mengembangkan Lingkungan Inklusif, Ramah terhadap Pembelajaran*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional.
- Ekadjati, Edi S., dkk. 1985. *Naskah Sunda Lama Kelompok Babad*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud.
- Haerudin, Dingding. 2012. *Panganteur Kaparigelan Nyarita*. Bandung. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI Bandung. 2008. *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Press.
- Kemdiknas. 2008. Permendiknas No. 24 taun 2007 ngeunaan Sarana jeung Prasarana pikeun SD/MI, SMP/Mts, jeung SMA/MA.
- Kemdiknas. 2008. Permendiknas No. 40 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana Prasarana pikeun SMK jeung MAK.
- Kemdiknas. 2008. Permendiknas No. 33 taun 2008 ngeunaan Standar Sarana pikeun SLB.
- Kemdikbud. 2013. Permendikbud No. 54 Tahun 2013 tentang Standar Kompetensi Lulusan SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK.
- Kemdikbud. 2013. Permendikbud No. 103 Tahun 2013 tentang Pembelajaran pada Pendidikan Dasar dan Menengah.
- Kemdikbud. 2013. Permendikbud No. 104 Tahun 2013 tentang Penilaian pada Pendidikan Dasar dan Menengah.
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda. 1995. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Tarate.
- Maryanto, dkk. 2014. *Bahasa Indonésia, Ekspresi Diri dan Akademik, untuk Kelas X*. Jakarta: Kemendikbud RI.
- Massitoh, dkk. 2007. *Stratégi Pembelajaran TK*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Mustappa, Abdullah, dkk. 1995. *Sajak Sunda Indonzsia Emas*. Bandung: Geger Sunten.
- Nurdiyantoro, Burhan. (2001). *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BPF.-Yogyakarta.

- Pergub No. 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah.
- Romli HM, Usep. 2014. *Jurig Congkang Bisul na Bujur*. Bandung: Green Smartbook Publishing,
- Rosidi, Ajip. 1989. *Haji Hasan Mustapa jeung Karya-karyana*. Bandung: Pustaka Salman.
- Rusyana, Yus. 1984. *Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan*. Bandung: CV Diponegoro.
- . 1994. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Sacadibrata, 2005. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat
- Solehuddin, M. 2000. *Konsep Dasar Pendidikan Prasekolah*. Bandung: Fakultas Ilmu Pendidikan UPI.
- Sudaryat, Yayat, spk. 2007. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Sujono, Yuliani Nurani. 2007. *Buku Ajar Konsep Dasar Pendidikan Anak Umur Dini*, Jakarta: Universitas Negri Jakarta.
- . 2007. *Metode Pengembangan Kognitif*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Sumarsono, Tatang. 1986. *Ulikan Sastra*. Bandung: Medal Agung.
- Tampubolon, D.P. (2008). *Kemampuan Membaca: Teknik Membaca Efektif dan Efisien*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, HG. 1981. *Berbicara Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- 1983. *Menulis Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- 1984. *Membaca Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- 1989. *Menyimak Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Undang-Undang Sistem Pendidikan Nasional Nomor 20 Tahun 2003.
- Wibisana, Wahyu. 1983. *Aker Dangsé*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- . 2010. *Geber-geber Hihid Aing*. Bandung: Pustaka Sunda.
- Yamin, Martinis. 2010. *Panduan Pendidikan Anak Umur Dini*. Jakarta: Gaung Persada.
- Yusuf, S. 2001. *Psikologi Perkembangan Anak dan Remaja*. Bandung: Rosdakarya.
- Zabadi, Fairul, dkk. 2014. *Bahasa Indonésia, Wahana Pengetahuan, untuk Kelas VIII SMP/MTs*. Jakarta: Kemendikbud RI.

GLOSARIUM

- ABK:** Anak Berkebutuhan Khusus, nyaéta siswa anu miboga bangbaluh fisik, sosio-emosional, intelektual, konsentrasi, atawa paripolah.
- Kompeténsi Inti (KI):** tingkat kamampuh pikeun ngudag SKL anu kudu dipimilik ku siswa SD/MI, SMP/MTs., SMA/MA, jeung SMK/MAK dina hiji tingkat atikan. KI dirancang pikeun unggal kelas.
- Kompeténsi Dasar (KD):** konten materi anu kudu diajarkeun ka siswa anu dirumuskeun pikeun ngahontal Kompeténsi Inti (KI). Rumusan KD dimekarkeun ku cara niténan karakteristik jeung kamampuh siswa.
- IPK:** Indikator Pencapaian kompetensi nyaéta: a) paripolah anu bisa diukur jeung/atawa diobservasi pikeun kompetensi dasar (KD) dina Kompeténsi Inti (KI)-3 jeung KI-4; jeung b) paripolah anu bisa diobservasi pikeun nedunan KD dina KI-1 jeung KI-2, anu jadi acuan panilaian mata pelajaran.
- Lahan efektif:** lahan anu digunakeun pikeun ngawangun infrastruktur prakték diajar.
- PISA:** *Program for International Student Assessment (PISA)*: Assesmen anu fokus kana literasi bacaan, matematika, jeung IPA di 65 nagara.
- SDM** umur produktif: umur 15 -64 puncakna dina taun 2020-2035, nu angkana nepi ka 70%.
- SKL:** kritéria kualifikasi kamampuh lulusan anu ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan.
- Standar Isi:** ngawengku KI jeung KD, nyaéta kritéria ngeunaan ambahan matéri jeung tingkat kompetensi pikeun ngahontal kompetensi lulusan dina jenjang jeung jenis pendidikan anu tangtu.
- Standar Proses:** patali jeung prosés diajar-ngajar. Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik Modél pangajaran téh hiji wangun pangajaran anu miboga ngaran, ciri, sintak, aturan, jeung budaya, saperti: *discovery learning, project-based learning, problem-based learning, inquiry learning*.
- Standar Penilaian:** Standar Penilaian dina Kurikulum 2013 méré sarat ngagunakeun penilaian autentik (*authentic assesment*).

Teks Anekdote: carita anu pondok jeung singget, sarta dipikaresep lantaran eusina anu matak pikaseurieun, biasana ngeunaan jalma penting atawa sohor tur dumasar kana kajadian nu saenyana.

Teks Prosedural Kompleks: téks prosédur (*procedure*) téh nyaéta téks anu eusina ngadadarkeun léngkah-léngkah nu kudu dipigawé ngarah hiji pagawéan atawa prosés bisa dijalankeun keur ngahontal hiji tujuan kalawan tartib.

TIMSS: *Trends in International Mathematics and Science Study (TIMSS)*: Assesmen anu fokus kana nyangkem: informasi anu kompleks, tiori analisis, jeung ngungkulan masalah, ngagunakeun alat/ pakakas, prosedur, jeung ngalakukeun investigasi.